# ДУЎА ЕТКЕН ҲАЯЛДЫҢ КҮШИ



Сторми Омартиан

# СӨЗ БАСЫ

Сторми менен көп жыллық некемиз ҳаққында айтып отырып, мен айырым ўақытлары былай ҳәзиллесемен: «Бул мен ушын 25 жыллық парасатлылық, ал ол ушын 25 жыллық хорлық болды». Бизлердиң 25 жыллық некелик өмиримизден кейин, Сторми ушын мениң қурамалы жекелигимнен ҳеш қандай сыр қалмады. Ол ҳәммесин: мениң көтерилиуимди, қулаўымды, мениң гүресимди, қорқыныш ҳәм үмитсизликлеримди көрди. Мениң ер, әке ҳәм сазенде сыпатында қәлиплескен жағдайыма гүманланыўына онда көп тийкарлар бар еди. Ол мениң Қудай мениң алдымда тик турмайды, — деп өкпелегенимди көрди. Ол Қудайдың күлден бир нәрсени жаратып, оны алтынға айландырған кәраматын да көрди. Бул жолдағы ҳәр бир адым, оның дуўасы арқалы иске асып барды. Бул китап Стормидиң усы жыллар даўамында жыйналған тәжирийбелери тийкарында жазылған. Мен өмиримди оның жубаныш ҳәм қәуипсизлик сезимин беретуғын, сондай-ақ Қудайдың бир-биреўимиз ушын дуўа етиў ҳаққындағы буйрығын орынлаўға жәрдем беретуғын оның дуўаларысыз қандай болғанын көз алдыма келтире алмайман. Мен күйеўиме деген ҳақыйқый сүйиспеншиликти билиў — бул ол ушын бәрҳама дуўа етиўден ибарат деп ойлайман ҳәм буннан басқа жолды көз алдыма келтире алмайман. Бул қымбат баҳалы сый, оған Қудайдың жарылқаўының ҳәм мийриминиң қуўанышын билиўге жәрдем береди.

Сторми, мен сени сүйемен.

*Сениң дуўаларыңның күшин ҳәм мийримин билген*
*күйеўиң, Майкл*

*Мен бул китапты дуўа етип сорағанымнан да анағурлым көбирек нәрселерди берген өмирлик жолдасым Майклға сүйиспеншилик пенен арнайман. Бизлер екеўимиз де дуўа етиўдиң күшин түсинип жеттик.*

# МИННЕТДАРШЫЛЫҚЛАР

Мен мына адамларға айрықша рахметимди айтаман:

- Бул китап үстинде жумыстың көбирек бөлегин өзине алған мениң хаткерим ҳәм жәрдемшим С'юзан Мартинеске. Сениң сиңлилик сүйиспеншилигиң, дослық садықлығың, билимлигиң менен бай ҳәм сақый дуўа етиўлериң, биргеликте ислеген жумсымызға өзиңди толық бағышлаўың мен ушын баҳасыз сый болды.
- Мен сыяқлы күйеўи ушын Қудайға жылап дуўа етип, өзиңнен кешиў қандай қыйын екенин түсинген, мениң менен бирге дуўа еткен досларыма. Сизлер Қудайға исенип, садықлық пенен дуўа етпегениңизде, бул китап болмас еди. Мен сизлерди жүрегимде бәрҳа қымбат баҳалы байлықтай сақлайман.
- Қызым Менди ҳәм улым Криске, арамыздағы қарым-қатнас идеал болмаса да, бизлерди, яғный ата-анаңызды сүйгениңиз ушын миннетдаршылық билдиремен. Мен Майкл менен бизлердиң машқалаларымыздың шешиминиң дуўа етиўде екенин билместен алдын, көз алдыңызда урысқанымыз ушын өкинемен. Бизлер үйренген барлық жақсы нәрселерди сизлер жеке некелик қарым-қатнасыңызда қолланыўыңыз ушын дуўа етемен.
- Ата-анасы аспанда болғанына қарамай, мени өзиниң анасындай қабыл алғаны ушын мениң тазадан болған балам Джон Дэйвид Кендрикке миннетдарман. Сен бизлер ушын өткен жыллар даўамында

жетиспеген мүтәжлигимиз единң, бирақ сен өмиримизге кирместен алдын бизлер буны билмеген едик.

- Пастор Джек ҳәм Анна Хейфорд, пастор Дейл ҳәм Джоан Эвристке, сизлер маған дуўа етиўди үйреткенигиз ҳәм ҳақыйқый некениң сырын ашқаныңыз ушын миннетдарман.
- Мениң Harvest House тағы барлық шаңарақ ағзаларыма: үлкен Боб Хокинске, кишкене Боб Хокинске, Билл Дженсенге, Джули Мак-Киннге, Тереза Эвенсонға, Бетти Флетчерге ҳәм Лара Уэйкертке, бул китап жазыўда белсене қатнасқаныңыз ҳәм басып шығарыўда қосқан үлесиңиз ушын, ҳәммеңиз жүрегимниң қуўанышысыз, бирақ мен ушын айрықша қуўаныш баспаның басқарыўшысы — Кэролин Маккридиге. Сизлердиң жәрдемиңиз ҳәм қоллап — қуўатлағаныңыз ушын миннетдарман.
- Мен тәжирийбели көз-қарасын ҳәм күшли ақылын қәдирлеген, мениң баспашым Холли Хэлверсонға.
- Том ҳәм Пэтти Бруссоға, Майкл ҳәм Терри Хэрритонға, Ян ҳәм Дейв Уиллиамсонға, сондай-ақ, Дейв ҳәм Присцилла Наварроға қатнасы ушын, өмирлик тәжирийбесин бөлискени ҳәм ҳаялдың дуўасының күши неде екенин тәжирийбеде көрсеткени ушын миннетдарман.

*Парасатлы ҳаялды ким таба алады? Ондай ҳаялдың баҳасы гәўҳардан да жоқары. Күйеўи оған жүректен исенеди ҳәм ҳеш нәрсеге мүтәж болмайды.; Ол күйеўине жаманлық емес, ал бир өмир жақсылық қылады*

*Сулайман. нақ. мақ. 31:10–12*

# ДУЎАНЫҢ КҮШИ

Алдын — ала мен ҳаялдың өз дуўасының күшине күйеўи үстинен қадағалаўды орнатыў усылындай қараў керек емеслиги ҳәм өзиңди өтирик үмит пенен қызықтырмаўыңды айтқым келеди. Ҳақыйқатын айтқанда, ҳәммеси керисинше. Дуўаның күши өзиңнен кешиў, өзиңниң күшиң ҳәм имканиятыңа болған шағымларыңнан толығы менен Қудайдың сени, күйеўиңди, өмириңизди ҳәм, әлбетте, некеңизди өзгерте алатуғын күшине толық исениўден ибарат. Бул күш қайсар ҳайўанды бойсындырыў (ямаса жылаўсыз) мақсетинде қамшы болыў ушын берилмейди. Бул күш-қайта тиклениўдиң жумсақ қуралы болып, ол тек ғана ҳақ болып қалмастан, соның менен бирге туўры ҳәрекет ететуғын, алғанға қарағанда көбирек беретуғын ҳаялдың дуўасы арқалы жүз береди. Тек усындай жол менен ғана Қудайдан күйеўиңиздиң өмирине кирип жарылқаўын сораң, бул жарылқаў ақырында сизге де бериледи.

Бизлер Майкл менен турмыс қурғанымызда ҳәм арамызда урыслар пайда болғанда, мен дуўа ҳаққында көп ойламайтуғын едим. Мен онда өзимниң соңғы үмитимди көрдим. Мен түрли усылларды бастан өткердим: урыслар, тартыслар, жалыныў, қашыў ҳәм белгили усыллардың бири болған үндемеў. Дуўа етиў арқалы усындай жағымсыз тәсир етиў усылларысыз-ақ жасаўға болатуғынын түсиниў ушын маған ўақыт керек болады.

Бүгин сен бул китапты оқып атырған ўақтыңда, бизлер Майкл менен 25 жылдан көбирек ўақыт некеде боламыз. Бул кәраматтан басқа ҳеш нәрсе

емес ҳәм бунда бизлердиң азғантай да болса мийнетимиз жоқ, булардың ҳәммеси дуўаларымызға жуўап берген Қудайдың мийрими себепли болды. Көп жыллардан кейин де, мен буларды үйренип атырғанымды ҳәм бул нәрсениң жеңил емеслигин мойынлайман. Мен алдыңғыдай бүгин де қәтелесермен, бирақ мен дуўаның ҳәрекет етип атырғанын исенимли түрде айта аламан.

Тилекке қарсы, мен балаларым ушын дуўа етип болмастан алдын, күйеўим ушын дурыс дуўа етиўди билмейтуғын едим. Мен балаларыма еткен дуўаларыма Қудайдан әҳмийетли ҳәм терең жуўаплар алғанымда, күйеўим ушын да жалынлы дуўа етиўди мақул таптым. Бирақ, билсем, балалар ушын дуўа етиў жеңилирек екен. Олар туўылғанынан баслап бизлер оларға шын жүрегимиз бенен ең жақсы нәрселерди тилеп, олардың өмиринде қатнасамыз. Бирақ, күйеўиңе келгенде бул нәрселер аңсат кешпейди, әсиресе, некелик өмирдиң қыйыншылықларын кеширген болсаң. Күйеўиң сени өзиниң бийпарўалығы, итибарсызлығы менен қапа қылыўы мүмкин, ол қопал болып, ашыўыңызға тийиўи мүмкин. Ол жүрегиңе ийне сыяқлы киретуғын сөзлерди айтыўы мүмкин ҳәм сен ҳәр сапары дуўа етип баслағаныңда бул ириңлесип атырған жараның қалай аўырғанын сезесиз. Жүрегиңиздеги бул «ийнеден» қутылмағаныңызша, Қудайға жүрегиңизди ылайықлы түрде аша алмайтуғыныңыз анық.

Күйеўиң ушын дуўа етиў балаң ушын дуўа етиўдей емес, (олар бирдей болып көрингени менен) себеби сен күйеўиңниң анасы емессең. Бизлерге Қудайдан балаларымызды басқарыў бийлиги берилген, бирақ күйеўимизди басқарыў бийлиги берилмеген. Бирақ бизлерге душпанның пүткил күш-қүдиретин жеңиўге бийлик (Лука 10:19) берилген ҳәм бизлер душпанымыздың жобаларына дуўамыз арқалы үлкен зыян келтире аламыз. Некедеги қарым-қатнаста пайда болатуғын көплеген машқалалар душпанның некени жоқ етиўдеги жобасының бир бөлеги болып есапланады. Бирақ, бизлер былай айта аламыз:

- Мен некемди бузыўға ҳеш нәрсеге ҳәм ҳеш кимге жол қоймайман.

- Күйеўимди ҳақыйқатлық жолынан адастырып атырғанына қарап турмайман.
- Бизлердиң ортамызда көринбес дийўалдың бой тиклеп атырғанына бийпәрўа қарап турмайман.
- Мен бир-биримизден узақласыў, бир-биримизди түсинбеў ямаса надурыс таңлаў татының бизлер бирге қурып атырған нәрселерди басыўына жол қоймайман.
- Бизлерди айырылысыўға ийтермелеп атырған кеширим бериў қәлеўиниң жоқ екенлигин ҳәм аўырыўларды тән алмайман.

Бизлер некемизге қарсы болған ҳәр қандай кери тәсирлерге қарсы шыға аламыз ҳәм Қудай Өзиниң аты ушын некемизди сақлаўға күш беретуғынына исенемиз.

Сениң өзиңниң некеңниң әтирапына қорғаўшы дийўал қойыў ушын нәрселери бар, себеби Ийса былай деген еди: «Сизлерге шынын айтып турман: сизлер жер бетинде нени байласаңыз, сол аспанда да байланады, және де, сизлер жер бетинде нени шешсеңиз, сол аспанда да шешиледи» (Матта 18:18). Сенде Ийсаның аты менен жаўызлықты тоқтатыў ҳәм жақсылыққа жол ашыў бийлиги бар. Өз дуўаларыңда сен Қудайға күйеўиңниң ҳақыйқый өмир кеширийине кесент ететуғын: мәскүнемлик, жумысқа берилип кетиўшилик, ериншеклик, руўхы түсиўшилик (ямаса түскинлик), әззи минезлилик, адамлар менен шығысып кете алмаўшылық, бәрҳама қәўип сезиў, қорқыныш ямаса бәрқулла әўметсизлик сыяқлы нәрселер ҳаққында айтып, оның бул нәрселерден қутылыўы ушын дуўа етсең болады. Оның булардан қутылыўы ушын дуўа етиў керек.

## Өз некеңди өлимге ҳүким етиўге асықпа...

Мен күйеўимнен бөлек жасаў, ҳәтте, оның менен ажырасыў ҳаққында қашанлардур ойлағанымды ҳәзир ашық мойынлай аламан. Бүгин бундай шешим мен ушын мақул емес, себеби мен бахытсыз некениң машқаласын

шешиўге еки жол да туўры келмейди, деп ойлайман. Мен Қудайдың ажырасыў ҳаққындағы сөзине исенемен. Бул жолдың Оған унамайтуғынын ҳәм Оны қатты иренжитетуғынын билемен. Мен дүньядағы ҳәмме нәрседен бетер Қудайды иренжитким келмейди. Дурыс шешим қабыллаў уқыбын жоқ қылатуғын үмитсизлик сезими мен ушын жақсы таныс. Мен адамға дурыс ҳәрекет ислеў ушын ҳәр қандай урыныўлардан бас кештиртетуғын үмитсизлик басқышын көрдим. Мен жалғызлықтың сондай тереңликлерин билемен, онда сол тереңликте қалған жаныңыз өзине үңилип, сизди көриўши адамға талпынады. Мен қатты аўырыўды басымнан кеширдим ҳәм сол себепли өлип қалыў қорқынышы, маған жасаў ушын жалғыз усылды ислеўге бул аўырыўдың тийкарынан қутылыўға мәжбүрледи. Үмитсизлик тәрепинен айтылған нәрселерди ислеўдиң не екенин билемен, себеби сениң келешегиң жоқ. Мен күннен-күнге жаман сезимлерди басымнан өткердим ҳәм тек ажырасыў ғана жеңиллик береди деп ойладым.

Бизлердиң некемиздеги үлкен машқала — күйеўимниң қызба минези еди. Оның жалғыз нышанасы — мен ҳәм балаларым еди. Оның сөзлери мениң ишимдеги ҳәмме нәрсени музлататуғын еди. Мен гүнасыз болдым деп айта алмайман. Керисинше, «мен оннан көбирек айыплыман» — деп исенетуғын едим, бирақ ҳәммесин қалай жөнге салыўды билмейтуғын едим. Мен бәрҳа Қудайдан күйеўимниң минезин жумсартыўын, оның мүләйим ҳәм тыныш болыўы ушын сорайтуғын едим, бирақ ҳеш қандай өзгеристи көрмедим. Расында да, Қудай мени еситпегени ме? Менде: «Ол ҳаялға қарағанда күйеўди жақсы көрмей ме екен?» — деген гүманланыў пайда болды.

Бир неше жыл даўам еткен усындай өмирден кейин мен Қудайға жылап: «Қудайым, артық мен бундай жасай алмайман. Ажырасыў ҳаққында сениң не айтқаныңды билемен, бирақ мен бул адам менен бир үйде жасай алмайман. Қудайым маған жәрдем бер», — деп мурәжат еттим. Мен, ҳәтте, қолыма Мухаддес Китапты алып, саатлап отырдым ҳәм балаларымды алып кетип қалыў тилеги менен қатты гүрестим. Мениң аўырыўдан шыққан

ҳақыйқый ыңырсыўларымды еситип, Қудай маған ажырасқаннан кейинги өмиримди ашық-айдын көрсетти ҳәм менде пайда болатуғын машқалалар, яғный, пул ислеп табыў ҳәм балаларды бағыў, досларымнан қайсысы мениң менен бирге қалады ҳәм ең қорқынышлысы — ажырасыў қызым ҳәм баламның психикасына қалай тәсир ететуғынлығы ҳаққында ойладым. Көз алдымдағы көринис қатты қорқынышлы еди. Егер мен кетсем, бәлким, маған жеңил болар, бирақ бул маған қәдирли болған нәрселерди жойтыў есабынан болады. Қудай Майкл екеўимизге бундай жолды таярламағанын мен билетуғын едим.

Мен сол жерде отырғанымда, Қудай маған мынаны ашып берди: егер мен өз ерким менен Оның тахтына өзимниң өмиримди қойсам, күйеўимнен кетиў пикиринен ўаз кешсем ҳәм барлық мүтәжликлеримди Оған исенип тапсырсам, өмиримди Майкл ушын дуўа етиўге бағышлаўды үйретеди. Ол маған күйеўим ушын Қудайдың баласы ушын сорағандай сораўым керек-лигин көрсетеди ҳәм сол ўақытта Ол мениң некемди тиклеп баратуғынын ҳәм екеўимизге де жарылқаўын жаўдыратуғынын айтады. Егер бизлер бунннан бөлек - бөлек емес, ал екеўимиз бирге усы машқалалардан өтсек, бизлер екеўимиздиң де аўҳалымыз жақсырақ болады. Қудай маған Майклдың өзгериўине кесент етип атырған оның өткен өмирине қатты байланғанын көрсетти. Егер мен разы болсам, Қудай мени азат етиў қуралы сыпатында қолланады. Разы болыў жүдә аўыр еди ҳәм мен көп жыладым, бирақ мен разы болған ўақтымда, көп жылдан бери биринши мәрте менде үмит пайда болды. Мен ҳәр күни алдын ислемеген нәрсени иследим, яғный Майкл ушын дуўа етип басладым. Бирақ ҳәр сапары өзимниң гүналарым ушын жүректен тәўбе етиўиме туўра келди. Мен өзимде қапашылық пенен өкпениң қаншелли тереӊ кеткенлигин көрдим. Мен күйеўим ушын дуўа етким келмейди. Мен Қудайдан оны жарылқаўын сорай алмайман. Мен, Қудай оның жүрегин жылдырымдай тесиўин ҳәм оның жаўызлығын әшкаралаўын қәлеймен, — деп ойладым. Мен және былай қайталадым: «Қудайым, мен күйеўимди кешире алмайтуғынымды мойынлайман. Маған кешириўди үйрет».

Аз болса да, мен екеўимиздеги өзгеристи сезе басладым. Майкл ашыўланып бақырғанда, мен әдеттегидей ашыўланыўдың орнына, ол ушын дуўа еттим. Мен Қудайдан оның ғәзебиниң себебин көрсетиўин сорадым ҳәм буны Ол көрсетти. Мен жағдайды өзгертиў ушын не ислеўим керек екенин сорағанымда, Ол маған үйретти. Ашыўдың ушқынлары азайды ҳәм даўам етиўи пәсейди. Күнделикли дуўаның жәрдеминде қандай да жақсы нәрселер туўылатуғын еди. Бүгин бизлер минсизликтен еле узақтамыз, бирақ бизлер узақ жолды басып өттик. Бул жол аўыр еди, бирақ мен Қудайдың жолында жүриў ушын күш керек екенине исенемен, себеби бул некелик қатнасты басқарыўдағы жалғыз жол.

Ҳаялдың күйеўи ушын дуўа етиўиниң күши, ҳәттеки, анасының баласы ушын дуўа етиў күшине қарағанда көбирек (мени кешириң, апа). Әлбетте, анасының перзенти ушын сораған дуўасынан күшли ҳеш нәрсе жоқ, бирақ үйленгеннен кейин еркек ата-анасын қалдырып, өз ҳаялына қосылады ҳәм екеўи бир дене болады (Матта 19:5 — қа қараң). Енди олар руўхый бирликте қосылған бир топар. Күйеўи менен ҳаял бирлигиниң күши Қудайдың көз алдында некеден тысқары болған күштен жоқары. Буның себеби, ерли-зайыплылардың дуўасына күш берип, бириктиретуғын — Мухаддес Руўх.

Соның ушын дуўа етпеў мүмкин емес, себеби картаға көп нәрсе қойылған. Сиз денеңиздиң тек оң жағы ушын дуўа етиўди көз алдыңызға келтире аласыз ба? Егер бир бөлеги қуўатлаў ҳәм қорғаўдан бос қалған болса, ол жоқ болады, онда бул жағдай денениң екинши бөлегине де тийисли. Буны сен ҳәм сениң күйеўиңниң мысалында да көрсек болады. Егер сен өзиң ушын дуўа етип, бирақ ол ушын дуўа етпесең, онда сен қәлеген нәрсеңди ҳәм руўхый пүтинликти ала алмайсаң. Оның менен жүз берген нәрсе, сениң менен де жүз береди ҳәм буннан қашып қутыла алмайсыз.

Бизлердиң ерли-зайыплы болғандағы руўхый бирлигимиз бизлерди ҳәлсиретиўге түрли усыллар ойлап табатуғын душпанларға жақпайтуғын күш береди. Ол бизлерди түрли усыллар менен жолдан урғысы келеди,

мысалы: өзиңди пәс баҳалаў, көкирек болыў, бәрҳа биринши болыўға талпыныў, унамсыз танысыўлар ямаса жеке ҳәлсизлигиңе берилиў. Ол саған өтирик айтып былай дейди: «Ҳеш нәрсе өзгермейди», «Сениң қолыңнан ҳеш нәрсе келмейди», «Жасаўға ҳеш қандай үмит жоқ», «Сен басқа адам менен бахытлы болыўың мүмкин». Сениң исениўиң ушын ол исендиретуғын болады, себеби ол сен исенсең некең бузылатуғынын биледи. Егер сен бул өтириктиң үлкен бөлегине исенсең, сениң жүрегиң Қудайдың ҳақыйқатына қарсы тасқа айланады.

Бузылған некениң қәлеген бирин алып қарасақ, онда олардың кем дегенде бир тәрепи Қудайға қарсы турады. Жүрегиңди қасарыстырып, сен жағдайды Қудайдың көзи менен көриў қәбилетин жойтасаң. Бизлер некеде бахытсыз болсақ, оннан шығып кетиў ушын қәлеген нәрсеге асыламыз, бирақ көринисти толығы менен көре алмаймыз. Бизлер тек үстиртин турғанды қабыллаймыз, бирақ Қудайдың бизлерге деген ерки ҳәм бул жағдайдағы бизлердиң орнымыз бизлер ушын жасырын қалады. Бирақ, бизлер дуўа еткенимизде жүреклеримиз Қудайға қарап *жумсарады* ҳәм көзлеримиз ашылады. Бизлер үмитти көрип баслаймыз, себеби Қудай бизлердиң некемиздеги сынған ҳәм жоқ болған нәрсени тиклеўге жәрдем беретуғынына исенемиз. Ол былай дейди: «Саған қурт-қумырысқалар ҳәм гүбелек қуртлар жеген жылларыңды беремен» (Иоел 2:25). Бизлер Оған исенип, Оннан бизлерди аўырыў ҳәм толық исенимсизлик сезиминен қутқарыўды, жүрегимизди жаўызлықтан емлеўди ҳәм бизлерге кешириўди үйретиўди сораўымыз мүмкин. Бизлер күлден сүйиспеншилик келтирип шығара алатуғын Қудайдың күшине исениўимиз мүмкин.

Ийсаны атанақ ағашқа шегелегеннен үш күн өткен соң, Магдалалы Мариямның Оның қәбирине барғанда, Оның өли емес, ал Қудайдың күши менен қайта тирилгенин көргени есиңизде ме? Сол ўақытта оның жүреги қандай қуўанышқа толған еди? Өлиниң тирилгенин көргенде руўхыңды толтыратуғын қуўаныштан күшлирек не болыўы мүмкин! Ийсаны тирилткен күш бүгин сизиң некеңизди тирилтиўи ҳәм оны жаңа

өмирге толтырыўы мүмкин. «Қудай Ийемизди өлимнен қайта тирилтти. Сол сыяқлы, Ол бизлердиң денемизди де Өз қүдирети менен тирилтеди» (Коринф. 1-х 6:14). Буны ислейтуғын басқа күш жоқ. Бирақ бул тек Қудайға жүрегиң толық талпынғанда, сүйиспеншиликтиң тирилиўин күтиўдеги аўыр жолды өтиўге сөзсиз таяр болғанында ғана жүз бериўи мүмкин, себеби қуўанышқа жол қайғы арқалы өтеди.

*Сен* некеңниң тәғдирин өзиң шешиўиң керек ҳәм оның тиклениўи ушын зәрүр болған ҳәмме нәрсени ислейтуғыныңа таяр екенлигиңди айтыўың керек. *Сен* аўырыў, бийпәрўалық ҳәм өзин ойлаў менен жоқ болған некеңниң тиклениўи мүмкин екенине ҳәм сени өзине тартқан қәлеген машқала — зорлық, балаңыздың өлими, некеге садықсызлық, жарлылық, жақын адамыңды жойтыў, қатты аўырыў ямаса бахытсыз ҳәдийселер өзиниң өлтириўши зәҳәринен айрылыўы мүмкинлигине исениўиң керек. *Сен* күйеўиң менен сени ажыратып турған түрли тосқынлықлар, яғный, мәскүнемлик, наркотиклер ямаса жаман кейпиятлар жоқ болыўы мүмкин екенине де исениўиң керек. Күйеўиң менен қатнасыңның арасына қандай апатлар әсте кирмесин, өмириңизде қандай бутлар (карьера, әрманлар, балалар ямаса өзин ойлаў сезимлери) пайда болмасын, бил, буның ҳәммеси жоқ болыўы мүмкин. Исен, сениң өмириңде буны ҳәм буннан басқа да көп нәрселерди ислеўге Қудайдың күши жетеди.

Егер бир күни азанда уйқыдан турып, қасыңда жатырған күйеўиң сен ушын жат адамға айналғанын түсинсең, сен руўхый байланысыңыздың барлық жибин үзип атырған үнсиз жек көриўди сезсең, сен сүйиспеншилик ҳәм үмиттиң аз-аздан жоқ болып атырғанын көрсең, күннен-күнге тек ғана қайғы беретуғын қарым — қатнасыңыз аўырыў ҳәм азапқа толы болса, ҳәр бир айтылған сөз ортаңызға үлкен тосық қойса, онда бул Қудайдың ерки емеслигине исен. Қудай ортаңыздағы барлық тосықларды алып таслағысы ҳәм некеңизди тиклеўди қәлейди. Ол жараны емлеп, жүрегиңе сүйиспеншилик бере алады. Буны Оннан басқа ҳеш нәрсе ҳәм ҳеш ким ислей алмайды.

Бирақ сен орныңнан турып, былай деп айтыўың керек: «Қудайым, мен бул тартыстың жуўмақланыўын ҳәм күйеўим менен ортамыздағы қыйратыўшы дийўалды жоқ қылыўыңды соранаман. Бизлер қорғаныў ушын пайдаланыўға ҳәрекет етип атырған аўырыў ҳәм жек көриўшиликтен бизлерди қутқарагөр! Бизлерге кешириўди үйрет. Сениң сүйиспеншилик ҳәм тынышлығың болыўы ушын бизлердиң аўзымыз бенен сөйле. Бул дийўалды буз ҳәм бизге Сениң жолыңда жүриўди үйрет. Өли ҳалдан қалай көтерилиўди ҳәм бизлер ушын таярланып қойылған Сениң шыпаңды ҳәм қайта ояныўды алыўымызды көрсет».

Некеңди ҳәлсиз деп жәриялаўға ҳәм Қудайдан басқа күйеўди сораўға асықпа. Ол сениң ҳәзирги күйеўиңнен Масихта жаңа жаратылыс ислей алады. Ер ҳәм ҳаяллар урысыў, бир-бирине жат болыў, өли некеде ямаса бөлек жасаў, қорлаўға шыдаў ҳәм ажырасыў ушын жаратылмаған. Қудайдың күши бизиң тәрепимизде. Бизлер некемизди тәғдир ҳүкимине бере алмаймыз. Бизлер ол ушын гүресиўимиз керек, себеби бизлерде үмит бар. Егер Қудай қасыңда болса, онда өмириңде күлден тириле алмайтуғындай ҳеш нәрсе жоқ. Ҳәттеки, сизиң жеке сезимиңиз де.

## Ал мен не? Мен де дуўаға мүтәжбен-ғо

Сен күйеўиң ушын дуўа ете отырып, ол да мениң ушын мен сыяқлы дуўа ете ме, — деп ойлаўыңыз тәбийий. Бул саған қандай әжайып болып көринсе де, буған берилип кетпе. Күйеўиң ушын дуўа етиў, бул сен тәрептен қурбанлық ҳәм шексиз сүйиспеншилигиңди көрсетиў дегени. Ол сениң ушын сен дуўа еткендей қылып ҳеш қашан дуўа етпеўин биле тура, сен бул арнаўды қабыл етиўге таяр болыўың керек. Бәлким, ол сен ушын ҳеш дуўа етпес. Сен оннан өзиң ушын дуўа етиўин сорап, буның ушын сораныўың мүмкин, бирақ сен күйеўиңнен буны талап ете алмайсаң. Бирақ, бул сениң жумысың емес, ал Қудайдики. Солай екен, оны бул жууапкершиликтен азат ет. Егер ол сен ушын дуўа етпесе, бул сениң емес, ал оның жоғалтыўы болады. Сениң әўметиң оның дуўасынан ғәрезли емес, бул сениң Қудай

менен қатнасыңа байланыслы. Дурыс, ҳаяллар да дуўаға мүтәж. Бирақ күйеўимизге дуўа етиўдеги жәрдемши сыпатында сүйениўимиз, өзимизди бос үмит пенен алдаўымызды аңлатады.

Мен некемди сақлап қалыўдың ең жақсы жолы — бул мен ҳәр ҳәптеде биргеликте дуўа еткен басқа ҳаяллардың дуўа етип қоллап-қуўатлаўы екенилигин түсиндим. Сизлерди исендирип айта аламан, бул нәрсе қәлеген некеге пайдалы тәсирин тийгизеди. Егер сен жүрегиңдеги сырды ашып, өзиң исенетуғын еки ямаса оннан да көп ҳақыйқый исениўши ҳаялды таба алсаң, дуўа етиў ушын күнделикли ўақытты белгиле. Бул сениң өмириңди өзгертеди. Бул сизиң ҳәммеге күйеўиңниң жеке өмиринде болып атырған нәрселерди майда-шүйдесине дейин айтып бериўиңиз керек — дегени емес. Яқ, сениң жумысың — Қудайдан жүрегиңди өзгертиўин ҳәм жақсы ҳаял болыўды үйретиўин сораў ҳәм ким менен болса да, қайғыларың менен бөлисип, Қудайдан күйеўиңди жарылқаўын сораўдан ибарат.

Егер сениң машқалаң жүдә аўыр болса ҳәм сен дуўа етиўдеги дoсларыңа исенсең, онда ойланбастан олар менен қайғыңды бөлис. Мен көплеген некелердиң адамлардың биреўге дуўа етиў ушын машқалаларын айтыўға көкиреклиги ямаса қорқынышы кесент еткенлиги себепли қулағанын көрдим. Олар сырттан өзлерин жақсы көрсетеди ҳәм бир күни ҳәммеси қулайды. Бул жерде сениң дуўа етиўдеги досларыңа исенип айтып атырған машқалаңның ҳеш кимге жайылып кетпеў жағын да ойла, өзиңниң екилениўшилигиң ҳәм гүманларың себепли некеңди тасламаўың керек. Егер сениң дуўа етиўдеги жолдасың сыр сақлап билмесе, дана, руўхый өскен, жәрдем бериўге таяр биреўди табың, усыннан баслап өзгерислердиң басланыўы жүз береди.

Сырттағы адамлардың ямаса күйеўиңиздиң қоллап-қуўатлаўы болмаса да, өзиңиздиң шын жүрегиңизден шыққан дуўаңыз нәтийжесин береди. Дуўаңа жуўап алмастан алдын саған дуўа еткениң ушын Қудайдан жарылқаў келеди, себеби сен Қудай менен биргесең, ал өзгерислер усы жерден басланады.

## Дуўа етиўди баслаўға асықпа

Күйеўиң ушын дуўа етиўдиң түрли жолларын излеўге түспе. Буны бир күнде, бир ҳәптеде ямаса бир айда ислеў мүмкин емес. Бул китапта берилген мәсләҳәтлердиң саған жол көрсетиўши болыўына рухсат ет, кейин Мухаддес Руўх айтқанындай дуўа ет. Айрықша қыйын жағдайларда дуўаның нәтийжесин асыра алатуғын ораза тутыў жәрдем бериўи мүмкин. Мухаддес Жазыўларға тийкарланған дуўалар үлкен күшке ийе. Ҳәр бир баптан кейин сиз Мухаддес Китаптан алынған керекли цитаталарды табыўыңыз мүмкин.

Ең баслысы-шыдамсызлыққа жол қоймаў. Сениң некеңе жеткизилген зыян қанша күшли болса, ол ушын еткен дуўаларыңа жуўап алыўға сонша узақ ўақыт кетеди. Қудайдан шыпа табыўға шыдамлы ҳәм турақлы бол. Ядыңда тут, сен де, күйеўиң де минсиз емессизлер. Жалғыз Қудай минсиз. Қудайға некеңниң мүтәжликлерин толтырыўшыға қарағандай етип қара, қалай шыпа табыўыңызды ойлап басыңды қатырма. Сениң ўазыйпаң - тек дуўа етиў: дуўаларыңа жуўапты Қудай береди. Ҳәмме нәрсени Оның қолларына тапсыр.

## БИРИНШИ БАП

# СЕН ТУРМЫСҚА ШЫҚТЫҢ

Күйеўи ушын дуўа ететуғын ҳаялдың, дуўа етиўге ўақыт ажыратқанына қарағанда, пәк жүрекке ийе болғаны әҳмийетлирек. Егер сен дуўаңның жақсы жемис бериўин қәлесең, жүрегиң Қудайдың алдында пәк болыўы  шәрт. Соның ушын күйеў ушын дуўа етиў, оның ҳаялы ушын дуўа етиўден басланыўы керек. Егер сени ашыў, гүманлы ойлар басса, сен күйеўиңди кешире алмайсаң. Егер буның ҳәммесиниң себеплери болса да, дуўаңның жуўабын күтиў сиз ушын жүдә аўыр болады. Бирақ егер сен Қудайдың алдында барлық гүнаңды шын жүректен мойынлап ҳәм дуўа етиўди даўам етсең, сен некеңниң түптен өзгерип атырғанын көресең. Айырым ўақытлары ҳаялдың өзи дуўасына қарсылық етеди, себеби олардың жүреклеринде тәртип жоқ. Буны түсиниў ушын маған ўақыт керек болады.

### Мениң үш сөзден ибарат болған жақсы көретуғын дуўам

Мен некелик өмирим басланыўынан - ақ күйеўим ушын бәрқулла дуўа етпегениме қатты өкинемен. Дуўа еткенимде де бул мениң усы китапта мәсләҳәт еткенимдей емес еди. Аўа, мен дуўа еттим. Мениң

дуўаларым төмендегише қысқа еди: «Қудайым оны қорға». Олар жүдә анық еди: «Бизлердиң некемизди сақла», бирақ мен, көбинесе, өзим жақсы көрген мына үш сөзди айтып дуўа ететуғын едим: «Қудайым оны өзгерт».

Бизлер турмыс қурған ўақтымызда, мен ески гүналарымның жолларынан қутқарылған ҳәм Қудайдың еркин ҳәм қүдиретли күшин билмейтуғын, яғный, исенимге жаңа келген едим. Мен минсизликке жақын адамға турмысқа шықтым, оның сулыўлығы мениң көз алдымда қандай да бир кемшиликлерин толықтырады деп ойлайтуғын едим. Ўақыттың өтиўи менен мениң сулыў дегеним кеўлиме тийе баслады, ал минсизлик көриниси әдеттеги әрман болып шықты. Мен Майклдағы кеўлиме тийетуғын нәрселер жоқ болыўдан, ҳәмме нәрсе дәрриў өзгереди деген пикирге келдим.

Мына нәрселерди түсиниў ушын маған бир неше жыллар керек болды: күйеўим мениң ушын идеал болған еркекке тең келиўге урынбақшы емес. Оны өзгертиў қолымнан келмейтуғынын түсиниўим ушын маған және бир неше жыл керек болды. Өзимниң қәўетерлерим менен Қудайға мүрәжат етип баслағанда, бир нәрсени түсине басладым. Бирақ, барлығы мен ойлағанымдай болмады. Билсем, Қудайдың бирге екенин алдын мен сезген екенмен ҳәм мен өзгере басладым. Қудай күйеўимди өзгертпестен алдын дәслеп, мениң жүрегим жумсарып, бойсынып, өзгериўи керек еди. Мен болып атырған нәрсени адамдай емес, ал Қудай оны қалай көрсе, солай көрип үйрениўим керек еди.

Әсте - ақырын мен, өзимниң руўхымды изертлеместен алдын, күйеўим ушын шын жүректен дуўа ете алмайтуғынымды түсиндим. Егер мениң жүрегим қайғыға, көнликпеўшиликке толы болса, мен Қудайдың алдына келип, дуўаларыма жуўап ала алмас едим. Мен өзимниң жақсы көретуғын үш сөзден ибарат болған дуўамды айта алмас едим, себеби Қудай меннен басқа үш сөзден ибарат: «Қудайым, мени өзгерт» деген дуўаны күткенин билер едим.

## Ким өзгериў керек? ... Мен бе?!

Сен күйеўиң ушын дуўа еткениңде, әсиресе, оның өзгериўине үмитленгениңде, сен оның өзгериўин күтетуғының тәбийий, бирақ мен оның биринши өзгере баслайтуғынын күтпеў кереклигин түсиниўиңди қәлеймен. Бул жерде сен биринши болыўыңа туўра келеди. Егер менде болғаны сыяқлы, сениң де ишиңде ашыў қызып басласа, сен: «Мен өзгериўге мүтәж емеспен-ғо», — деп айтыўың мүмкин. Бирақ, бизлер көрмеген нәрсени Қудай көреди. Ол бизлердиң неге мүтәж екенимизди биледи. Оған Өзиниң еркине қарсы келетуғын нәрсени бизлерде табыўына ўақыт та керек емес. Ол бизлердиң жүрегимизде гүна ислегенимизди қәлемейди, себеби гүна бизлерди Оннан айырады ҳәм бизлер дуўамызға жуўап ала алмаймыз. Бул ҳаққында: «Егер жүрегимде қарсылық болса, Қудайым мени тыңламас еди» (Забур 65:18), — делинген. Дуўамызға Оның жуўабын анық түсиниўимиз ушын Қудай бизлердиң жүреклеримизди таза ҳәм ғәзепке толмаған ҳалда көргиси келеди.

Егер күйеўиң саған бақырып, сени сыйламайтуғын болса, сениң сөзлериңе жуўап қайтармайтуғын, саған опасызлық етип, ямаса сени уратуғын болса, онда бул талапты орынлаў жеңил емес. Бирақ Қудай кек сақлаў, ашыў, жек көриў, өзин аяў, өш алыўдың, басқа гүналардан ҳеш кем жери жоқ екенин айтады. Сол гүналарың ушын тәўбе ет ҳәм Қудайдан сени Өзине унамайтуғын барлық нәрседен босатыўын соран. Сениң күйеўиңе бериўиң мүмкин болған үлкен сыйың-бул сениң ишки пүтинлигиң. Оны өзгертиўдиң ең жақсы усылы, жеке өзиңниң өзгериўиң болыўы мүмкин.

Қәўетерленбе, алдын мен де буны найзадай қабыллаған едим. Ҳәр сапары, Қудай менен мениң қарым-қатнасымызда басы берик көшеге кирип қалғанымызда, екеўимиздиң ортамызда төмендегидей гәп болған еди:

— Қудайым, мениң күйеўим қандай екенин көрип турсаң ба?
— Ал, сен өзиңниң қандай екениңди көрдиң бе?
— Әке, Сен мениң бир нәрседе өзгериўим керек екенин айта жақсаң ба?

— Көп нәрседе. Сен неде өзгериўиң керек екенин еситкиң келе ме?

— Аўа еситким келеди.

— Буған таяр болғаныңда маған айт.

— Бирақ, неге мен, Қудайым? Өзгериўге күйеўим мүтәж-ғо.

— Баслысы кимниң өзгериўге мүтәж екенинде емес. Ал, ким өзгериўди қәлейди.

— Бирақ, Қудайым, бул әдилсизлик.

— Мен ҳеш қашан өмирди әдил деп айтпадым; Мен Өзимди әдил деп айтқан едим.

— Бирақ, мен…

— Ким болса да биринши болыўды қәлеўи керек-ғо.

— Бирақ…

— Саған некеңди сақлап қалыўдың әҳмийети қандай?

— Жүдә әҳмийетли. Басқа вариантлар маған туўры келмейди.

— Жақсы. Онда кел сеннен баслайық.

— Қудайым, бул пикирге қосылыўыма жәрдем берегөр.

— Буны сен шешиўиң керек.

— Ол мен ушын дуўа етпесе де, мен күйеўим ушын дуўа етейин бе?

— Әлбетте.

— Бирақ, бул… Яқшы, яқшы, мениң есимде: өмир әдалатсыз, ал Сен әдилсең! (Аспаннан үнсиз мақуллаў).

— Мен саған бойсынаман. Иске кирис. Бул қандай аўыр болады. Өзгерт өзгерт… Буны растан да мен айтып атырман ба? (Терең дем алыў).

— Қудайым, мени өзгерт.

Жанға бата ма? Аўа! Өзиңниң өзгериўиң керек екенин мойынлаў бәрҳа аўыр болады. Әсиресе, егер сен басқа адам өзгериўи керек екенине исенимли болсаң. Бирақ, сен бул аўырыўдан кейин жаңа өмирге келесең. Басқа жолды таңлағаның менен де, оның аўырыўы буның аўырыўынан кем болмас еди, ал оның жемиси бәрҳама үмиттиң, қарым-қатнастың, неке ҳәм шаңарақтың өлими болып табылады.

Қудай ең өли некени де тирилте алады, бирақ бул деген сөз, сен Оның нызамлары-кешириў, мийримлилик, сүйиспеншилик нызамлары бойынша жасаўға көндириўге турарлық. Бул өткен өмириңниң аўырыўы менен хошласыў дегенди билдиреди: бул уллы урыста жеңимпаз болыў ушын тартыста утылыўды билдиреди. Мен өзиңниң қәдириңди, сезимлериңди, ойыңды умытып ҳәм күйеўиңниң бақырыўларына үндемей шыдаў керек деп айтпақшы емеспен. Қудай сеннен буны талап етпейди (егер сен дене ямаса руўхый азапланыўға ушырасаң, тез де үйиңнен басқа қәўипсиз жерге кет ҳәм жәрдем сора). Күйеўиң психологтың кеңесин алып жүргенде, сен оның ушын дуўа ет. Қулақ асыў-бул сениң жүрегиңнен өз ерки менен шығатуғын нәрсе. Ийса былай дейди: «Өз жанын сақлап жүрген адам оны жоғалтады, ал жанын Мен ушын жоғалтқан адам оны сақлап қалады» (Матта 10:39). Сен өз өмириңди жүрегиңниң ерки менен қурбанлық ет, себеби буны сеннен талап етиў мүмкин емес. Сениң Қудай менен қатнасың қандай болыўы керек? Ол тек мынадай болыўы керек: « Әкежаным, Сениң қәлегениңдей болсын. Маған буны үйрет». Бул сениң алдыңғы өзиңнен кешиўге таяр екениңди ҳәм сен: «Қудайым, мени өзгерт», — деп айта алатуғыныңды аңлатады.

## Сүйиспеншиликтиң мухаддес тили

Бизлер басқа адам ушын дуўа еткенимизде, жүреклеримизде қандай да бир нәрсе жүз береди ҳәм ашыўланыў жоқ бола баслайды. Бизлер аўырыўды жеңиўге ҳәм кешириўге үйренемиз; ақырында бизлер дуўа етип атырған адамымызды сүйе баслаймыз. Бул ҳақыйқый кәрамат! Бул кәрамат бизлер Қудайдың бар екенин дуўамызда сезгенлигимиз ҳәм Ол бизлерди сүйиспеншилик Руўхына толтырғанлығы себепли болады. Сен күйеўиң ушын дуўа еткениңде, жүрегиңде оған деген Қудайдың сүйиспеншилиги артады. Тек бул емес, сен оның да жүрегинде саған деген сүйиспеншиликтиң артқанын көресең, ҳәттеки, ол сениң өзи ушын дуўа етип атырғаныңды билмейди. Бул сүйиспеншиликтиң уллы тили —

дуўа етиў болғаны ушын жүз береди. Бул бизлерге түсиниксиз. Мен жүреклеринде күйеўине деген бир тамшы болса да сүйиспеншилиги жоқ болған ҳәм дуўа етиў барысында ўақыттың өтиўи менен бул сезимди өзлеринде тапқан ҳаялларды көрдим. Айырым ўақытлары олар, ҳәтте, биринши жүректен ислеген дуўасынан кейин өзлеринде өзгеристи сезер еди.

Күйеўиң ҳаққында Қудайға айтыў — бул сүйиспеншилик ҳәрекетин ислеў болып табылады. Дуўа етиў сүйиспеншиликти оятады; сүйиспеншилик және де дуўа етиўге шақырады, нәтийжеде сүйиспеншилик күшейеди. Егер дуўаңыз шын жүректен шықпаса, онда ўақыттың өтиўи менен дуўа етиў барысында шын жүректен шығатуғын болады. Сен күйеўиң менен қатнасыңда сабырлырақ болып атырғаныңды көресең, алдыңғы урыс-қағысларға сылтаўларыңыз жоқ бола баслайды ҳәм урысты шетлеп өтип, оны тынышлық жолы менен шешиўге үйренесиз. Сен араңыздағы оянып атырған бирликтиң белгилерин көресең.

Бизлердиң руўхый қатнасымыз үзилген ўақытта, бизлерде ҳәмме нәрсе бузылады. Ийса былай дейди: «Ал Ийса олардың ойларын билип, былай деди: — Өз ара қарсы болып бөлинген ҳәр бир патшалық жоқ болады, өз ара қарсы болып бөлинген ҳәр бир қала ямаса үй қулайды» (Матта 12:25 — қа қараң). Сизлер күйеўиңиз бенен бирге дуўа етпесеңиз де, дуўа сизлерди бирлестиреди. Мен дуўаның нәтийжесинде күйеўим менен қатнасымыздағы күшли басымның жоқ болғанын көрдим. Күйеўиңнен әпиўайы: «Сен ушын қалай дуўа етейин?» деп сораўдың өзи музды ерите алады ҳәм қатнасыңызға сүйиспеншилик пенен исенимди бере алады. Әдетте, күйеўим бул сораўды еситкенде тоқтап турып, маған анық жуўап беретуғын еди. Ал, басқа жағдайларда болса, мен оннан бир сөз де есите алмайтуғын едим. Исениўши емес күйеўлердиң де бул сораўды ҳаялларынан еситкенинде, оған жуўап бергени маған мәлим.

Бизлер күйеў ҳәм ҳаял болып, өмирде ҳәр түрли жоллардан кете алмаймыз, себеби бизлер бир пүтинбиз. Бизлер өмиримиздиң ақырына дейин бирге болыўды ҳәм терең сүйиспеншиликти қәлеймиз. Буны бизге

тек ғана дуўа бере алады, себеби ол сүйиспеншиликтиң мухаддес тили менен сөйлей алады.

## Мен оны жек көремен. Мен ол ушын қалай дуўа етемен?

Сениң қашан болса да, күйеўиң ушын дуўа етиўди ойлағанның өзинде, сенде қарсылық туўдыратуғындай дәрежеде күйеўиңе қатты ғәзепленген ўақтың болды ма? Менде болды. Сен ашыў ҳәм ғәзепке толы болсаң, басқа адамға дуўа етиў қатты қыйын болады екен. Бирақ Қудай бизлерден тап соны күтеди. Егер ол бизлерге душпанымыз ушын дуўа етиўди буйырса, онда Қудайдың сөзи бойынша бир пүтинди қурайтуғын ҳәм сен сүйген адам ушын дуўа етиўге қандай күш керек? Бирақ мин тағыўдан қутылыўды ҳәм кешириўди қалай үйрениў мүмкин?

Биринши ислейтуғын нәрсе-бул Қудайдың алдында ҳақ болыў. Бизлердиң қатнасымызға кесент ететуғын кешире алмаслықты жоқ қылыў ушын бизлер Қудайға сезимлеримизди шын жүректен ашыўымыз керек. Бизлер Оның ушын ҳеш нәрсени безеп көрсетпеўимиз керек, себеби Ол барлық ҳақыйқатты биледи. Ол тек бизлердиң Өзиниң шәртин қабыллағанымызды, Оған тәўбе етиўге таяр екенимизди ҳәм өзимиздиң тыңламағанлығымызды тән алғанымызды көриўди қәлейди. Тек усындай жағдайда ғана Қудай бизлерге тәсир ете алады.

Егер сизлер күйеўиңизге ашыўлансаңыз, буны Қудайға айтың. Бул аўырыўдың рак кеселлигиндеги исиктиң үлкейгени сыяқлы күннен - күнге өсиўине жол қоймаң. «Мен өз өмирим менен жасаўды қәлеймен, ал ол өз өмири менен жасасын», — деп айтпаң. Бир-биримизден ғәрезсиз болыўымыз ушын бизлер қун төлеўимиз керек. «Деген менен, Ийемизге тийисли адамлардың өмиринде, ҳаял ер адамнан, ер адам ҳаялдан ғәрезли» (Коринф. 1-х 11:11).

Бунның орнына: «Қудайым, мен бул адам ушын дуўа етиўди қәлемеймен. Мен өзимниң ашыўымды, аўырыў сезимин, күйеўимнен кеўлим қалғаны

ушын кек сақлағанымды, жүрегим оны жек көргенин ҳәм оған қарсы ғәзепленгенин мойныма аламан. Мени кешир ҳәм менде пәк жүректи ҳәм Сениң алдыңда ҳақ руўхты жарат. Оған жаңадан қатнаста болыўға мени үйрет. Маған оған мүрәжат ететуғындай қуўанышлы, сүйиспеншиликли ҳәм кеширимли жүрек бер. Оған өзиниң қәтелерин ашып бер ҳәм буны жүректен қабыл етиўине жәрдем бер. Оны тәўбе етиў ҳәм азат болыў соқпағынан алып өт. Мениң кеширимли болыўды билмейтуғынымның себебинен келип шыққан күйеўиме деген руўхый ҳәм денедеги жек көриўшилик пенен гүресиўимде жәрдем бер. Бизлерди бир-биримизден кеширим сораўға үйрет. Егер мениң көзлеримде бир нәрсе жасырынған болса, онда оны маған ашып бер ҳәм оны қабыл етиўиме жәрдем бер. Бизлердиң қарым-қатнасымызға кесент ететуғын шатаслықларды ҳәм түсинбеўшиликти алып тасла. Егер биреўимиздиң қылықларымызды өзгертиў керек болса, буны қалай ислеў кереклигин Сен үйретесең деп үмитленемен. Бир тәрептен мен, өзимниң ашыўымның артына жасырынаман, себеби оны әдил деп ойлайман, ал екинши тәрептен болса, мен, Әкежан, Саған унайтуғын нәрсени ислегим келеди. Мен барлық сезимлеримди Саған ашаман. Мениң күйеўиме деген сүйиспеншилигимди тирилт. Маған жағдайды өзгертиўге жәрдем беретуғын сөзлерди табыўға жәрдем бер».

Егер сен өзиңде күш сезсең, кишкене тәжирийбе өткерип көр ҳәм нәтийжени күт. Бир ай даўамында күйеўиң ушын күнде дуўа ет. Бул китаптағы ҳәр бир баптың ақырында жайласқан дуўалардан биреўин оқы. Ҳәр күни бир баптан ал. Қудайдан күйеўиңе жарылқаў бериўин ҳәм екеўиңизди Өзиниң сүйиспеншилиги менен толтырыўын соран. Күйеўиңе жүрегиңниң жибигенин ҳәм күйеўиңниң саған болған қатнасының өзгериўин бақлап бар. Көр, қарым-қатнасыңыз өз орнына түсип атыр ма? көриң. Егер бундай дуўа етиў саған қыйын болса, жағдайға Қудайдың көз-қарасы менен қара. Күйеўиңе Қудайдың көзи менен қара, оған өзиңниң күйеўиңе емес, ал Қудайдың сүйген баласына қарағандай қара. Бул саған үлкен ашылыс болыўы мүмкин. Егер биреў сеннен баласы ушын дуўа

етиўиңди сораса, сен яқ демейсең, дурыс емес пе? Демек, ҳәзир буны Қудай сеннен сорап атыр.

## «Үндеме ҳәм дуўа ет»

«Ҳәмме нәрсениң өз ўақты бар», — деп айтылған Мухаддес Китапта. Бул сөзлер тиккелей некедеги қарым-қатнасқа тийисли. Сөйлеўдиң ҳәм үндемеўдиң өз ўақты бар ҳәм бул еки түсиниктиң айырмашылығын билетуғын ҳаялы бар еркек бахытлы. Некелик өмирдиң азғантай болса да, тәжирийбесине ийе болған адам, үндемеўди талап ететуғын нәрселердиң бар екенин биледи. Ерли-зайыплыларда бир-бирин өкпелетип, бир-бириниң кеўлине тийетуғын жағдайлар көп болады. Қанша кеширим сорағанына қарамастан, айтылған сөзлерди қайтарып алыў мүмкин емес. Оларды тек кешириў керек, бирақ буны ислеў бәрҳа аңсат емес. Айырым ўақытлары сөзлер Қудайдың еркиниң орынланыўына кесент етиўи мүмкин, соның ушын айырым ўақытлары үндемеў ҳәм дуўа етиў жақсырақ болады.

Бизлер Майкл менен турмыс қурған ўақтымызда, мен онша сөйлемейтуғын едим ҳәм арамызда келиспеўшилик болғанда үндемейтуғын едим. Мен сезимлеримди көрсетиўге асықпайтуғын едим. Биринши балам туўылғаннан кейин мениң даўысым қаттырақ шыға баслады. Бирақ, мен пикир ҳәм шағымларымды қанша бәлент «айтсам», күйеўим тәрепинен қарсылық сонша дәрежеде күшейип, бизлер жийи урысатуғын болдық. Мениң сөзлерим қәлегенимдей өзгерислерди алып келмеди, ал керисинше, ол көбинесе пүткиллей басқа нәтийже беретуғын еди. Миллионлаған ҳаяллардың әсирлер даўамында үйренген нәрсесин түсиниў ушын маған бир неше жыл керек еди. Күйеўиңди «қайрамаў» керек. Буның пайдасы жоқ ҳәм әшкаралаў да тәсир етпейди. Сондай-ақ, әпиўайы сөйлесиў де, керекли нәрсени бермейди. Мен бундай жағдайда жалғыз өзгермейтуғын усылдың дуўа екенин билдим. Дуўа етиў — Қудайдың қатнасыўы ҳәм жәрдем алыўдағы әўметтен турады. Сен Оның алдында өзиңниң адасыўларың,

жаман кейпиятың, керек емес ойларың менен көринесең, бирақ сен дуўа еткениңде, Қудай саған Өзиниң карасларына ҳәм ойларына қарсы болған нәрселерди көрсетеди.

Мениң күйеўиме ислегиси келмеген нәрсесин ислетиўди мәжбүрлеў мүмкин емес. Егер ол унамаған жумысын ақырына шекем ислесе де, бул ушын бизлер, яғный, жақынлары жуўап бериўимиз керек. Егер мен оны бир нәрсе ислетиўге мәжбүр етким келсе, онда мен жүрегимде Қудайдың тынышлығы боламан дегенше дуўа етемен ҳәм кейин мен күйеўимнен анық бир нәрсени ислеўди илтимас етемен. Айырым ўақытлары Қудай мениң бул машқалаға болған ойымды өзгертеди ямаса оның шешиминиң басқа жолларын көрсетеди, бундай ўақытлары мен ҳеш үндемеймен ҳәм бул сораўға кейин ҳеш қайтпайман. Егер мен бир нәрсени айтыўға асықсам да аўзымды ашыўға асықпайман, мен Қудайдың басқарыўы ушын дуўа етемен.

Бирақ, буны үйрениў ушын маған көп ўақыт керек болды. Ҳәммеси мен мына аятты оқыған ўақтымнан басланды: «Урысқақ ҳәм ашыўшақ ҳаял менен жасаўға қарағанда, шөлистанлықта жасаған жақсырақ» (Сулайман. нақ. мақ. 21:19). Негедур бул маған қатты батты.

«Бирақ, Қудайым, онда мына «Жасырын сүйиспеншиликке қарағанда, әшкаралаў жақсырақ» [Сулайман. нақ. мақ. 27:5] деген аятты қалай түсиниўге болады? Ҳаяллар күйеўлери наҳақ болса, буны айтыўы керек емес пе? — деп Қудайға мүрәжат еттим».

Қудай былай деп жуўап берди: «Ҳәмме нәрсениң өз ўақты бар ҳәм аспаннан төмендеги нәрселерге өз ўақты … үндемеў ўақты ҳәм сөйлеў ўақты» (Ўазшы 3:1,7 — қа қараң). Гәп сениң нени, қай ўақытта ислеў керек екенлигин билмеўиңде ҳәм сен буны сүйиспеншилик пенен ислей алмайсаң».

«Яқшы, Қудайым. Маған қашан сөйлеўди, қашан үндемеўди ҳәм дуўа етиўди көрсет».

Бундай мүмкиншилик жүдә тез арада болды. Мен үйде ҳаяллардың дуўа етиў топарын аштым ҳәм оның нәтийжеси жақсы болғаны ушын

күйеўиме де еркеклер ушын дуўа етиў топарын ашыўын усындым. Бирақ, ол буны еситкиси де келмеди.

«Мениң бул ушын ўақтым жоқ», — деген жуўап пенен басын алып қашты.

Мен оған бул ҳаққында қанша көп айтсам, ол сонша қарсы болды. Бирақ, Қудайдан «Үндеме ҳәм дуўа ет» деген буйрығын алғанымда, мен усы жол менен барыў кереклигин шештим. Бул темада сөйлеўди тоқтаттым ҳәм дуўа ете басладым. Мен дуўа етиў топарынан да, мениң менен бирге дуўа етиўин сорадым. Еки жылдан кейин Майкл маған еркеклер ушын дуўа етиў топарын шөлкемлестириў ойы бар екенин айтты. Сол топар ҳәзирге дейин бар. Ол мениң бул ушын дуўа еткенимди билмейди. Бул мен күткендей тез жүз бермегени менен бәри — бир орынланды. Егер мен Қудайға қулақ асып, үндемеўди үйренбегенимде, күткен нәрсем усындай тынышлық пенен болмас еди.

Мухаддес Китаптан белгили болған малика Естер патша күйеўине бир нәрсе илтимас етпестен алдын дуўа етип, ораза тутып ҳәм Қудайдың көрсетпелерин күтетуғын еди. Ол көп нәрсениң картаға қойылғанын билетуғын еди. Ол күйеўине: «Сениң досларың-сатқын, олар бизлерди жоқ қылғысы келеди!», — деп алдына бақырып барған жоқ. Қудай күйеўиниң жүрегин таярлайман дегенше ол дуўа етип, күйеўине сүйиспеншиликте хызмет етти. Бундай жағдайда бизлер Қудайдан жәрдем сорасақ, Ол бизлерге бәрҳа керек сөзлерди айтады. Бул жерде ең баслысы — ўақыт.

Мен өзлериниң кескин, айырым ўақытлары өлтириўши сөзлерин басқа адамларға: «Мен тек расын айттым» деп айтып, сөзлерин ҳақлаған адамларды билемен. Бирақ, Мухаддес Китап былай дейди: «Ақмақ адам ашыўының ҳәммесин шашады, ал ақыллы адам оны услап турады» (Сулайман. нақ. мақ. 29:11). Демек, сезимлеримизди ҳәм ойларымызды услап билмеў — ақмақлық болып есапланады. Ҳақыйқатшыл болыў дегени — өмирдеги жағдайлардың ҳәммесин ашық талқылаў дегени емес. Бунның айырым адамлардың кеўлине тийетуғынын бәрҳа еслеп жүриў керек.

Бахытлы некеде ҳақыйқатшыл болыў шәрт болғаны менен, күйеўиңниң надурыс қылықларын айтыў жақсы емес ҳәм пайдасыз, себеби ол күйеўиң ҳаққында ҳақыйқатты ашпайды. Барлық ҳақыйқатлық — Қудайдың басқарыўында ҳәм Оның ушын күйеўиңниң минез-қулқы машқала емес. Бизлердиң жумысымыз күйеўимизди өзлеримиз қәлегенимиздей ҳәрекет етиўге мәжбүр етиў емес, ал оны Қудайға жақынластырып, оған Қудайдың тәсир етиўине мүмкиншилик бериў.

Сенنениң жаман, нениң жақсы екенин айырып үйрениўиң керек. Егер сениң жағдайларың бул дәрежелердиң ҳеш бирине туўра келмесе, онда өзиңниң жеке пикириңди өзиңде услаўға ҳәрекет ет ямаса кейин усы жағдайдың майда-шүйделерин тыныш талқылаў ушын бул машқала ушын дуўа ет. Мухаддес Китап бизлерди мынаған үйретеди: «Қудайдың алдында тилиң менен асықпа ҳәм жүрегиң де сөз айтыўға асықпасын. Себеби, Қудай аспанда, ал сен жердесең, соның ушын сениң сөзлериң аз болсын» (Ўазшы 5:1). Еситиўге ўақыт бар, бирақ мәсләҳәт бериўге емес. Мин тағыўдың орнына қоллап-қуўатлаў керек.

Мен күйеўиңниң қәлеўлерине қарсы бир сөз де айта алмайтуғын тилсиз жанзатқа айланыўыңды ҳеш қашан усыныс етпеймен. Бул ондай емес. Қандай жағдай болмасын, өзиңниң қатнасың, ойларың ҳәм сезимлериң ҳаққында айтыўға сениң ҳақың бар. Бирақ, бир күни айтып болып, күйеўиңди тыныш қоятуғындай, урыс-қағысқа дейин баратуғындай езиўди жоқ қылатуғындай даналыққа ийе бол.

Егер бәри - бир күйеўиңе жағымсыз сөзди айтыўды шешсең, Қудайдан жәрдем сора. Қудайдан күйеўиңниң қулағы тыңлаўға қолайлы жағдайды таңлап бериўин сора. Мен ишиңде сөз толып кеткенде өзиңди услап турыў, қандай қыйын екенин билемен, бирақ, бул қанша қыйын болса да, жақсысы алдын Қудайға сөзлериңди тыңлаўға рухсат бер ҳәм Ол жүрегиңди Мухаддес Руўхқа толтырады. Егер күйеўиңиз екеўиңиздиң араңыздағы байланыс бузылған болса ҳәм ҳәр бир сөз аўыр бататуғын бол-са, онда бул аңсат емес. Сол ўақытта мен сөйлеместен алдын дуўа етиўди билмегениме өкинемен. Мениң сөзлерим күйеўимди қырсықтыратуғын

еди, себеби бизлер бир-биримиздиң бетимизге кейин өкинетуғындай дәрежеде жаман сөзлерди айтатуғын едик. Мен жақсылықты ойлап бир нәрсе ислеўди усыныс етсем де, ол өзиниң «мен» дегенине басып кирди, — деп қабыллайтуғын еди. Бирақ, буны түсиниў оған Қудайдан келиўи керек еди.

Бизлер денемизден емес, ал Қудайдан күш алғанымызда, бизлер сөзимиз бенен бир нәрсени, дәлийллеўимиз ҳәм олардан күш излеўимиз керек емес, «себеби Қудайдың Патшалығы сөзден емес, ал Қудайдың күшинен ибарат» (Коринф. 1-х 4:20 — қа қараң). Ҳәрекетти сөзлер келтирмейди, ал оларды гүзететуғын Қудайдың күши. Егер сөйлеместен алдын дуўа етсеңиз, олардың қандай күшке ийе екенлигин көрип ҳайран қаласыз. Егер үндемесең ҳәм Қудайға ҳәрекет етиўге рухсат етсең, онда өмириңдеги өзгерислерди көрип еле де көбирек таң қаласаң.

## Исениўши ямаса исениўши емес

Егер сениң күйеўиң исениўши болмаса, онда Қудай ҳаққында оған айтыўға ҳәрекет етиўдиң не менен тамам болатуғынын билмеўиң мүмкин емес. Бул ҳаққында айтыў керек, әлбетте, бирақ егер күйеўиң еситкиси келмесе ҳәм сөзлериңе бийпәрўа болса, онда айтыўдың кереги жоқ, жақсысы ҳәрекетлериңди кейинге қалдырып, дуўа етиўди басла. Мухаддес Китап ҳаялдың күйеўинен сөзлерсиз ҳәмме нәрсеге ерисиўи мүмкинлигин айтады, себеби ол ҳаялында көргенлерин, бақырып айтқанға қарағанда жақсы еситеди. Мухаддес Китап «Ҳәй ҳаяллар, Масих Қудайға бойсынғандай, сизлер де күйеўлериңизге бойсыныңлар. Сонда олардың гейбиреўлери Қудайдың сөзине қулақ аспаса да, сизлердиң Қудайдан қорқып өмир сүрип атырғаныңызды көрип, сөзлериңиз арқалы емес, ал сиз ҳаяллардың үлгили өмириңиз арқалы қолға киргизилип, исениўши болады» (Петр 1-х 3:1-2) деп күйеўлер ҳаққында айтады.

Қудай ҳәзир жоқ нәрсеге бардай етип қарайтуғынын айтады. Сен де, Оның үлгиси бойынша изине ерип, былай айта аласаң: «Мен өтирикке

ислегим келмейди, бирақ мен күйеўимде ҳәзир жоқ тәреплерин бардай етип айтаман. Ол исениўши болмаса да, мен оған исениўшидей етип дуўа етемен». Әлбетте, оны өз еркине қарсы нәрсе ислеўге мәжбүр етиў сениң қолыңда емес, бирақ, сен Қудайдың даўысы күйеўиңниң жүрегине кириўи ушын дуўа етип, оған Қудайдың күшин аша аласаң. Күйеўиңниң Қудайға қараўы ушын қанша ўақыт кеткенлигиниң әҳмийети жоқ, егер бул ушын пүткил өмириң кетсе де, ең баслысы, бул ўақыттың зая кетпегенинде. Күйеўиң Қудайға исениў, я исенбеўине қарамай, сен бәрҳа бул китапта усыныс етилген дуўаларды оқыўыңа ҳәм аспаннан таң қаларлық жуўапларды күтиўиңе болады.

## Өз үйиңди орнатыў

Сен өзиңди қанша азат сезсең де, ҳаял болған ўақтыңда сениң мойныңда еки ўазыйпаң болады: үй ҳәм балалар. Сен жумыс ислеп, ал күйеўиң үй жумыслары ҳәм балаларға қарағаны менен, шаңарағыңның жаңарыў, өмир ҳәм сүйиспеншилик булағы болыўы ушын үйиңди тынышлық ҳәм келисимде жасаўға айландырыў саған исенип тапсырылған. Бирақ, буннан тысқары, сен жынысый қатнаста әжайып болыўың, жақсы аўқат писире алыўың, әжайып ана болыўың ҳәм дене, руўхый ден — саўлықтың үлгиси болып қалыўың керек. Көпшилик ҳаяллар ушын бул жүдә аўыр болады. Бирақ, медалдың екинши тәрепи де бар-сен буны бир өзиң көтериўиң керек емес, себеби сен Қудайдан жәрдем сорай аласаң.

Қудайдан шаңарағың ушын тири қарым — қатнас булағы ағып турған, аспандағы жасаў жерине уқсас етип, үйиңди орнатыўды үйретиўин соран. Қудайдан ҳәмме нәрседе, яғный, үйде тазалық болыўы, кийимлер жуўылыўы, асхана тәртипте болыўы, музлатқыш толы болыўы ҳәм кәттиң үсти жыйналып турыўы ушын жәрдем бериўин соран. Буның ҳәммеси күнделикли жумыс болғаны ушын ҳәр күни сени мақтаўды күйеўиңнен күтпе, бирақ ол бул үйренип қалған қолайлықларында бир нәрсе жоқ болса сол ўақытта-ақ нәзер аўдарады. Мениң күйеўим батарея

ямаса лампочка алыў ушын шкафты бир айға дейин ашпаўы мүмкин, бирақ ол буны ислеген ўақтында батарея да, лампочка да сол жерде болыўы керек. Үйге жумыстан кеш келгенде, ол үйде нан болыўын күтиўге ҳақылы ҳәм мен усындай болыўы ушын қолымнан келген ҳәмме нәрсени ислеймен. Мен Қудайдан күйеўим қуўаныш пенен қайтып келетуғындай ҳәм досларын шақыра алатуғындай үйди орнатыўды сорайман. Бул ушын бай шараят болып, интерьерди қурыў ушын дизайнерди шақырыўдың кереги жоқ. Мениң биринши үйим жүдә кишкене еди ҳәм мен алып сатарлардан сатып алған пайдаланған мебель менен безетилген еди. Мен үйимниң жақсы көриниўи ушын достым менен бирге дийўалды боядым. Буның ушын азғантай ойланыў ҳәм ҳәрекет жетерли еди.

Жайыңның ҳақыйқый шаңарақ ушын үй болыўын қәлесең, күйеўиңе шаңарақтың басы болыўына мүмкиншилик берип, ал өзиң оның жүреги болып қалыўың керек. Ҳәм бас ҳәм жүрек болыў жүдә аўыр. Қудай күйеўди ылайық, ямаса ылайық емеслигине қарамай шаңарақтың басы етип қойды. Қудайдың буйрығы усы. Бирақ, бул ерли-зайыптың биреўин жоқары қойыў дегени емес. Олар бирдей әҳмийетке ийе. Егер күйеўиң шаңарақтың басы болыў ҳуқықына ийе болса, онда оған басы болыўға рухсат ет. Шаңарақты бир өзиң тәмийнлеп турған болсаң да, егер сен шаңарақтың жүреги болыўға шақырылған болсаң, соны ислеўге ҳәрекет ет. Араңыздағы биринши болыў ушын келип шыққан урысыңыздың тийкары жоқ болсын.

Бул жерде гәп кимниң жумыс ислеп, кимниң үйде отырыўында емес, ал, үйдиң басы ҳәм оның жүреги деген түсиникти қалай түсиниўиңизде. Қашанлардур мениң күйеўиме де, үй жумысларына ҳәм балаларға ҳәптелеп қараўға туўра келди, себеби мен белгиленген ўақытта шығарыў ушын китап үстинде ислеп атыр едим. Соған қарамастан, мен шаңарақтың басы болыўға урынбадым. Айырым ўақытлары оның дем алыўы ушын мениң жумыс ислеўиме туўра келди. Бундай жағдайларда ерли — зайыплылар арасындағы қатнасты сақлап қалыў ушын дуўа етиў керек.

Үйде тәртипти сақлаў — ҳәмме нәрседе минсиз болыў ҳәм ҳеш қандай машқаланың жоқ екенин аңлатпайды, бул тек үйиңиздиң жағдайының бақлаў астында екенин аңлатады. Егер сизлер екеўиңиз де, шаңарақты тәмийнлеў ушын теңдей жумыс ислесеңиз, онда үйдиң жумысларын бөлисип алыўыңыз керек. Егер күйеўиңиз буған қосылғысы келмесе, онда сырттан адам жаллап, ақша төлеп ислетиў керек. Бул сораўға Қудайдан жол көрсетиўин соран.

Жоқарыда айтылғанлардың ҳәммеси сениң денеңе де, руўхыңа да тийисли, себеби олар сеннен айрықша ғамхорлық ҳәм дыққатты талап етеди. Бир күни мен радиодан «ток-шоу» тыңладым, онда бир ҳаял белгили психологқа күйеўин жаманлады. Күйеўи оған сулыўлығың қалмады деп айтқан екен. Алып барыўшы оннан: «Сулыў болыў ушын сиз не иследиңиз?» — деп сорады. Қоңыраў қылған ҳаял не деп жуўап берерин билмеди. Сулыўлық өз-өзинен пайда болмайды. Ең сулыў ҳаяллар да сулыў болыў ушын көп күш жумсайды. Малика Естер де елиниң ең сулыў ҳаялы болған, бирақ соған карамастан ол патшаның алдына шығыў ушын бир жыл таярланған.

Ҳәр биримиз өзимизге мына сораўды бериўимиз керек: «Мен күйеўим ушын бәрҳа сулыў болып көриниў ушын не ислеп атырман?». Мениң әтир суўларым жақсы ма? Мен күнде дене шынығыўын ислеп өзимниң денемди дурыс тутыў ҳәм жаслығымды сақлап қалыў ушын ҳәрекет етип атырман ба? Мен формамды ҳәм жумыс ислеў қәбилетимди сақлап қалыў ушын диета сақлап атырман ба? Мен заманагөй кийинемен бе? Ең баслысы, мен ҳәр күни Қудай менен ўақыт өткеремен бе? Сен қанша дәрежеде Қудай менен бирге болсаң, сениң жүзиңнен сонша дәрежеде нур шашылып турады. «Сүйкимлилик алдамшы, сулыўлық болса өткинши, бирақ Қудайдан қорқатуғын ҳаял мақтаўға ылайықлы аспанға көтериледи» (Сулайман. нақ. мақ. 31:30).

Сен өзиңе, ден саўлығыңа ҳәм келешегиңе дыққатсыз болмаўың керек. Бунда бир тамшы да өзин ойлаўшылық жоқ. Қудайдан нени, қалай ислеў кереклигин көрсетиўин сора. Мухаддес Руўх сенде ҳәм үйиңде жасаўын сора.

## Қыялдан қутыламыз

Тойымыздан кейин бир күни күйеўим жумыстан қоңыраў етип, өзи жақсы көретуғын шөжени писириўимди илтимас етти. Мен дүкәнға барып, керекли затларды сатып алып қәлеген затын таярладым. Бирақ, ол үйге кирер кирместен босағада турып: «Бүгин мен шөжени жегим келмей тур, мен бузаў гөшин жегим келип тур», — деп айтты. Сизлер мениң сол ўақыттағы аўҳалымды көз алдыңызға келтире аласыз ба? Бундай ўақыя тек бир мәрте болып қойған жоқ. Майкл кешки аўқатқа келиўге неше рет ўәде берип, аўқатты столға қойғаннан 10 минут кейин қоңыраў қылып түнге дейин жумыс ислейтуғынын ҳәм кәсиплеслери менен бирге бир жерде аўқатланатуғынын айтқан ўақытларын санап өтиў мүмкин емес. Ақырында, мен ашыўланыўдың, өкпелеўдиң ҳәм урыс шығарыўдың пайдасы жоқ екенин түсиндим. Ол мени, оның сезимлерин түсинбейтуғынымда айыплап, өзин ақлайтуғын еди. Егер мен өзимниң шағымларымды қайтадан көрип шықсам, екеўимизге де жақсы болатуғынын түсиндим. Соннан баслап мен Майкл ушын емес, ал өзим ҳәм балаларым ушын аўқат писиретуғын болдым. Егер ол бизлерге қосылған жағдай болса, бул бизлер ушын күтилмеген саўғадай еди. Ал, егер қосылмаса, мен буған да көндим.

Мен жағдайдан шығып кетиўди үйрендим. Күйеўиме өкпелеген ўақтымда, өзиме оның жақсы тәреплерин еслететуғын едим. Мен оның үй жумысында ҳәм асханада неше рет жәрдем бергенин еслейтуғын едим. Ол садық күйеў ҳәм буған гүман туўдыратуғындай бирде - бир себеп берген жоқ. Ол исениўши ҳәм ол ибадатханаға барады, Мухаддес Китапты оқыйды ҳәм дуўа етеди. Ол мени ҳәм балаларымызды жақсы көреди. Өзиниң уқыбы менен ол Қудайды алғыслайды. Ол шаңарағын исенимли тәмийинлейди.

Ҳәммеси буннан жаман болыўы да мүмкин еди, соның ушын ол кешки аўқатқа келген — келмегени себепли бақырыўдың кереги жоқ.

Мен турмысқа шығып атырған жас ҳаялға некелик өмирге үлкен талаплар қойылған дизимнен, кейин күйеўиңниң бул дизим бойынша жасамайтуғынын билгениңде, кеўлиң қалмаўы ушын оннан қутылыўын мәсләҳәт етип, жәрдем бере аламан, — деп ойлайман. Әлбетте, некени дүзбестен алдын төмендегилерди талқылаўға болады: ақша мәселеси, қамсызландырыў мәселеси, садықлық, адамгершилик принциплери, сүйиспеншиликтеги дене ҳәм руўхый бирлик ҳаққында. Егер сениң некеңде булар жоқ болса, сениң буны талап етиўиңе ҳуқықың бар. Егер ҳеш нәрсе өзгермесе, сен бул ушын дуўа етиўиң мүмкин. Бирақ, айырым мәселелерде сен оның көз-қарасларының сеникине туўры келиўин талап ете алмайсаң. Сениң талапларыңды орынлап, бийлигиңе шыдаўды еркеклер көтере алмайды. Буның орнына дуўаңда Қудайға барлық машқалаларыңды айт ҳәм Оның жуўабын күт. Күйеўимизге тәртип орнатыўға ҳәрекет етип ҳәм оған өзлеримиздиң көплеген талапларымызды қойсақ, олардың бизлердиң талапларымызға туўры келмейтуғынын көрип, бизлер ашыўланып, олардан кеўлимиз қалады, бунда бизлердиң де, тиккелей айыбымыз бар. Мениң некемдеги үлкен қыйыншылықлар Майклден үмитим пуш болғанда, оған деген көз-қарасым ҳақыйқый өмирде жоқ болып шыққанында пайда болды.

Өзиңниң көпшилик қыялый көринислериңнен қутыл. Күйеўиңди өзгериўге мәжбүрлеўиң ҳәм оның саған унаў ушын ислеген ҳәрекетлери пайдасыз болып шыққанлығы екеўиңизге де кеўил қалыўдан басқа ҳеш нәрсе алып келмейди. Жақсысы, Қудайдан Өзине унайтуғындай етип күйеўиңди өзгертиўин сора, Ол буны жақсырақ ислейди, себеби «Қудай не ислесе де мәңги бар болады: оған ҳеш нәрсе қосыў ҳәм оннан ҳеш нәрсе алыў керек емес» (Ўазшы 3:4 — қа қараң). Күйеўиңди қандай болса, сондай етип қабыл ет ҳәм оның минсизлиги ушын дуўа ет. Оның өзгерисин көрген ўақытта, Қудайдың күшиниң тәсири усылай көринетуғынын бил. «Тек Қудайда мениң руўхым тынышлан, себеби мениң үмитим Онда» (Забур 61:6). Өзиңниң ең үлкен үмитиңди күйеўиңе емес, ал Қудайға тапсыр.

## Тийисли ҳүрмет

Қудай ер адамнан ҳаялын жақсы көриўди, ал ҳаял адамнан күйеўин ҳүрметлеўди талап етиўин белгилеў қызық. «Солай етип, ҳәр бириңиз өз ҳаялын өзин сүйгендей сүйсин. Ҳаял да, күйеўин ҳүрмет етсин» (Ефес. 5:33). Исенимли түрде айтыўым мүмкин, ҳеш бир ҳаял өзи жақсы көрмеген еркекке турмысқа шықпайды, бирақ, көбинесе, той өткеннен соң бир қанша ўақытлар өтип ол күйеўин ҳүрметлеўди тоқтатады. Ҳүрмет етиўдиң жоқ болыўының нәтийжесинде сүйиспеншилик те жоқ болады. Бундай жағдайда еркеклерге бизлер ойлағанымыздан да көбирек аўыр болады.

Күйеўиңе ҳүрметти жойтыўдың ақыбети, жүдә аўыр болыўы мүмкин. Даўыт патшаның ҳаялы Михол, келисим сандығын қалаға алып киятырғанда күйеўиниң Қудайдың ҳәм барлық халықтың алдында әпиўайы кийимде қуўаныштан ойнағанын дыққат пенен бақлап турды. Михол күйеўиниң қуўанышын бирге бөлисиўдиң орнына, оған жек көриўшилик пенен қарады (Патшалар ҳаққында 2-китап 6:16 — қа қараң). Ол болып атырған ўақыяға Қудайдың көзи менен қараўдың орнына күйеўин ҳүким етти. Ол күйеўин ҳүрметлемегени ушын қымбат төлем төледи. Қудай оны жазалады ҳәм ол өмириниң ақырына шекем бала туўа алмайтуғын болды. Бизлер күйеўимизге тийисли ҳүрметти көрсетпесек, бизлер тек некемизге зыян келтирип ғана қоймастан, ал өзимизди де жаңа өмирден бос қалдырамыз.

Және бир мысал келтирип өтейин. Малика Вашти күйеўиниң буйрығына бойсынбай кешки аўқатқа келген қонақлардың алдына өзиниң патшалық сулыўлығын көрсетип шықпады. Ол буны күйеўиниң абыройы төгилетуғынын билсе де, ислемеди. «Бирақ патшаның ҳаялы Вашти ақталардың патшадан әкелген буйрығын орынлаўдан бас тартып, келиўди қәлемеди. Патшаның буған қатты ғәзеби келип, ашыўдан жанып кетейин деди…» (Естер 1:12-13 — қа қараң). Буның нәтийжесинде Вашти өзиниң патшалық аўҳалын жойтты. Ол тек күйеўиниң ҳүрметине зыян келтирип қоймастан, қонақларға да, менсинбеўшилигин көрсетти. Егер,

ҳаял күйеўиниң жүрегинде маликалық аўҳалын сақлап қалғысы келсе ҳәм оның шаңарағының ҳәм досларының кеўлине тиймеўди қәлесе, ол оны пәске тасламаўы керек (егер оның ойынша күйеўи буған ылайық болса да). Себеби, бунның баҳасы жүдә жоқары.

Егер бул нәрсе сениң менен бәрибир жүз берген болса, егер сен күйеўиңе ҳүрметсизлик көрсеткен болсаң, онда Қудайдың алдында бул ушын тез де тәўбе ет ҳәм сен былай деп айт: «Қудайым, мен Сениң Сөзиңде жазылғандай етип күйеўимди баҳаламайтуғынымды мойныма аламан. Мен жүрегимде аўырыўдан қорғайтуғын дийўал қурып алдым. Бирақ, мен жүрегимниң шыпа табыўы ушын сол дийўалдың қулаўын қәлеймен. Мен күйеўимди жетерли дәрежеде ҳүрмет етпегениме өкинемен ҳәм мениң оған ҳүрметсиз қатнасымның ҳәм оған айтқан сөзлеримниң Саған қарсы гүна екенин мойынлайман. Сен жүрегиме ҳақыйқый сүйиспеншилити бериўиңе қарсылық етип турған тосқынлықты алып тасла. Мендеги жаўызлық дийўалын алып тасла ҳәм маған Саған унайтуғындай етип күйеўимди қалай ҳүрметлеўди үйрет. Қудайым, маған Сениң сүйиспеншилигиңе толы жүрек бер ҳәм күйеўиме Сениң көзиң менен қараўыма жәрдем бер».

Бундай дуўа саған күйеўиңниң жақсы тәрепин көриўге жәрдем береди. Сен оны қоллап-қуўатлайтуғын сөзлерди айтып үйренесең ҳәм сизлердиң некеңиз жаңа өмирге толады. Егер дыққатыңды бәрҳа жаман нәрсеге қаратсаң, онда сүйиспеншилик өледи. Егер тек жақсылықты көриўге ҳәрекет етсең, сүйиспеншилик артады. Егер сениң көкирегиңде Қудай жасайтуғын, күйеўиңе деген сүйиспеншиликке толы жүрек урып турса, сен ҳәмме нәрсеге жаңа көз бенен қарап баслайсаң. Ўақты-ўақты менен саған күйеўиңниң ҳәрекетиниң мәниси, сезимлери түсиниксиз болады, бирақ Қудай саған даналық береди ҳәм жағдайға ҳақыйқатлық пенен қараўға жәрдем береди. Қудайдан усы қәбилетти сый етип бериўин сора.

Сен өзиң турмысқа шыққан ҳаялдай дуўа еткениңде, ойыңда Мухаддес Китаптағы жақсы ҳаялдың үлгисин тут. Мухаддес Китапта жақсы

ҳаял үйине ғамхор болады ҳәм оны басқарады, ол ақшаны даналық пенен басқарып, оны дурыс пайдаланады. Ол өзиниң ден саўлығына ҳәм сыртқы көринисине қарайды. Ол мийнет етип, баҳалы кәсипке ийе болады ҳәм ол көп нәрсе билип, бәрҳа келешектиң ғамын ойлайды. Ол күйеўиниң абройын сақлап турады. Ол күшли, өзине исенимли ҳәм картайыўдан қорықпайды. Оның сөзлери даналық ҳәм мийримлилик пенен ажыралып турады. Ол бәрҳа үйинде не болып атырғанынан хабардар. Күйеўи менен балалары оны мақтайды. Ол сырткы сулыўлыққа сүйенбейди ҳәм ең жақсы безеў — Қудайдан қорқыў екенин биледи. Ол күйеўине жумысларында жәрдем береди ҳәм шадлы турмыста жасайды делинген (Сулайман. нақ. мақ. 31 — қа қараң).

Мине, әжайып ҳаялдың сүўрети — тек Қудайға толық бойсыныўда болыўы мүмкин. Ал, бул жетискенликлердиң гүлшеңбери — күйеўи оған исенеди, себеби «ол өмириниң ақырына дейин жаўызлық пенен емес, ал жақсылық пенен қайтарады» (Сулайман. нақ. мақ. 31:12 — қа қараң). Мен ҳаялдың күйеўи ушын беретуғын ең үлкен «жақсылығы», — бул оның дуўасы екенин билемен. Демек, дуўа етемиз бе?

## *Дуўа*

Қудайым, маған жақсы ҳаял болыўға жәрдем бер. Мен буны Сениң жәрдемиңсиз ислей алмайтуғынымды жақсы түсинемен. Меннен өзимди ойлаўшылықты, шыдамсызлықты алып тасла ҳәм оларды жақсылық, қурбан етиў ҳәм сабырлыққа айналдыр. Мени жаман қылықлардан ҳәм кейипияттан, қатал сөзлерден ҳәм қорғаныў сезиминен азат ет ҳәм маған шыдамлылық, мийримлилик, садықлық, мүләйимлилик сезимин бер ҳәм өзимди басқарыўға үйрет. Мениң жүрегимди жаўызлықтан емле ҳәм дийўалларды Өзиңниң ашылысларыңның күши менен жоқ қыл. Адам өмиринде жетистиретуғын Мухаддес

Руўхтың жемиси-сүйиспеншилик, тынышлық, сабырлылық, мийримлилик, қайырхомлық, садықлық ҳәм мүләйимлилик ҳәм өзин тутып билиў. Бундай ислерге қарсы ҳеш қандай нызам жоқ (Галат 5:22 — қа қараң). Мен өз күшим менен өзим көтериле алмайман. Тек Сен мени өзгерте аласаң.

Маған жүрегимдеги гүнаны, әсиресе, күйеўиме қатнаслы болған гүналарды көрсет. Мен оны ылайықлы етип жақсы көрмегеним ҳәм ҳүрметлемегеним ушын кеширим сорайман. Маған өкпелеў, ашыў ҳәм кеўил қалыўдан қутылыўға ҳәм Сениң кеширгениңдей өтмишти еслетпей толық кешириўге жәрдем бер. Некемди шыпалаўды ҳәм оған тынышлық алып келиўди билиўиме жәрдем бер. Күйеўим екеўимиздиң арамызда саў қарым - қатнасты ойт. Бизлерди ажырасыў басланатуғын босағадан шетлетип, алып өт.

Күйеўимниң жәрдемшиси ҳәм достына айланыўыма жәрдем бер. Үйимди ол қуўаныш пенен қайтып келетуғындай тынышлық ҳәм татыўлық түсиниўшилик орны етиўге жәрдем бер. Бәрҳа сулыў болыў ушын өзиме қараўды үйрет. Күшке толған, ишки дүньясы, руўҳы, ақылы пүтин ҳаял болыўым ушын маған жәрдем бер. Мени күйеўим мақтана алатуғындай ҳаялға айналдыр.

Мен барлық үмитимди Сениң атанағыңа алып келемен. Тек ғана Сен қанаатландыра алатуғын талапларымды, мен күйеўимнен талап етпеймен. Оны қандай болса, сондай етип қабыл алыўыма ҳәм оны өзгертиўге ҳәрекет етпеўиме жәрдем бер. Мен оның толық өзгере алатуғынын билемен, бирақ мен онда Сен жарата алатуғын әжайып өзгерислерди көриўге үмитленемен. Мен Сениң оны жақсы тәрепке өзгертиўиңе исенемен ҳәм ҳеш биримиз минсиз емес екенимизди мойынлайман. Қудайым, тек

Сен минсизсең ҳәм Сен бизлерге минсизликке жақынласыўға жәрдем бересең деп үмитленемен.

Маған күйеўим ушын дуўа етиўди үйрет ҳәм мениң дуўамның тилин ҳақыйқый сүйиспеншилик тилине айналдыр. Егер бизлердиң сүйиспеншилигимиз өлсе, оны тирилт. Маған ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң не екенин көрсет ҳәм сүйиспеншиликти күйеўим сезетуғындай етип көрсетиўге үйрет. Ҳәмме нәрседе келисимли болыўымыз ушын арамызда бирликти жарат (Амос 3:3 — қа қараң). Шыдамлылық ҳәм жигерлендириў - Қудайдан. «Сабырлылық ҳәм жубаныштың тийкары болған Қудайдың Өзи сизлердиң Масих Ийсадан өрнек алып, аўызбиршилик пенен жасаўыңызға жәрдем етсин» (Рим 15:5 — қа қараң). Бизлердиң бир команда болыўымызға жәрдем бер ҳәм бир-биримизге жарысып, ғәрезсиз болыў ушын, гүресимизди тоқтат. Солай етип, өзлеримизди тынышлық алып келетуғын ҳәм өз-ара руўхый күш беретуғын ислерге бағышлайық (Рим. 14:19 — қа қараң). Бизлер «бир ой ҳәм бир мақсет пенен бирлескен» (Коринф. 1-х 1:10 — қа қараң) болайық.

Мен Саған ҳәм бир-биримизге бағышланыўымыздың күннен-күнге беккемлениўи ушын дуўа етемен. Сениң буйрығыңа тийкарланып, күйеўиме шаңарақтың басы болыўына жәрдем бер. Оны қоллап-қуўатлаўға, ҳүрметлеўге ҳәм бийикке көтерилиўге жәрдем бериўди үйрет. Оның жүрек қәлеўлерин түсиниўге ҳәм оның пикирин бөлисиўге жәрдем бер. Маған оның талпыныўларын ҳәм мүтәжликлерин аш ҳәм машқаланы пайда болмастан алдын көрсет. Бизлердиң некемизге өмир бер.

Қудайым, мени басқа адамға өзгерт. Өмирге жаңадан жигер менен қараўға жәрдем бер. Маған күйеў қылып берген адам

менен қарым-қатнасымызға жаңалық киргиз. Оған басқаша қараўға жәрдем бер, жүрегимди таза сүйиспеншиликке, қәлеўлерге толтыр. Мени Қудайдың жаңа жаратылысына ҳәм ылайықлы ҳаял ет.

## Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Сонлықтан да сизлерге айтатуғыным: дуўа еткениңизде нени сорасаңлар да, алғаныңызға исениң, сонда ол сизлерге береди. Дуўа етип турғаныңызда, биреўге өкпели болсаңыз, оны кешириң, сонда аспандағы Әкеңиз де сизлердиң гүналарыңызды кеширеди.

*Марк 11:24-25*

Ал бир-бириңизге мийирман ҳәм жан ашыр болыңлар. Қудай сизлерди Масих арқалы кеширгендей, сизлер де бир-бириңизди кешириңлер.

*Ефес. 4:23*

— Сораңлар, сизлерге бериледи. Излеңлер, табасызлар. Есикти қағыңлар, ол сизлерге ашылады. Себеби, сораған ҳәр бир адам алады, излеген табады, есик қаққанға ашылады.

*Матта 7:7-8*

Үй даналық пенен қурылады ҳәм ақыл менен тастыйықланады. Бөлмелер болса билим менен түрли қымбат баҳа байлыққа толады.

*Сулайман. нақ. мақ. 24:3-4*

Солай екен, жақсылық ислеўден жалықпаңлар. Егер ҳәлсизленип қалмасақ, ўақты келгенде жемисин орып аламыз.

*Галат. 6:9*

# ЕКИНШИ БАП

# ОНЫҢ ЖУМЫСЫ

Бил жумыс ислемейди. Ол шаңарақтағы ақша мәселесиндеги барлық жууапкершликлерди ҳаялы Кимге жүклеген. Ал, өзи болса бул ўақытта әрманларға бериледи. Бирақ, он жети жылдан берли нәтийжеси жоқ жобаларды дүзип атырған пайытта Кимниң жалғыз өзине қаржы аўырманлығын көтериў қуўаныш бағышламайды. Мен Билдиң ҳәлсизлигиниң тийкарында қорқыныш бар екенине исенемен. Ол егер әрман еткен жумысын таба алмаса, өмириниң ақырына дейин өзи жек көрген жумыста ислеўине туўра келетуғынынан қорқады.

Стивен толығы менен өзин жумысқа бағышлайды. Ол я дем алыўды, я мийнетиниң нәтийжесинен рәҳәтлениўди билмейди. Ол шаңарағы менен анда-санда бирге болады, ал оның балалары болса, ер жетип атыр. Ол «өгиз»дей болып, мүтәж болғаны ушын жумыс ислемейди, ал бир күни тоқтап қалсам адамлар мени ҳүрметлемей қояды ҳәм өзимниң көз алдымда өзим қулайман деп қорқады.

Бизлер еркеклердиң жумысқа болған қатнасын келтирдик, — бул бир тәрептен өзин ойлаў, қорқыныш, өзине исенбеў, келешегинен қорқыў себеплери менен жумыс ислеўден бас тартыў болып есапланады. Ериншеклер ҳаққында Қудай былай деген: «Есик өз илдиргишинде айналады,

ериншек болса өз орнында» (Сулайман. нақ. мақ. 26:14 — қа қараң). Ямаса: «...уйқышыл жыртық кийим кийеди» (Сулайман. нақ. мақ. 23:21 — қа қараң). Және: «Еринштектиң жолы тикенли жолға уқсайды…» (Сулайман. нақ. мақ. 15:19 — қа қараң), сондай-ақ: «Ериншектиң әрманы өлимге алып келеди, себеби қоллары жумысқа бармайды…» (Сулайман. нақ. мақ. 21:25 — қа қараң). Басқа сөз бенен айтқанда, ериншек адам ҳеш нәрсегеериспейди, оның ҳеш қандай мүлки болмайды, бирақ оның жолы тикенли болады ҳәм ақырында оны өлимге алып барады.

Екинши қатнас — бул жумысқа тамырдың ақырғы урыўына дейин берилиў. Бундай адамлар ҳаққында Қудай былай айтқан: «Ашкөзлик пенен тартып алатуғынлардың аўҳалы мынаў, олар өз өмирин қыяды» (Сулайман. нақ. мақ. 1:19 — қа қараң); «Мен қолларым ислеген барлық жумысларға ҳәм ислеп атырған мийнетиме қарадым: ҳәм мине ҳәммеси-албыраўшылық ҳәм шаршаў руўҳы ҳәм қуяш астында олардан пайда жоқ!» (Ўазшы 2:22). Демек, берилип жумыс ислеў адамның өмирин бослыққа айландырады ҳәм өмириниң мәнисинен айырады.

Биринши вариант та, екинши вариант та адамды бахытлы қылмайды ҳәм оның өмирин жемиске толтырмайды. Тек Қудайдың жәрдеми менен ғана алтын ортаны таўып, жаңа өмирди баслаўға болады.

Адамның анаў ямаса мынаў илажсызлыққа кириўине қорқыныш себеп болады. Өзин жумысы менен сәўлелендириў еркек адамға тән ҳәм оның еркеклик «мен» дегени соған байланыслы. Ол биреўдиң өзин баҳалаўына мүтәж ҳәм ол өзин жеңимпаздай сезгиси келеди. Ал, бул мақсетлерге ерисиўди ол жумысында көреди. Ол әўметсиз болыўдан қорқады. Егер ол қәбилетине сәйкес емес, яғный, төмен жумысларды ислесе, бул оны пәске таслайды. Егер ол, жумысларының нәтийжесин көрмесе, бул да оны шаршатады ҳәм ол өзиниң қүдирети жетпейтуғынын сезеди.

Қудай еркек адам ушын жумыс өмирден қанаатланыў белгиси екенин биледи. Ол былай деди: «…егер қандай адам …өзиниң мийнетинде жақсылық көрсе, онда бул Қудайдың сыйы» (Ўазшы 3:13 — қа қараң). Егер еркектиң өз жумысына кеўли толмаса, бул сол жумыс себепли емес,

ал сол жумыстың ел ушын мәниске ийе болыўында. Жумысында мәнис көрмеген еркек бир күни неше жыл күш сарплап ислеген жумысының келешеги жоқ екенлигин ҳәм бул жумыстың өмирин бағышлаўға турмайтуғынлығын биледи. Соның менен бирге еркек үлкен жаста болса, онда оның ойында мынадай пикирлер болыўы мүмкин: «Сен ҳеш кимге керек емессең. Сениң орныңа қәлеген адамды алыўға болады. Сен алдын ислеген жумысыңды ҳәзир ислей алмайсаң. Бир нәрсе үйрениўге сен жүдә қартайғансаң. Сениң үмитиң жоқ». Бундай жағдай еркек ушын жүдә қәўипли болыўы мүмкин.

Гэри, оның әкеси ҳәм атасы өмирлеринде ақша мәселесинде бирдей машқаланы бастан кеширген. Олардың ҳәр бири жүз берип атырған жағдай туўралы жүдә кеш ойлайтуғын еди. Үшеўи де қандай екенлигин ойламастан жумысларын өзгертетуғын еди. Олар бәрқулла қарсы майданында гүрес алып баратуғын еди. Олардың ата-анасы ҳеш қашан балаларының уқыбы ашылыўы ҳәм пайдасы тийиўи ушын олардың өмирине Қудайдың жарылқаўы келиўи ҳәм олардың алдында жумысларын орынлай алыўы ушын барлық жоллардың ашылыўы ушын дуўа етпеген еди. Көринип турғанындай, Қудайдың жәрдеми жоқ жерде ўақыя усылай қайталана береди.

Мен ата-аналары тынбай дуўа ететуғын адамлардың өзлерин қанаатландыратуғын жумыс табыўда әўметлирек екенлигин көрип жүрмен. Бәлким, олардың карьерасының басланыўы қыйын болыўы мүмкин, бирақ олар өзлериниң мақсетин ҳәм өмирдеги ўазыйпасын биледи ҳәм бул оларға туўры жолда барыўына жәрдем береди. Басқа адамларға таныс болған шаршаў ҳәм үмитсизлик сезими, оларды шетлеп өтеди. Балаларының өмирин жобаластыратуғын ата-аналардың арасында айырымлары ғана Қудайдың жобасын түсиниўге ҳәрекет етеди. Егер балалардың өмири жағдайдың еркине берилсе, онда ол кеўил қалыў, гүман, үмитсизликтен басқа ҳеш нәрсе алып келмейтуғын кәсиплерди излеп, сарсан болады. Егер сениң күйеўиңниң өмири усылай басланған болса, сениң дуўаларың оны өзгертиўи мүмкин.

Егер сениң күйеўиң ата-анасының дууасынан бос қалған болса, сен буны туўрылаўың мүмкин. Сен оның көзиниң ашылыўы ҳәм Қудайдың жобасын көрип, көрсеткен жолында жүриўи ушын дуўа етиўиң мүмкин. Сениң дуўаларың жәрдеминде күйеўиң, қандай жумыста ислеп атырғанлығына қарамастан, өзин керекли ҳәм қәдирли етип сезеди. Сен оны Қудайдың оған уқып бергенине ҳәм оның ушын таң қаларлық келешек таярлап қойғанына исендириўиң мүмкин. Буннан соң Қудайдан күйеўиңниң өзинде жаңа мүмкиншиликлерди көрип, түсиниўине жәрдем бериўин соран. Өзиңниң дуўаларың менен сен оның жолларына тас төсеўиң мүмкин.

Егер күйеўиңниң жумысы әўметли болса, бәри — бир оның жумысы Қудайдың ерки менен ислениўи ушын дуўа ет, сонда ҳәммеси жақсы болады. Мениң күйеўим қосықлар ушын нама жазады ҳәм ол нама продюсери болып ислейди. Ол маған дуўаларымның жумысы барысында жәрдем бергенлиги ҳаққында бир неше рет айтқан. Ол жумысында ҳеш қашан «қыйын», жаўыз адамлар менен ислеспеген, егер бул жумыстың айрықшалығын есапқа алсақ, бул ҳақыйқый кәрамат. Мен бәрҳа Қудайдан, күйеўимниң жақсы адамлар менен ислесиўи ҳәм оған кеўилсизлик келтиретуғын адамлардың оннан шетлеп өтиўи ушын дуўа етип сорайтуғын едим. Бизлердиң дуўамыз күйеўлеримиздиң жумысын ҳеш қандай қыйыншылықсыз қыла алмаса да, олардың жумысын жеңиллете алады ҳәм оларды көплеген машқалалардан азат ете алады.

Егер сениң күйеўиң жумысқа берилип кеткен адам болса, оның арасында дем алыўы ҳәм кеўил көтериўи ушын ҳәрекет ет ҳәм шаңарақтың ақша мәселесинен аз ўақыт болса да азат ет. Еркеклер дем алыўға мүтәж. Дем алыўсыз олар «жумыста өртениўи» ҳәм мүмкин болған азғырылыўлар алдында ҳәлсиз болыўы мүмкин. Сениң дуўаларың күйеўиңе өмирдиң мәниси жумыста емес, ал Қудайдың изинен жүриўде екенин түсиниўге жәрдем береди. Күйеўимиздиң бул тең салмақлықты табыўы ушын дуўа етейик.

# *Дуўа*

Қудайым, мен күйеўимниң жумысын жарылқаўың ушын дуўа етемен. Жумыс оған тек әўмет ҳәм финанслық өсиўин ғана емес, ал оған үлкен қанаатланыў алып келсин. Егер оның жумысында қандай да нәрсе, оның өмири ушын Сениң еркиңе туўры келмесе, буны оған ашып көрсет. Оған қай жерде қәтелескенин көрсет ҳәм оны туўры жолға сал. Оған күшке толыўына, келешегин көрип, үйрениўине ҳәм ҳәлсизлик пенен ериншекликтен қутылыўына жәрдем бер. Ол жумысынан қорқыныш, өзин ойлаўшылық ямаса жуўапкершиликтен қорыққаны ушын бас тартпасын. Сондай-ақ, оған басқа адамларға унаў ушын жумысқа қатты кирип кетиўи керек емеслигин көрсет. Сен оған берген нәрсеңнен көбирегин ҳеш қашан қәлемеўине жәрдем бер. Оны өзиниң әўметине қуўаныўына ҳәм оннан да үлкениregine ийе болыўға ҳәрекет етиўге үйрет. Оның жақсы жумыс ислеўине жәрдем бер, бирақ әўмет жолында ҳәр қандай тәсирден ҳәм мәжбүр болыўдан азат ет.

Ол не ислесе де, Сениң менен бирге ислеўи ҳәм Сен оның жумысының Баслығы болыўың ушын дуўа етемен. Сен берген сыйларға исенип, өз жумысын излеўине, табыўына ҳәм ылайықлы ислеўине оған жәрдем бер. Оған ҳеш бир адам жаба алмайтуғын келешектиң есигин аш. Оның тәжирийбесин күшейт ҳәм ҳәр жылы оларды жақсылаўға жәрдем бер. Күйеўиме қандай жәрдем бере алатуғынымды көрсет.

Мен оның исенимли, әўметли, өзине унайтуғын ҳәм жетерли ақша төлейтуғын жумысы болыўы ушын дуўа етемен. Ол бәрҳа мына ўәсиятқа садық болсын: «Үмит етип, қуўанып жасаңлар. Қыйыншылықларда сабырлы болыңлар. Үзликсиз дуўа етиңлер» (Рим. 12:12). Ол өз ўақтында жемис келтиретуғын, Сениң тири

суўыңның ағысында егилген терекке уқсаған, шараяттың басымынан қыйсаймаўына жәрдем бер ҳәм оны руўҳый беккемле (Забур 1:3 — қа қараң).

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Өз исине шаққан устаны көрдиң бе?
Ол әпиўайы адамларға емес, ал патшаға хызмет қылады.

*Сулайман. нақ. мақ. 22:29*

Бай боламан деп ҳәрекет қылма, бул ойыңнан ўаз кеш.
Байлық көзди ашып-жумғанша жоқ болады, бүркиттей
қанат қағып, аспанға ушып кетеди.

*Сулайман. нақ. мақ. 23:4-5*

Адам пүткил дүньяны ийелеп алып, бирақ өз жанын
жоғалтса, буннан оған не пайда? Ол өз жаны ушын
қандай төлем бере алады?

*Матта 16:26*

Ериншекликтен төбе салбырайды ҳәм қолың
төмен түскенде үйге суў тамады.

*Ўазшы 10:18*

Қудай Ийемиз бизлерге разы бола көрсин,
қолға алған жумысымызды оңына қарат, Қудайым
жумысымызды жарылқай гөр!

*Забур 89:17*

## ҮШИНШИ БАП

# ОНЫҢ ҚАРЖЫСЫ

Күйеўиңниң пүткил өмириндеги әўмет, көбинесе оның ақшаға болған қатнасына байланыслы. Оның жүреги сақый ма, ямаса сықмар ма? Ол басқалар ушын қуўана ала ма ямаса оны қызғаныш қыйнай ма? Ақша ол ушын жарылқаў ма ямаса нәлет пе? Ол өзиниң қаржысын даналық пенен бе ямаса ойсыз басқара ма? Араңызда ақша мәселесинде қарсылық жоқ па, ямаса бәрҳа урысасыз ба? Некеңиздеги ақша үстинде урыслар ямаса олардың жетпеўи ҳәм үлкен қарызлар сыяқлы қыйыншылықлардан аўыр нәрсе жоқ. Егер бизлер ийе болған нәрсемиздиң Қудайдың ерки бойынша екенин билсек ҳәм егер бизлер бар нәрсемизге Қудайды Басшы етип шақырсақ, бизлер ақша менен байланыслы машқалалардан қутыламыз.

Күйеўим бәрҳа жақсы ақша тапса да, ақшаның муғдарына қараған-да, оның жумысы бәрҳа «бирде суйық, бирде қойыў» усылында қурылатуғын еди. Бир күни кризис бир жыл даўам етти ҳәм буны ҳәммемиз сездик. Бизлерге ақша бериўи керек болған кәрханалар да, нақ ақшасы болмағанлықтан, бизлерге бир тыйын да, төлей алмады. Бул жүдә аўыр ўақыт еди, бирақ егер бизлер Қудайға сүйенип, Оған барлық қаржы машқаламызды тапсырмағанымызда, ҳәммеси буннан да жаман болатуғын еди. Бизлерди Қудайды тыңлағанымыз ҳәм ибадатханаға он пайыз

бериўимиз ғана жигерлендиретуғын еди. Қудай былай дейди: «Өзиңниң он пайызыңды қаржы сақлаў үйине алып кел ҳәм аспан пердесин сизлерге ашаман ба ҳәм сизлерге жарылқаў жаўдыраман ба, қараң» (Малахия 3:10). Бизлер жарлы ҳәм мүтәж адамларға садақа бериў буйрығына да бойсындық: «Бийшараларға жаны ашыған адам бахытлы. Ақырзаман күнинде Қудай оны қутқарады» (Забур 40:2). Бизлер және: «Қудайды излеген ҳеш қандай жақсылыққа мүтәж болмайды…» деген Мухаддес Китаптың ўәдесин есте туттық (Забур 33:11 — қа қараң). Бизлер ҳақыйқаттан да Қудайды изледик. Бизлер Оған өмир булағындай сүйенип, Оның ўәсиятларын орынласақ, бизлер Оның жарылқаўын аламыз. Бизлер неге мүтәж болсақ, Ол бизлерге береди ҳәм сондай болды.

Егер өзиңниң қаржы мәселеңди Қудайға тапсырып ҳәм бул сораўда Оның еркин орынласаң, көплеген ақша мәселеңиз шешилиўи мүмкин. Бул Ол буйырған ўақытта бериўди билдиреди. Қудай Өзиниң еркин орынлаўшыларға қорғаў, қутылыў, жарылқаў ҳәм жаңа өмирге толыўын ўәде етеди. Егер керисинше болса, бизлер жарлылық алып келетуғын пәске тасланыўды көремиз. «Ким жарлының жылағанына қулақ аспаса, өзи де жылағанда ҳеш ким жуўап бермейди» (Сулайман. нақ. мақ. 21:13). Сықмарлық сени бар затыңа қуўаныўды билиўиңнен айырады, ал бул сени өмириңде көплеген машқалаларға алып келеди.

Қурбанлық етиўди билмейтуғын бай адамлар да бар, бирақ егер олардың өмирине жақсырақ сер салсақ, олар Қудайдың көплеген жарылқаўларын алмайтуғынын көремиз. Мысалы, ишки пүтинлик, қорғаў, сүйиспеншилик, руўхый тынышлық, ден саўлық ҳәм толық өмирди көрмейди ҳәм буның себебин өзлери де түсинбейди. Олар өзлериниң байлығын сақлайды, бирақ оған қуўаныў қәбилетин жойтады, буның себеби, олар ҳақыйқый өмирдиң Қудайды билиўдиң гилти ҳәм Оның жолы менен жүриўде, екенлигин билмейди. Ал, бул толық исенимде өзиниң ўақты, күши, сүйиспеншилиги, қәбилетин қаржы мәселесин Оның қол астына тапсырыў дегенди аңлатады.

Күйеўиң өмирге деген усы гилтти табыўы ушын ҳәм өзиниң қаржы мәселесине Қудайдың еркин түсиниўи ушын дуўа ет. Оның сақый жүрекке ийе болыўы ушын ҳәм бар затын басқалар менен бөлисиўи ҳәм оннан көбирегин излемеўи ушын дуўа ет. Мен көбирек ақша табыў жаман деп айтажақ емеспен, керисинше. Еркек өзиниң жумысы ушын ылайықлы пул алыўы керек, ал ҳаял болса бул ушын дуўа етиўи керек. Руўхыңды шаршататуғын ҳәм ақыры жарлылыққа, яғный оның қайғы, ашыўланыў, қызғаныш аўырыўлары сыяқлы жолдасларын алып келетуғын ҳәр түрли аўыр мийнет адам ушын ылайықлы есапланбайды. Не болса да күйеўиңе Қудайдың қолынан жарылқаў жаўыны қуйылыўы ушын дуўа ет. «Ийемиздиң жарылқаўы байлық келтиреди ҳәм байлыққа ғам-тәшўиш келтирмейди» (Сулайман. нақ. мақ. 10:22).

Бизлердиң қаржы мәселесиндеги қыйыншылықларымыздың ҳәммеси дуўа жәрдеминде шешиле бермейди, себеби айырым ўақытлары Қудай бир нәрсеге дыққатыңды қаратыў ушын ямаса бир нәрсеге үйретиў ушын усындай қыйыншылықты қолланады. Бирақ, сондай болса да, дуўаларың күйеўиңди керек емес гүрестен қорғайтуғынына гүманланба. Қудай қулақ асатуғын, миннетдар ҳәм сақый жүреклерди ҳәм өзлериниң байлықларын Қудайда көретуғынларды жарылқағысы келеди. «Өйткени байлықларыңыз қай жерде болса, кеўиллериңиз де сол жерде болады» (Матта 6:21). Қудай күйеўдиң байлығын ақшаларда емес, ал Өзинде табыўын қәлейди.

## *Дуўа*

Қудайым, мен барлық қаржыларым сенде екенине исенемен. Олардың Басшысы бол ҳәм оларды Өзиңниң мақсетинде қоллан. Екеўимизге де, Сениң сыйларыңды дурыс қолланыўға жәрдем бер. Ақшаны саўыў мәселесинде бизлерди толық бирликте болыўымызға үйрет. Мен қарыздың аўыр қыйыншылығынан

азат болыўымыз ушын дуўа етемен. Қай жерде ҳәм қай ўақытта, надурыс ислегенимизди бизлерге көрсет ҳәм бизлерди даналыққа үйрет. Қулаған нәрсени қайтадан көтер ҳәм бизлерди басқар. Байлығымызды көбейтиўде даналық пенен қатнасыўыма жәрдем бер. Бизлер бәрҳа ийе болған затымыздың ҳәммеси Саған тийисли екенин есте тутайық ҳәм бул ушын бәрҳа Саған миннетдар болайық.

Сен Өз Сөзиңде ўәсият еткениңдей (күйеўиңниң аты) қурбанлық етип, үйрениўи ушын дуўа етемен. Қаржысын басқарыўында оған даналық бер ҳәм ақшасын даналық пенен жумсаўына ҳәм келешегин даналық пенен жобаластырыўына жәрдем бер. Оның жумысына бәрҳа жақсы ақша төлесин, оның ақшалары бәрҳа урланбаған ҳәм босқа жумсалмаған, яғный, пүтин болсын. Оларды көбейт ҳәм олардың тийкары бәрҳа беккем болсын. Күйеўим ҳеш қашан қаржы мәселесинде қыйналыўдың орнына, Қудай Патшалығын излеп жүриўи, сонда булар оған қосымша етип берилиўи ушын дуўа етемен (Лука 12:31 — қа қараң).

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Сонлықтан да, не ишип, не жейтуғыныңызды излеп, тәшиўишленбеңлер. Себеби усылардың бәрин бул дүньяның бутқа табыныўшылары излеп жүреди. Сизлердиң усыларға мүтәж екениңизди Әкеңиз биледи. Оның орнына, Қудай Патшалығын излеп жүриңлер, сонда булар сизлерге қосымша етип бериледи.

*Лука 12:29-31*

Өмириндеги күнлер оның есинде көп ўақыт болмайды, себеби Қудай оның қуўанышлы жүрегин жарылқайды.

*Ўазшы 5:19*

Жарлыға берген адам кем болмайды, көрип көрмегенликке алған адам болса нәлетке ушырайды.

*Сулайман. нақ. мақ. 27:28*

Мен жас едим, енди қартайдым, бирақ ҳақыйқатшыл адамның таслап кетилгенин ямаса оның урпақларының нанға зар болғанын көрмедим.

*Забур 36:25*

Мениң Қудайым сизлердиң ҳәр бир мүтәжлигиңизди Масих Ийса арқалы Өзиниң салтанатлы байлығы менен қандырады.

*Филип. 4:19*

# ТӨРТИНШИ БАП

# ОНЫҢ ЖЫНЫСЫЙ ӨМИРИ

Бул китапта еркеклердиң өмириниң баслы мәселелери ҳаққында айтылады. Егер бизлер оларды өмиринде қызықтыратуғын тараўда бахытлы қыла алсақ ҳәм олардың өмириниң басқа әҳмийетли тәреплеринеде қарасақ, бизлер көп нәрседе жеңиске ерисемиз.

Ҳаяллар менен бирге жигирма жыл қаңыраған ҳәм өли, бәрҳа биринши болыўға гүреске толы әўметсиз неке ҳаққында дуўа еткенимизден кейин мен ҳаяллар ушын жыныслық қатнас онша әҳмийетли емес екенин көрдим. Олар некениң бул тәрепи ҳаққында ҳеш ойламайды, — деп айтыў мүмкин емес. Тек олардың өмири көплеген басқа: балаларды тәрбиялаў, жумыс, қаржы мәселеси, үй жумыслары, шаршаў, аўырыў ҳәм күйеўиң менен қарсыласыў сыяқлы көбирек дыққат аўдарыў керек болған машқалаларға толы болғанлықтан, олар ушын жынысый қатнасық ең ақырғы орында турады. Айырым ҳаяллар ҳәптелеп, айлап, ал айырым ўақытлары жыллап күйеўлери менен анаў ямаса мынаў сылтаўлар менен жынысый қатнаста болмайды. Некеси бузылып атырғанда болса, олар қатты таң қалады. Ҳаялға жынысый өмирдиң бундай жағдайлары туўры келсе де, оның күйеўи өзин өмириниң бул әҳмийетли бөлиминде хорланған сезеди.

Ҳаял ушын жынысый қатнасық еркекке сүйиспеншилигин көрсетиў усылы болып табылады. Ол өзин қапа қылатуғын, ҳеш қолламайтуғын, кеўли қалған, өзин оның қасында тасланды ҳәм жалғыз сезетуғын еркеклерге мүләйим бола алмайды. Бирақ, еркек ушын жынысый қатнасық жүдә керекли нәрсе болып табылады. Егер ол жынысый қатнаста болмаса, оның көриўи ҳәм еситиўи ҳәлсирейди, ал ақылы ҳәм сезимлери өзиниң күшин жойтады. Ол өз ҳаялын тыңлаўды тоқтатады. Егер өмириндеги бул әҳмийетли бөлимге қарсылық көрсетилсе, ол ҳаялының сезимлерин түсиниўди тоқтатады. Ал, ҳаялларда болса ҳәммеси керисинше. Олар басқа машқалаларымызды шешемен дегенше, жынысый қатнасық тоқтап турады, — деп ойлайды. Бирақ ҳақыйқатында, егер жынысый қатнаста болсаң, бул машқалаларды шешиў мүмкиншилиги артады.

Соның ушын жынысый қатнасыққа некелик қатнасыңыздан айрықша орын белгилең. Бул ушын қолайлы шәрияттың ямаса сенде қәлеўдиң болыўының әҳмийети жоқ, әҳмийетлиси, егер сен жақсы қатнасты сақлап қалғың келсе, онда күйеўиңниң мүтәжликлерин түсиндирип, оларды қанаатландырыўың керек. Еркеклерди өмирдиң бул бөлегинде пәске таслаў, қуралсызландырыў, өзин пайдасыз сезиндириў жүдә жеңил, себеби олар жынысый қатнастан басқа ҳеш жерде өзлерин толық раўажланған сезе алмайды.

Еркек пенен ҳаялдың бул ҳаққында Қудайдың көз-қарасын түсинетуғынының себеби, жынысый қатнасының жүдә тәнлигинде. Бирақ, Мухаддес Китап бул ҳаққында анық былай айтады: «Себеби ҳаялдың денеси үстинен ҳаялдың өзи емес, ал күйеўи бийлик етеди. Сол сыяқлы, ер адамның денеси үстинен де ер адамның өзи емес, ал ҳаялы бийлик етеди. Ерли-зайыпылылық ўазыйпасын орынлаўда бир-бириңизден бас тартпаңлар. Тек өз ара келискеннен соң, өзлериңизди дуўа етиўге толық бағышлаў ушын ғана ўақытша бөлек болыңлар. Өзиңизди тыя алмағаныңыздан шайтан пайдаланып, сизлерди азғырмаўы ушын, кейин және бирге болыңлар» (Коринф. 1-хат 7:4-5). Ерли-зайыптың арасындағы

жынысый қатнас-бул Қудайдың пикири болып табылады. Күнделикли жынысый қатнастан қашыўдың кереги жоқ. Тек ораза, дуўа етиў ҳәм аўырған ўақытта бул нәрсе болмаўы мүмкин.

Некеде бизлердиң денемиз өзимизге тийисли емес. Бизлер бир-биримизге денелик дыққат аўдарыўымыз керек. Жынысый қатнастың жийи болыўы жеке өзлеримиздиң емес, ал басқа адамның мүтәж болғанына байланыслы. Егер сениң жынысый қатнасқа көз-қарасың өзиңниң мүтәжлигиң ҳәм қәлеўиң менен шекленген болса, онда сен бул сораўда Қудайдың тутқан орнын түсинбейсең. Ол бизлердиң денемиз басқа адамға қуўаныш алып келиўи кереклигин айтады. Тәбиятта еркеклер жынысый қатнасқа мүтәж қылып жаратылған ҳәм ол үйленген ўақтында ҳаял оны қанаатландырыўы керек. Егер бундай болмаса, қарым-қатнаста көп нәрсе жоқ болады. Бизлер ҳәр қандай қәўипли азғырылыўлар алдында ҳәлсиз боламыз. Бундай жағдай ҳәр биримиздиң өмиримизде жүз бериўи мүмкин, сонлықтан некелик өмириңиздеги ҳәм күйеўиңниң өмириндеги жыныслық қатнас дуўаға мүтәж. Жақсысы, машқала пайда болмастан алдын дуўа еткен жақсы.

Егер күйеўиң сениң қәлегениңнен де көбирек жынысый қатнаста болғысы келсе, бул қатнаста өзгериўиң ушын Қудайға дуўа ет. Өзимниң тәжирийбемнен мен, ерли-зайплылардың арасында ең аўыр машқала олардың балаларының еле кишкене ҳәм көп итибарға мүтәж болған ўақтында пайда болатуғынын билемен. Оларды төсекке жатқарып, сен шаршағаныңнан тек уйқы ҳаққында әрман етесең, ал күйеўиңниң болса бул түнге басқа жобалары болады. Сен оның ҳәрекетлерин кейинге қалдырып, былай айтыўың мүмкин: «Буны умыт. Мен шаршадым» ямаса оған өзиңниң аўҳалыңды айтсаң, ол өзи былай жуўап бериўи мүмкин: «Машқала жоқ. Демиңди ал». Бирақ мен санап өтилгенлерден жақсырақ төртинши вариантты таптым. Қара, ол саған керек болмай ма?

Күйеўиң саған қәлеўлерин айтып баслаған ўақытта, басқа жаққа қарама ҳәм суўық демиңди алма, ал оның орнына былай деп айт: «Яқшы, маған он бес (жигирма ямаса оннан көп) минут бер». Усы ўақыт даўамында

сулыўырақ көриниўге ҳәрекет ет, мысалы, моншаға түс ямаса денеге ийисли лосьонды сүрт ямаса оның жақсы көретуғын әтир суўын сеп (бундай әтирди жынысый қатнас ўақты ушын арнап алып қой), шашыңды тара, азғантай бояныў да кесент етпейди. Ол сени теңсиз деп көретуғын ишки кийимди кийип ал ҳәм кемшиликлериң ушын қәўетерленбе, себеби ол буған дыққат аўдармайды. Кемшиликлериңди жасырыў ушын сулыў пеньюар кийиўиң мүмкин. Соның менен бирге, Қудай саған күш бериўи ҳәм күйеўиңниң жүрегин саған қаратыўы ушын дуўа ет. Ол сени көргенде таң қалады ҳәм бийкарға күтпегенин биледи. Сен өзиңниң қандай жақсы жолдас болыўың мүмкин екенин көрип таң қаласаң, кейин екеўиңиз де бахытлы ҳалда уйқыға кетесиз. Бул азғана пайдаланған ўақтыңыз некеңиз ушын үлкен жақсылыққа айналыўы мүмкин.

Бирақ, ҳаялы күйеўи тәрепинен қарсылық көрген ўақтында керисинше болыўы мүмкин. Буның себеби оның ҳаялына денелик, ақыл ямаса сезимлер жобасында қызығыўшылығын жойтқанында. Бирақ, егер еркек айлап жынысый қатнаста болмаў уқыбына ийе болса, онда оның машқаласы бар, ямаса ол денелик шаршаўдан, әўметсизлик, кеўил қалыў ямаса кейпияты түскенинен қыйналып атыр. Бул жерде дуўа жәрдем бериўи мүмкин, ол машқаланы ашып көрсетеди ҳәм оның шешимине жол көрсетеди. Керек болған жағдайда тәжирийбели жәрдемге мүрәжәт етиўиңиз мүмкин. Бул ажырасып ҳәм оның нәтийжесинде жоқ болған ден саўлықты ҳәм бузылған психиканы тиклеўге қарағанда аңсатырақ ҳәм арзан. Бундай аўырыўлар бәрҳа некениң бузылыўына алып келеди. Ашыў ҳәм өкиништиң сени бийлеп алыўына жол қойма. Бәрҳа саў ҳәм сулыў көриниўге тырыс. Егер өзиңниң ямаса денеңниң ғамын ойлаў саған қуўаныш алып келмесе, онда буны күйеўиң ушын исле. Оның жақсы көретуғын ишки кийимин кий, шашыңды өзгерт ҳәм оны жаңа көринисиң менен таң қалдыр. Барлық ўақытта таза ҳәм қызықлы бол. Бир сөз бенен айтқанда, ҳәрекетсиз қалма.

Некедеги жынысый қатнасқа қарсы болыўдың нәтийжеси жаман болады. Буны есиңде тут. Календарға дыққат аўдар ҳәм денелик қатнасыңызда

узақ үзилиске жол қоймаң. Егер узақ үзилис барысы созылса, Қудайдан бунның себебин көрсетиўин ҳәм жағдайды өзгертиўин соран. Мынаны есиңде тут: жынысый қатнастың таза болыўы ушын дуўа етиўге ҳеш ўақыт кеш болмайды. Өткен өмириңде қандай жағдай болмасын, енди бунның әҳмийети жоқ. Айырым ўақытлары еркеклердиң некеге шекемги жынысый қатнасы машқала туўдырыўы мүмкин. Буны еслемеўиң ушын дуўа ет. Сизлердиң жүрегиңиз ҳақыйқат ушын ашылса, сизлер тазаланасыз. Бунның ҳәммеси дуўадан басланады. Қудайдың бул сыйын ҳәм өмириңниң бул бөлеги ушын дуўа етиўди қалдырма.

## *Дуўа*

Қудайым, күйеўимниң жынысый қатнасын жарылқа ҳәм оны жаңа өмирге толтыр. Бузылған нәрсени тикле ҳәм теңликке мүтәж болған нәрсени теңлестир. Бизлерди кеўил қалыў, бир-бирине кеўли толмаў, кек сақлаў ҳәм бийпәрўалықтан қорға. Бир-биримиз ушын ўақыт табыўға, жүректен сөйлесиўге ҳәм бир-биримиздиң мүтәжлигимизге итибарлы болыўымызға жәрдем бер.

Бизлердиң жынысый қатнасымыз денеде де, ойымызда да таза болсын ҳәм ҳеш қандай жаман қәлеўлер бизлерди азғырмасын. Бизлерди некемизден алдын өмиримизде болған қәтелеримиздиң жүгинен азат ет. Өмиримизден ҳәр қандай азғырылыўларды, неке ҳадаллығын бузыўды алып тасла. Ҳәр биримизге «Қудайдың ерки-сизлердиң мухаддес болыўыңыздан ибарат. Яғный, Ол сизлердиң жынысый бузықшылықтан аўлақ жүриўиңизди, ҳәр бириңиздиң өз денесин қәдирлеп, мухаддес қылып сақлаўына» жәрдем бер (Салоника. 1-х 4:3-4). Мен басқа адамды емес, ал тек бир-биримизди қәлеўимиз ушын дуўа етемен. Сулыў ҳәм сүйикли болыўды, шеттен қанаатланыў излемеўи ушын күйеўиме қалай унаўды үйрет.

Күйеўиме хызмет етиўдеги әҳмийетли тәреплериниң бири жынысый қатнас екенин билемен. Буны өзимниң жеке мақсетлерим ушын пайдаланбаўыма жәрдем бер. Қудайым, мен өмиримиздиң бул бөлегин Саған исенип тапсыраман. Онда бәрҳа жаңарыў ҳәм өмир ҳүкимдарлық сүрсин. Оны Өзиңе унайтуғындай етип исле.

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Бузықшылықтан аўлақ болыңлар! Адамның ислейтуғын
басқа барлық гүналары денесиниң сыртында исленеди.
Ал бузықшылық ислеген адам өз денесине қарсы гүна ислейди.
Денеңиздиң өзлериңиз Қудайдан алған ҳәм сизлерде жасап
атырған Мухаддес Руўхтың ибадатханасы екенлигин
билмейсизлер ме? Сизлер өзиңизге тийисли емессиз.
Өйткени Қудай бийбаҳа төлем төлеп, сизлерди сатып алды.
Сонлықтан да, өз денеңиз бенен Қудайды алғыслаңлар.

*Коринф. 1-х 6:18-20*

«Аўқат қарын ушын, ал қарын аўқат ушын жаратылған», —
дейсизлер. Деген менен, Қудай екеўин де жоқ қылады.
Бирақ, дене бузықшылық ушын емес, ал Ийемиз ушын
жаратылған. Ийемиз де денемизге ғамхорлық қылады.

*Коринф. 1-х 6:13*

Өзиңниң суў сақлағышыңдағы қудықтан суў ише бер.
Булақларың сыртқа, көшеге ақпасын; Оны жат
адамлар менен бөлиспе, ол тек өзиңдики болсын. Булағыңның
суўлары жарылқанған болсын; көз ашып көргениң менен
бирге қуўан. Әжайып суўын ҳәм сулыў кийик,
оның көкирегинде сени қанаатландырсын, бәрҳа
оның сүйиспеншилиги менен қанаатлан.

*Сулайман. нақ. мақ. 5:15-19*

## БЕСИНШИ БАП

# ОНЫҢ ЖАҒЫМЛЫЛЫҒЫ

Күйеўи тәрептен өзине деген жылыўы жоқ екени ҳаққында оның менен сөйлесиўди шешкенинде, Том менен Пэттидиң турмыс қурғанына бир неше жыл болған еди. Том ҳәмме нәрседе ҳәм жынысый қатнаста әжайып күйеў еди, бирақ қалғанларында жылыў да, жағымлылық та жоқ еди. Том ҳаялын жақсы көрмейтуғын еди деп айтыў мүмкин емес, керисинше ол ҳаялын жүдә жақсы көретуғын еди. Буның себеби, ол кишкене ўақтында аймалаўдан бос қалғаны еди. Пэтти өзин айыплы сезетуғын еди ҳәм күйеўин қапа қылғысы келмеди, себеби өзи де кишкене ўақтында жылыў ҳәм жағымлылық не екенин билмейтуғын еди. Бул олардың некесинде жүдә әҳмийетли еди. Пэтти күйеўине усының себебинен қарсылық көрсеткенинде, ол өзин дүзетиўге ҳәрекет ететуғын еди, бирақ тез арада ҳәммеси өз орнына қайтатуғын ҳәм екеўин де қатты қапа қылатуғын еди. Ақыр-ақыбет ол үмитин жойтты ҳәм руўҳында бослықты сезе баслады. Ол жылыў ҳәм аймалаўсыз кейин қалай жасайтуғынын көз алдына келтире алмады, бирақ, онда Томды өзгертиўге ҳеш қандай үмит қалмады.

Ақырында, бул аўырыўды көтериўге басқа күши қалмаған Пэтти, өзиниң машқаласы ҳаққында дуўа етиў топарына айтты ҳәм ол ушын дуўа етиўин илтимас етти. Топардағы сиңлилер ҳәр ҳәпте дуўа етти ҳәм Пэтти

Қудайдың Руўҳының өзиниң өмирине киргенин сезе баслады. Ол оған жақсы аўқатланыўҳәм дене шынығыўы менен шуғылланыў кереклигин көрсетти. Қудайдың көрсетпелерине қулақ асып ҳәм оның изинен ерип, ол өзин жақсы сезди ҳәм күйеўи тәрептен аймаланыўға ылайықлы екенин түсине баслады. Ол өзиниң қәлеўи ушын айыпкершилик сезиминен қутылыўы керек еди, себеби Қудай оннан соны қәлейтуғын еди. Тез арада Пэтти Том менен жаңадан сөйлесиўи кереклигине Қудай оятып атырғанын сезди, бирақ бул сапары ҳәммеси Мухаддес Руўҳтың басқарыўы менен жүз бериўи керек еди, себеби ол дослары менен Томның өзгериўи ушын дуўа еткен еди.

«Бундай сөйлесиў ушын мен өзимдеги бар күшимди жәрдемге шақырыўыма туўра келди. Ҳәммеси ажырасыў менен тамам болады, себеби жағдайды өзгертиў мүмкин емес деп қорққан едим. Бирақ, кейин Қудай маған сол ўақытта керек болған сүйиспеншилик сөзин айтты ҳәм бул сөйлесиў бизлердиң некемиздиң өзгериўиниң әжайып басламасы болды, — деп кейинирек айтып берди ол».

«Пэтти маған: — Әзийзим, сендей мен сүйетуғын ҳәм исенетуғын әжайып адам қалай өзиниң барлық жетискенликлери менен бундай суўық болып қала алады? — деп айтқанында өзгерис жүз берди, — деп еследи Том».

«Мениң сөзлерим оны жигерлендирди, оған үмит берди ҳәм және талпынып көриўимизге исендирди, — деп айтты Пэтти».

Бул сапары Том басқаша жол тутты. Ол өзиниң машқаласын еркеклер дуўа етиў топарына айтты. Олар оны тек күнделикли дуўасы менен қоллап қоймастан, күнде Пэттиге жыллылық көрсетиўи кереклигин еслетип турыўды шешти.

«Мен буған разы болдым, себеби мен өзгергим келетуғын еди. Мен Пэттиди жақсы көремен ҳәм оған аўыр болыўын қәлемеймен. Мен өзгериўди қәледим ҳәм буның тек Мухаддес Руўҳтың басқарыўында мүмкин екенин билдим», — дейди Том.

Күнде дуўа етиў топарынан ким болса да Томға қоңыраў қылатуғын ҳәм: «Бүгин сен Пэттидиң ғамхорлығыңды сезиўи ушын не иследиң?»-деп

сорайтуғын еди. Олар тағы да қалай жағымлылықты көрсетиў кереклигин мәсләҳәт ететуғын еди ҳәм ўақты-ўақты менен Пэттиден «Қәне, мениң жумысларым қалай кетип атыр?» — деп сораўын мәсләҳәт етти. Мухаддес Руўҳтың қатнасыўысыз бул нәрсе жалықтыратуғындай көринетуғын еди, бирақ Том Қудайға өзин толығы менен бағышлағанлықтан, онда ҳеш қандай қарсылық болмады.

«Енди, ол үйге келиўден биринши болып мени қушақлап, сүйеди».

Том ҳәм Пэттидиң машқаласындай машқала көп ушырасады. Көплеген адамлар, Қудайға садық адамлар да жылыў ҳәм жағымлылық жоқ өли некеде жасайды. Бирақ, көпшилик ҳаяллар бул жағдайға көнеди ҳәм арыз етпейди, себеби күйеўи оларды басқа барлық нәрседе қанаатландырады. Бирақ Қудай некелик қатнасқа бундай қарамайды. «Ер адам өз ҳаялына деген, ҳаял да өз күйеўине деген ерли-зайыплылық ўазыйпасын орынласын» (Коринф. 1-х 7:3). «Қушақлаў ўақты бар», — дейди Мухаддес Китап (Ўазшы 3:5 — қа қараң). Бул ўақыт сен некели болғаныңда болады. Жағымлылық көрсетиў еркеклер ушын биринши орында емес, себеби олар жынысый қатнас пенен жағымлылықты бирдей деп түсинеди. Ал, ҳаяллар болса күйеўиниң ғамхорлығына қатты мүтәж. Егер сениң некеңде бул болмаса, Мухаддес Руўх сизлердиң некелик қатнасыңызды раўажландырыўы ушын дуўа ет.

## *Дуўа*

Қудайым, мен күйеўим екеўимиздиң қатнасымыз арасында бәрҳа жыллылық болыўы ушын дуўа етемен. Бизлерге гүман, ериншекликтен қутылыўға ҳәм бир-биримизге сүйиспеншилигимизди ашық көрсетиўге үйрениўимизде жәрдем бер. Бир-биримизди қалай сүйетуғынымызды ҳәм баҳалайтуғынымызды көрсетиўди үйрет. Күнде бизлерде жағымлы ҳәм мүләйим жақынласыўлар болсын. Бизлер-

ге суўықлықтан, бийпәрўалықтан қутылыўға жәрдем бер. Бир-биримизге жыллылық, сүйиспеншилик бериўге үйрет. Бизлердиң өзгериўимизге ҳәм руўҳый өсиўимизге кесент ететуғын нәрселерди жоқ қыл. Егер екеўимизден биреўимиз жағымлырақ болсақ, арамызда теңлик орнат.

Егер бизлердиң қатнасымыздағы бийпәрўалық балаларымызға кери тәсир еткен ҳәм олардың неке ҳаққындағы көз-қарасын жаман тәрепке өзгерткен болса, бизлерге ҳәммесин дүзетиўге ҳәм олар ушын жақсы үлги болыўға жәрдем бер. Қәтелеримизди батырлық пенен мойнымызға алып, өмирге деген қәлеўлеримизди өзгертиўге үйрет.

Алапасырлылық ҳәм ўақыттың жоқлығы бир-биримизге деген қызығыўшылықты жоқ ететуғын себеп болмасын. Бир-биримизге мүләйимлилик көрсетиў ҳеш қашан бизлер ушын аўырманлық болмасын. Сүйиспеншиликти көрсетиўдиң бундай усылы некемизди беккемлеўи ушын жәрдем бер. Мен бәрҳа «Бир-бириңизди сүйиспеншилик пенен сүйип, сәлемлесиңлер. Масихқа тийисли болған сизлердиң ҳәммеңизге тынышлық яр болсын!» (Петрдиң 1-х 5:14 — қа қараң) деп дуўа етемен. Мен тек Мухаддес Руўхтың күши өмир бойы туратуғын өзгеристи ислей алатуғынын билемен. Мен ҳәммесин Саған исенип тапсыраман ҳәм Сеннен Өзиңниң қәлегениңдей ерли-зайып болыўымызға жәрдем бериўиңди сорайман.

## Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
## МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Егер сизлерде Масихтан келген жигер, сүйиспеншиликтен пайда болған жубаныш, Мухаддес Руўх пенен қарым-қатнас, мийримлилик ҳәм реҳимлилик бар болса, онда бир пикир ҳәм сүйиспеншилик пенен, бир руўх ҳәм мақсет пенен бирлесип, мениң қуўанышымды толы қылың.

*Филип. 2:1-2*

Сол сыяқлы, күйеўлер де ҳаялларын өз денесин сүйгендей сүйиўи шәрт. Өз ҳаялын сүйген, өзин сүйген болады. Ҳеш ким, ҳеш қашан өз денесин жек көрмеген. Керисинше, Масих исениўшилер жәмәәтине ғамхор болғаны сыяқлы, адам өз денесин азықландырып, оны күтеди.

*Ефес. 5:28-29*

Тек өзиңиздиң ғана емес, ал басқалардың да пайдасын гөзлеңлер.

*Филип. 2:4*

Онық шеп қолы менен басымның астында, ал оң қолы мени қушақлап атыр.

*Қосықлар қосығы 2:6*

Ҳәр бир адам өзиниң емес, ал басқалардың пайдасын гөзлесин.

*Коринф. 1-х 10:24*

## АЛТЫНШЫ БАП

# ОНЫҢ АЗҒЫРЫЛЫЎЫ

Неке қурған биринши күнимизден баслап-ақ, мен Қудайдан Майкл ҳәм өзимди мүмкин болған азғырылыўлардан сақлаўын сорадым. Бизлер бир-биримизге гүманланатуғындай себеп бермедик, бәлким бул дуўаларымның ямаса өзимизди тазалықта сақлағанымыздың нәтийжеси болыўы мүмкин. Бәрибир мен бунда адамның ҳәрекетине қарағанда, Қудайдың қолы көп жәрдем бергенине исенемен, бирақ екеўи де әҳмийетке ийе.

Мен өмирлеринде азғырылыўға түскен бир неше ерли-зайыплыларды билемен, бирақ ҳаялының дуўа етиўди ҳәм күйеўиниң өзгериўи ҳәм некеси сақланып қалыўы ушын Қудайға жүрегин ашыўды қәлеўи менен бул неке елеге дейин тири. Бундай кәраматлар дуўа етиўде Мухаддес Руўхтың күши менен исленеди.

Досларымның бириниң күйеўи ажыраспастан алдын бир неше рет ҳаялының көзине шөп салды, ол ҳәр сапары ҳаялының жақын досларының бири менен болатуғын еди. Мен оның «досларды» таңлағанда неге итибар беретуғынына қызықтым, бирақ Қудайға қаншама дәрежеде жүреги садық ҳәм қаншама дәрежеде дуўаға кеўил аўдаратуғынын сорамадым. Мухаддес Руўхтың даўысын еситиўди қәлемеген жүрек қанша дуўа етсе де өзгермейди.

Азғырылыў ҳәзирги күнде ҳәмме жерде бар ҳәм күйеўимиздиң ана я мына азғырылыўдан қорғаныўы бар деп ойлаў ақмақлық. Мухаддес Китапта былай делинген: «…адамның көзлери тоймайды» (Сулайман. нақ. мақ. 27:20). Егер бул ырас болса, онда азғырылыў мүмкиншилиги бәрҳа ҳақыйқат ҳәм бизлер бәрҳа сергек болыўымыз керек. Биреўлер ишимликтен, наркотиктен, басқалары болса ақша ҳәм бийликтен, үшиншилери ашкөзликтен ямаса жаман сүўретлерге ҳәўескерликтен азғырылады. Душпан бизлердиң ең ҳәлсиз жерлеримизди биледи ҳәм бизлерге қапқан қояды. Гәп бизлердиң жолымызда азғырылыўдың болыўында емес, ал бизлердиң азғырылыўға түсиўимизде. Мен бундай жағдайларда дуўа етиўди мәсләҳәт етемен. Бәлким, дуўа адамды ислеўге бетленген нәрсесинен қорғамаўы мүмкин, бирақ ол азғырыўшының даўысын пәсейтиўи мүмкин ҳәм оның ҳүжимине қарсылығыңды күшейтеди. Ол адамға дурыс таңлаў жолын көрсетиўи мүмкин.

Мухаддес Китап мынаны айтады: Қудай бизди азғырмайды, ал қәлеўлеримиз бизди азғырады. Айырым ўақытлары олар бизлерди гүнаға алып барады ҳәм ақырында набыт етеди. Бирақ, «сынаўға шыдаған адам бахытлы! Өйткени ол сынаўдан өткеннен соң, Қудайдан Өзин сүйетуғынларға ўәде еткен өмир тажын алады» (Яқып 1:12). Бизлердиң сынақлардан өткенимиз Қудайға унайды, себеби Ол бизлерди тазалағысы келеди. Бирақ, Ол Өзиниң жолын таңлаўымызда қанша дәрежеде Оған исенетуғынымызды билгиси келеди. Егер бизлер шын жүректен Оның жолларын излесек ҳәм Оннан жәрдем сорасақ, Ол бизлерге бәрҳа жолды көрсетеди.

Машқала пайда болмастан алдын, дуўа етип баслаў керек. Ийса Өзиниң шәкиртлерине «азғырылмаўы ушын» дуўа етиўди (Лука 22:40 — қа қараң) ҳәм бәрҳа итибарлы болыўды буйырды, себеби «руўх сергек, ал дене ҳәлсиз» (Марк 14:38). Егер сениң күйеўиң азғырылыў дәўириндеги гүресте қыйналып атырған болса, оның дуўа етиўде ҳақыйқый дослары табылыў ҳәм ол оның менен ҳәмме нәрсе ҳаққында ашық сөйлесе алыўы ушын дуўа ет. Қудайдың ҳәм басқа исениўшилердиң

алдында азғырылыўыңды шын жүректен мойынласаң, онда оның күши азаяды. Тилекке қарсы, көплеген еркеклер өзлериниң азғырылыўы ҳаққында ашық айтпайды ҳәм соның менен олардан қорғаныўға да қарсылық етеди.

Егер барлық дуўларыңнан кейин де күйеўиң азғырылыўға түссе, оны айыплама, себеби шешимди ол қабыллады. Ол таңлады ҳәм Руўхтың емес, ал дененің қәлеўи менен кетти. «Және айтажағым мынаў: Мухаддес Руўхқа бойсынып жасаңлар! Сонда, өз тәбиятыңыздың жаман қәлеўлерине ҳеш қашан бойсынбайсызлар. Өйткени адам тәбиятының жаман қәлеўлери Мухаддес Руўхқа, Мухаддес Руўх адам тәбиятының жаман қәлеўлерине қарсы. Олар бир-бирине қарсы болғанлықтан, сизлер ислеўди қәлеген нәрселериңизди ислей алмайсызлар» (Галат 5:16-17). Күйеўиң ушын дуўа етиўди тоқтатпа. Күйеўиң неше рет азғырылыўға түссе де, Қудайдың оны қутқаратуғынын бил, ал өзиң Қудайдың ерки менен қутқарылыў жолын табыўында жәрдем бере аласаң. Егер сениң некең бундай ҳүжимнен азат болса, онда Қудайға миннетдаршылық билдир ҳәм ҳеш нәрсе өзгермеўи ушын дуўа ет.

## *Дуўа*

Қудайым, Сеннен күйеўим жолында ушыратыўы мүмкин болған азғырылыўға қарсы турыўы ушын оған күш бериўиңди сорайман. Оның жүрегине жетип бармастан ҳәм оны ислеместен бурын, керек емес ойлардан оны азат ет. Оны азғырылыўға түсирме, бирақ оны неке ҳадаллығын бузыў, жаман сүўретлер, наркотик, ишимлик, ашкөзлик, қумар ойынлар сыяқлы жаўызлықтан сақла. Ең баслысы, оны (анық азғырылыўдың аты) сақла. Ол қай жерде руўхый ҳәлсиз болса, сол жерин беккемле. Өмирде барлық қыйыншылықлардан өтиўине күш бер. Ол былай айтатуғын болсын: «Қолланбайтуғын нәрсемди көз алдыма келтирмеймен;

бузықлардың ислеринен жеркенемен, бундай нәрсе ҳеш қашан маған жабыспайды» (Забур 100:3).

Әкежан, Сен: «Өзин тута алмайтуғын адам, дийўалсыз ўайран қалаға уқсайды» (Сулайман. нақ. мақ. 25:28), — деп айтқансаң ғо. Мен оның (күйеўиңниң аты) жаўызлыққа берилмеўи ҳәм Сениң күшиң оны қорғаўы ушын сорайман. Оның әтирапында қорғаныў дийўалын орнат. Оны Мухаддес Руўхқа толтыр ҳәм оннан Саған тийисли емес нәрселерди алып тасла. Оны өзиниң руўхын басқарыўға ҳәм азғырылыўларға қарсы турыўға үйрет. Ол «сүйиспеншилиги ҳақыйқый болып, аманлықтан қашып, жақсылыққа жабысып алсын» (Рим. 12:9 — қа қараң). Оны дениниң емес, ал Руўхтың қәлеўин ислеўге үйрет.

## Сениң дууәңды ҳәрекетке келтириуге жәрдем беретуғын
## МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Азғырылыуға түскенде, ҳеш ким: «Мен Қудай тәрепинен азғырылып атырман» демесин. Себеби Қудай жаманлық пенен азғырыла алмайды ҳәм Оның Өзи де ҳеш кимди азғырмайды. Бирақ, ҳәр ким өзиниң жаман қәлеулерине берилип, алданып азғырылады. Кейин сол қәлеу ҳәмледар болып, гүнаны тууады. Ал гүна жетилисип, өлимди тууады.

*Яқып 1:13-15*

Сизлердиң басыңызға ҳәмме адамлардың басына түсетуғын сынақлардан басқа сынақлар түскен жоқ. Қудай садық, Ол күшиңизден артық сынақларға түсиуиңизге жол қоймайды. Сынақларға шыдауыңыз ушын, Ол сынақлар менен биргеликте олардан шығыу жолын да береди.

*Коринф. 1-х 10:13*

Айшы-әширетке ҳәм мәскүнемликке, ҳарамылыққа ҳәм бузықшылыққа, жәнжел ҳәм күншилликке берилмейик. Күндизге жарасатуғын әдепли өмир сүрейик. Ийемиз Ийса Масихтың сизлерди басқарыуына жол қойыңлар ҳәм гүнакар тәбиятыңыздың жаман қәлеулерине бойсынбаңлар.

*Рим 13:13-14*

Ал, байымақшы болғанлар азғырылыуға ушырайды. Олар адамларды бәлеге жолықтырып набыт

қылатуғын көп мәниссиз ҳәм зыянлы
ҳәўеслердиң дузағына илинеди.

*Тимофей. 1-х 6:9*

Адамның гүнакар тәбиятының ислери аян, олар:
неке ҳадаллығын бузыў, ҳарамылық, бузықшылық,
бутпаразлық, сыйқыршылық, душпанлық, жәнжелкешлик,
күншиллик, ғәзеп, менменлик, алаўызлық туўдырыў,
бөлиниў, қызғаншақлық, мәскүнемлик, айшы-әширет ҳәм
усыларға уқсаған нәрселер. Сизлерди алдын
ескерткенимдей, және ескертип атырман: усындай
ис-ҳәрекетти ислеўшилер Қудайдың Патшалығын
мийрас етип алмайды.

*Галат. 5:19-21*

ЖЕТИНШИ БАП

# ОНЫҢ ГҮМАНЛАРЫ

Алдын мен күйеўимниң ойының гүңгирт екенин оның музыкалық талантының өзгешеликлери менен түсиндиретуғын едим. Бундай артистлик минез қандай екенин билесиз бе? Бул бир тәрептен жарық ҳәм нур шашып турады, ал екинши тәрептен қайғылы ҳәм шаршағанлық. Кейпияты төмен болған ўақтында, ол: «ҳеш нәрсеге ерисе алмайман, жумысымды орынлаўға уқыбым жоқ» деген ойларға бериледи. Бундай ойлаўға ҳақыйқый себеплер жоқ, бирақ бундай ойлар әўметке ерискен ўақытларында да, онда пайда болатуғын еди. Мен оның пикирине қосылып, тәбиятынан келип шыққан ҳалда «Оның болып болғаны» — деп ойлаўымның қәте екенин, бирден түсинбедим. Бирақ, мен, Майкл өзиниң гүманлары менен гүресиўде жалғыз болмаўы керек екенин түсиндим. Егер ол мениң менен бир пүтинниң өзи болатуғын болса, онда мен ҳәр қандай қарсылықлар болғанда оның қасында болып, «Күйеўимниң өмиринде Қудай сөйлеп атырған жоқ, ал бул душпанның даўысы. Мен ол душпанның күйеўимниң ойында өлимге алып келетуғын ойынлар ойнап атырғанына қарап тура алмайман» деп айтыўым мүмкин еди.

Мен «шайтанның ҳийлелерине қарсы тура алыў ушын» (Ефес. 6:11 — қа қараң), өзимниң тәжирийбемди қолланыўды уйғардым. Не болса да,

Мухаддес Китап бизлерге «... тилек ҳәм жалбарыныў менен дуўа етип, усы мақсет пенен сергек болып ҳәм барлық мухаддеслер ушын табан тиреп сораўымыз ушын» дуўа етиўди буйырады. Ҳақыйқаттан да, «барлық мухаддеслер» — дегенде адамлар топарын түсиниў керек, ал олардың минез-қулқын емес. Ол мениң күйеўим сол адамлар топарына киреди. Бир неше ай дуўа еткенимнен кейин мен дуўаларымның нәтийжесине таң қалдым. Мен Майклдың ойларын басқарыўын көрип қоймастан, сондай-ақ душпанның жобалары әмелге аспастан алдын дуўаның оларға қандай етип тәсир ететуғынын бақлап бардым. Күйеўим мениң дуўаларымның жуўабын қанша көп көрген сайын, ол сонша дәрежеде ойларын толтырған өтириктиң келип шығыўын түсине баслады ҳәм оларға исениўди азайтып баслады.

Жәҳәнге лекцияларым менен саяхат етип, мен түрли жәмәәттеги ҳаяллар менен көп сөйлестим ҳәм бул машқаланың қанша дәрежеде белгили екенин көрип, таң қалдым. Ақырында, мен Қудайдың еркеклер ушын таярлап қойғанын бузыўға талпынып атырған душпаны бар екенин түсиндим. Ҳаялларға да сол душпан топылыс жасайды, бирақ айырым жағдайларда еркеклер ҳәлсизирек болып келеди. Ең күшли еркек те күшсиз қалыўы, машқалалардан шыға алмай қалыўы, қапаланыўы ямаса Қудайдан оны алыслататуғын қақпанға түсиўи мүмкин. Ол шайтанның өмириндеги қыйыншылықларды жеңе алмайсаң деген қақпанын бәрҳама көрип билмейди. Оның басында мынадай ойлар бар еди: «үмитсизлик», «ҳәммеси жаман», «бул апат», «мүмкин емес», «ҳәммеси тамам» ҳәм «ҳәрекет етип не қыламан?». Ҳаял күйеўиниң өтириктен расты айырып билиўи ушын дуўа ете алады ҳәм бул сөзлердиң орнына басқа мына сөзлерди: «үмит», «раўажланыўы», «мүмкиншилик», «әўмет» ҳәм «жаңа баслаў» сыяқлы сөзлерди еситиўи мүмкин ҳәм олардың Қудайдан екенин биледи.

Қудайдың сөзи ҳәм Қудайға алғыс-мине бул күйеўиңниң мийине шабыўыл жасайтуғын шайтанның өтириклерине қарсы шығатуғын күшли еки қурал. «Қудайдың сөзи тири ҳәм тәсирли. Ол еки жүзли

қылыштан да өткир болып, жан менен руўхты, буўын менен сүйеклерди бөлетуғын дәрежеде суғылып киреди: ол жүректеги ой ҳәм нийетлерди әшкара қылады» (Еврей 4:12; курсив меники. — С. О.). Сен Қудайдың сөзин айтқаныңда, надурыс пикирлерди көре баслайсаң. Егер сениң күйеўиң буны өзлигинен ислей алмайтуғын болса, ол бар ўақытта Қудайдың сөзин айтыўың ямаса өзиң менен жалғыз дуўа еткениңде айтыўың мүмкин ҳәм сен буннан жақсы нәтийжени көресең. Мен бир неше рет усылай иследим ҳәм күйеўим өзинде болған өзгерислерди гуўалық етиўи мүмкин. Мен бәрҳа Майклға «Өйткени Қудай бизлерге қорқақлық руўхын емес, ал күш, сүйиспеншилик ҳәм салдамлылық руўхын берди» еслетип тураман (Тимофей. 2-х 1:7; курсив меники. — С. О.)[*]*. Мен оған ҳеш қашан оны дурыс пикирлеўди таслап кетпеўи ушын дуўа ететуғынымды айтаман.

Ең беккем қурал Қудайды алғыслаў болып табылады. Бизлер Қудайды алғыслаған ўақтымызда, Оның менен бирге боламыз ҳәм Оның бирге болғанынан бизлер шыпа табамыз ҳәм бизлердиң өмиримиз өзгереди. «Олар Қудайды билсе де, Оны Қудай деп уллыламады ҳәм Оған шүкирлик билдирмеди. Керисинше, олардың ой-қыяллары бос болып, ақылсыз кеўиллерин қараңғылық қаплады» (Рим 1:21). Егер сен күйеўиңниң мийи жаман ойларға толмаўын қәлесең, онда күйеўиңниң ден саўлығы, ойының таза болғаны ушын Қудайға алғыс айт ҳәм сонда ол өзиниң ҳәлсизлигин анық көриўи мүмкин.

Жаман кейпият, қайғы, ашыў, қорқыныш, жалғызлық, азғырылыў алдында ҳәлсизлик, жаўызлық ҳәм түрли аўырыўлар, буның бәри басымызда туўылады. Егер сен ойларыңды басқара алмасаң, олар сени басқарыўы мүмкин. Соның ушын Қудай бизлерге барлық ойларымызды ҳақыйқат деп түсинбеўимиз керек екенин үйретеди. «Бойсынбаған қайсар халқыма Мен күни-түни қолымды жайып отырман» (Ийшая 65:2). Қудай

---

* Русша Синодал Мухаддес Китабында: «… күш ҳәм сүйиспеншилик ҳәм салдамлылық». — Аўдар. белг.

Өзиниң ойларын, бизлер «Масихтың ақыл-ойына» ийе болыўымыз ушын бизлердики болыўын қәлейди (Коринф 1-х 2:16 — қа қараң). Келиң, күйеўимиз Масихтың ақылына ийе болыўы ушын ҳәм ҳәр бир ойы Қудайға бойсыныўда болыўы ушын дуўа етейик. Арамызда ким буған мүтәж емес?

## *Дуўа*

Қудайым, күйеўимниң ойын қорғаўың ушын саған дуўа етемен. Оны шайтанның өтиригинен қорға, Сениң даўысыңды басқалардан айырып билиўди үйрет ҳәм Сен ўәсият еткениңдей, өзиниң ойларын саған қаратсын. Оны Сениң сөзиңди ҳәм ҳақыйқатыңды күтетуғындай, надурыс пикирлерди айырып билетуғындай етип өзгерт. Өтирикке қарсы турыўға жәрдем бер. Оған Масихтың ақылына ийе екенин еслетип тур. Егер душпан күйеўимди уялдыратуғын болса, мен күйеўимниң ойын тазарта алатуғын Мухаддес Руўхтың күши менен душпанды қуўаман. Қудайым, Сен маған «...душпанның барлық күшин жеңетуғындай» бийлик бергенсең (Лука 10:19 — қа қараң). Усы бийликтиң жәрдеминде мен күйеўимдеги барлық өтирикши руўхлардың жоқ болыўына буйрық беремен. Мен оған Қудайдың күйеўиме (оның аты) өзиниң өмирин жақсы көретуғындай ақыл бергенин айтаман. Оны ҳеш қашан гүналы, жаман ойлар уялдырмасын. Оған өмиринде Сениң еркиң менен болып атырған жақсылықларды гуўалық ететуғындай ақыл бер (Рим 12:2 — қа қараң).

«...Оның қудиретиниң күши менен беккемленип барыўына» жәрдем бер (Ефес. 6:10 — қа қараң). Ҳәр қандай ақыл ойдан зыят болған Қудайдың тынышлығы Масих Ийса арқалы кеўиллеримизди ҳәм ой-пикирлеримизди қорғаўы ушын ҳеш нәрседен тәшўиш шекпеўге, ҳәмме нәрсе ушын Саған дуўа

етип ҳәм жалбарынып, ҳәр бир тилегимизди Саған шүкирлик пенен билдириўимизге жәрдем бер. (Филип. 4:6-7). Жуўмақлап айтқанда, тек нелердиң ҳақыйқый, нелердиң ҳақ, нелердиң пәк, нелердиң унамлы, нелердиң мақтаўға турарлы, және де, нениң жақсы ҳәм нениң алғысқа ылайықлы екенин терең ойлаўға жәрдем бер (Филип 4:8 — қа қараң).

## Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
## МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Бизлер дүньяда жасап атырған болсақ та, дүньяның жолы менен урыспаймыз. Бизлердиң урысымыздың дүньяға тийисли қураллар емес, ал душпанның беккем қорғанларын қыйрататуғын Қудайдың қүдиретине ийе болған қураллар. Сол қураллар менен сандырақ сөзлерди ҳәм Қудайды билиўге тосқынлық қылатуғын ҳәр қандай менменликти жоқ қыламыз, Масихқа бойсынбайтуғын ҳәр бир ой-пикирди Масихқа тутқын етип бойсындырамыз.

*Коринф 2-х 10:3-5*

Гүнакар тәбият басқаратуғын ой-пикирлер өлимге, ал Мухаддес Руўх басқаратуғын ой-пикирлер өмирге ҳәм тынышлыққа еристиреди.

*Рим 8:6*

Бирақ денемниң мүшелеринде басқа бир нызамды байқайман. Ол мениң сана-сезимимниң нызамына қарсы урысып, мени денемниң мүшелериндеги гүна нызамына тутқын етеди.

*Рим 7:23*

Ийемиз Ийса Масих арқалы тек жалғыз Қудай ғана қутқарады! Қудайға шүкирлер болсын! Солай етип, мен өз сана-сезимим менен Қудайдың Нызамына, ал гүнакар тәбиятым менен гүнаның нызамына хызмет етип атырман.

*Рим 7:25*

Ийең болған Қудайыңды пүткил жүрегиң, пүткил жаның, пүткил ақыл-ойың ҳәм пүткил күшиң менен сүй.

*Марк 12:13*

## СЕГИЗИНШИ БАП

# ОНЫҢ ҚОРҚЫНЫШЛАРЫ

Бул дүньяда көп нәрсе бизлерге қорқыныш алып келеди ҳәм буған тек ақмақ ғана қарсы шығыўы мүмкин. Бирақ, қорқыныш бизлерди бийлеп алған ўақытта, бизлер оның тутқыны боламыз. Көбинесе қорқыныштың олжасы еркеклер болады, себеби оларды мынаған уқсас сораўлар жийи қыйнайды: «Егер тосаттан…?»; «Тосаттан мен жетерли дәрежеде ақша ислей алмасам не?»; «ал, егер ҳаялым ҳәм балаларыма бир нәрсе болса не?»; «ал, егер мен қорқынышлы аўырыў менен аўырсам не?»; «ал, егер бизнесим жүриспесе не?»; «ал, егер мен жақсы әке бола алмасам не?»; «ал, егер мен майып болып қалсам ямаса шаңарағымды баға алмай қалсам не?»; «ал, тосаттан биреў маған қәўип туўдырса не?»; «ал, егер мен апатқа ушырасам не?»; «мен өлип қалсам не болады?». Қорқыныш адамды бийлеп алыўы (Забур 47:7 — қа қараң) ҳәм оны набыт қылыўы мүмкин (Забур 77:33 — қа қараң). Егер адамның «зәрреси ушса» (Лука 8:37 — қа қараң), ол Қудай менен қатнасын жоғалтады ҳәм Оның еркин түсиниўди тоқтатады.

Некелик өмиримиздиң екинши жылында мен, Майкл, пасторымыз Джек Хейфорд ҳәм оның ҳаялы Анна ҳәм ибадатханамыздың ағзаларының кишкене топары менен бирге Италия, Греция ҳәм Израилге сапарға шықтық. Майкл бәрҳа унамаса да, саяхатқа шығатуғын еди ҳәм бизлер

Грецияға жеткен ўақтымызда ол кейпияты түскен аўҳалда еди. Бир күни кеште, бир неше шаршататуғын күннен кейин, ол былай деди:

— Мен басқа шыдай алмайман. Мен бул жерде басқа қала алмайман.

— Сен неден қорқасаң? — деп сорадым мен.

— Егер мен тез арада үйге қайтпасам, мениң өмирим қулайтуғындай.

Жүдә кеш болыўына қарамастан, мен пастор Джекке қоңыраў қылып, азанда кетиўимизди хабарладым. Бәлким, ол төсекте жатырған шығар, бирақ ол былай деди:

— Мен ҳәзир сизлердикине бараман.

Ол келген ўақытта, Майкл оған ҳәммесин ашық айтты. Пастор Джек оны қушақлады ҳәм Аспандағы Әкениң оны қандай сүйиспеншилик пенен сүйетуғынын айта баслады.

— Қудай сени Өзиниң баласындай қабыллады. Сен қүдиретли ҳәм сүйиспеншиликли Әке менен бирге болған ўақтыңда, ҳеш нәрседен қорқыўдың кереги жоқ, — деп айтты ол.

Бул аспандағы сүйиспеншиликти сезиўи ушын пастор Джек Майкл ушын дуўа етти. Майкл ушын Мухаддес Руўхтың бул ҳәрекети үлкен ашылыс болды. Соның жәрдеминде ол өзиниң қорқынышлары менен гүресе алды ҳәм топар менен бирге саяхаттың ақырына дейин қалды. Сондай болғаны да жақсы болды. Себеби, мен Ерусалимде ҳәмледар болдым ҳәм тоғыз айдан кейин балам Кристофер туўылды. Бул пастор Джектиң туўылған күнинде жүз берди. Егер қорқыныштың бизлерди бийлеўине жол қоймасақ, бизлер менен әжайып нәрселер жүз бериўи мүмкин.

Анық машқала ушын дуўа етиўге мәжбүрлейтуғын қорқынышлы ойлардың түрлери ҳәм сениң еркинди қозғалтпай таслайтуғын қорқыныш сезимлери көп. Әлбетте, сен күйеўиңниң жүреги Мухаддес Руўхқа толыўын қәлейсең, бирақ оны қорқыныш руўхы бийлеп алғанда, сен араласпай тура алмайсаң. «Бирақ кимнен қорқыў керек екенин айтайын: өлтирилгеннен кейин, дозаққа таслаўға қүдирети күшли Қудайдан қорқыңлар. Аўа, сизлерге айтатуғыным: Оннан қорқыңлар» (Лука 12:5).

Бизлер ийе болыўымыз мүмкин болған жалғыз қорқыныш-бул Қудайдың алдында қорқыў болып табылады.

Егер сен Қудайдан қорқсаң, Қудай саған душпанларыңнан азат етиўди (Патшалық ҳаққында 4-китап 17:39 — қа қараң), жаўызлықтан қорғаўды (Сулайман. нақ. мақ. 16:6 — қа қараң), Өзиниң көзин сениң үстинде услаўды (Сулайман. нақ. мақ. 32:18 — қа қараң), саған Өзиниң мийрим-шәпәәтин бериўине (Лука 1:50 — қа қараң), саған байлық ҳәм даңқ бериўди (Сулайман. нақ. мақ. 22:4 — қа қараң), өмириңди керек нәрселер менен тәмийинлеўди (Забур 33:10 — қа қараң), саған Өзиниң ўәсиятын ашыўды (Забур 24:14 — қа қараң), балаларың ҳәм ақлықларыңды жарылқаўды (Забур 102:17 — қа қараң), саған беккем исенимди бериўди (Сулайман. нақ. мақ. 14:26 — қа қараң), өмириңди тәшўишсиз етиўине (Сулайман. нақ. мақ. 19:23 — қа қараң), саған узақ өмир тилеўди (Сулайман. нақ. мақ. 10:27 — қа қараң) ҳәм сениң жүрегиңниң қәлеўлерин қанаатландырыўды (Забур 144:19 — қа қараң) ўәде етеди. Буннан басқа нени қәлеўимиз мүмкин? Қудайдың қорғаўшы ҳәм минсиз сүйиспеншилиги күйеўиңди қоршаўы ҳәм қорқыныштан азат етиўи ушын дуўа ет.

## *Дуўа*

Қудайым, Сен Өз сөзиңде «сүйиспеншиликте қорқыў жоқ. Керисинше, минсиз сүйиспеншилик қорқыўды қуўып шығарады. Себеби қорқыў жаза менен байланыслы болады. Қорқатуғын адам сүйиспеншиликте минсизликке ериспеген» (Юхан 1-х 4:18), — деп айтқан единң. Ҳеш қандай қорқыныш күйеўимди бийлеп алмаўы ушын күйеўим Сениң сүйиспеншилигиңде өсиўи ушын жәрдем бер. Сен оған қорқақлық руўхын емес, ал күш, сүйиспеншилик ҳәм салдамлылық руўхын бергениңди билемен (Тимофей. 2-х 1:7 — қа қараң). Мени қорқыныш басқармаўын Ийса Масихтың аты менен сорайман. Қандай жағдай болыўына

қарамай Сениң сүйиспеншилигиң оннан кетпейтуғынлығын түсиниўине жәрдем бер.

Саған сүйиспеншилиги ҳеш қашан алдамайтуғын, қүдиретине ҳеш нәрсе жетпейтуғын ҳәм Оның менен бирге болғанда ҳеш нәрседен қорқыўдың кереги жоқ болған Әке сыпатында қарап, жәрдем бериўиңди өтинип сорайман. Оны қорқыныш сезиминен азат ет ҳәм оны басқа, Қудайдан қорқыў сезими менен толтыр (Еремия 32:40 — қа қараң). Қудайым оны Өзиңниң жолыңа сал. Оған «Сениң ҳақыйқатыңда жүриўине» жәрдем бер. Оның жүрегин «Сениң атыңнан қорқыўын» тастыйықла (Забур 85:11 — қа қараң). Адамлар алдында қорқынышы жоқ болыўы ушын ҳәм: «Сонлықтан бизлер батырлық пенен былай деймиз: „Жаратқан Ийем маған жәрдем береди, мен қорқпайман. Адам маған не ислей алады?“» — деп айта алыўы ушын сорайман (Еврей 13:6). «Өзиңнен қорққанлар ушын таярлап қойған жақсылығың көп…» (Забур 30:20 — қа қараң).

Мен оған (күйеўиңниң аты) былай айтаман: «Беккем тур, қорқпа; мине Қудайың, кек алыўға келеди; Ол келип, сени қутқарады» (Ийшая 35:4). «Сен ҳақыйқатлықта тастыйықланасаң ҳәм азаптан алыста боласаң, себеби сениң қорқатуғын нәрсең жоқ ҳәм қорқыныш та саған жақынламайды» (Ийшая 54:14). «Түнде қараңғылықтың қорқынышынан, күндиз душпанның оқларынан қорқпайсаң, сескенбейсең түнги аўырыўлардан ҳәм тал түсте басыңа түскен апаттан» (Забур 90:5-6). «Жаратқан Ийениң Руўхы қонып, саған даналық пенен парасат, ақыл-кеңес пенен қүдирет, бийлик пенен Қудайды терең қәстерлеўди үйретеди. Сен Жаратқан Ийеңе бойсынып, Оны терең қәстерлеўден қуўаныш табасаң» (Ийшая 11:2-3).

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Қудайдың периштеси мөминлердиң әтирапында қорған қурған, оннан қорққанларды Өзи азат етеди.

*Забур 33:8*

Қудайыма мүрәжат еткенимде, Ол маған қулақ салды ҳәм барлық қәўиплеримнен қутқарды.

*Забур 33:5*

Өлим ойпатлығынан қараңғылықта жүрсем де, жаўызлықтан қорқпайман. Себеби, Сен мениң менен биргесең, Сениң хаса таяғың маған жубаныш береди.

*Забур 22:4*

Қорқпа, себеби Мен сениң менен биргемен, уялма, Мен сениң Қудайыңман! Саған күш-қуўат берип көмеклесемен, жеңимпаз қолым менен сүйеймен.

*Ийшая 41:10*

Қудайым-мениң нурым ҳәм қутқарылыўым: кимнен мен қорқаман? Қудайым-өмиримниң қорғаны: кимнен қәўетерленемен?

*Забур 26:1*

# ТОҒЫЗЫНШЫ БАП

# ОНЫҢ МАҚСЕТЛЕРИ

Бизлердиң ҳәр биримизде түрли мақсетлер бар. Тек сол ушын ғана бизлер жасап атырмыз. Бул бизлердиң хызметимиз ҳәм ўазыйпамыз. Бизлер Қудайды алғыслаў ҳәм Оның еркин орынлаў ушын жасап атырмыз. Буны өзлеримиздиң өмиримизде раўажландырыўҳәр биримиздиң жеке жумысымыз болып табылады. Сениң күйеўиң не ушын жасап атырғанын, өмири тосаттан емес екенлигин билиўи шәрт. Ол белгиленген мақсетке жаралғанына исениўи керек. Егер ол өзиниң ўазыйпасын түсинсе, неге шақырылған болса, соны ислеўди ҳәм ким болыўы керек болса, сондай болыўға ҳәрекет етеди. Сол ўақытта, ол өмирдиң толық таўсылмас булағын табады. Бул сени де бахытлы етеди.

Мен 25 жыллық некемниң барысында ең баслы ҳақыйқаттың бирине, яғный, күйеўиме ҳеш қандай үстемлик етпей, тек дуўа етиўим керек екенлигине үйрендим. Қудайдың Өзиниң еркине сай етип күйеўин өзгертиўи ушын ол тек дуўа ете алады. Ал, күйеўиниң усындай болыўы тек оның разы болып, жүрегин Қудайға ашып, аспаннан өзине қаратылған сөзлерди еситиўине ҳәм оның «Ҳәмме нәрсени Өз қәлеўи менен иске асыратуғын қудайдың ерки бойынша бизлер алдын ала белгиленип, Масих арқалы таңлап алындық» (Ефес 1:11) деген сөзлерди тыңлаўына

байланыслы. Сен күйеўиң ушын Қудайдың бул шақырығын еситип, барлық ислерин Қудайдың нийетине сай ислеўи ушын дуўа етиўге шақырылғансаң.

Адамның Қудайдың ўәсиятлары менен жасамайтуғыны бәрҳа оның қәўетерленгенинен көринип турады. Егер қасыңызда өз ўазыйпасын, хызметин орынлап атырған адам болса, онда сиз ол адамда исин терең түсиниўди, ишки исенимди, беккемликти көресиз. Ал, сизиң күйеўиңиз қалай жасап атыр? Оның өмирде мақсетсиз жүргени сизди тәшўишке сала ма? Егер усылай болса, былай дуўа етиң: «Қудайым, мениң күйеўимди бул аўҳалдан алып шық. Өзиңниң мақсетиңди ашып, жаңа келешегин көрсет».

Бул дуўа арқалы күйеўиңниң аўҳалы бирден өзгереди деп ўәде ете алмаймыз. Бирақ, көбинесе олардың талпынысы өзгериўи де мүмкин. Мениң Дэвид деген достым бар. Ол көп жыллардан бери самолет соғатуғын заводта ислейди. Қудайдың даўысын еситип, ол кем тәмийинленген шаңарақта жасайтуғын жас өспиримлерге жәрдем бериўге Қудайдың шақырғанын билди. Ол сондай-ақ, өзиниң жумысын таслап кетиўи керек екенин түсинди. Оның алатуғын айлығы шаңарағын бағыўға жететуғын еди. Жаңа исти баслаў ушын ол ўақыттың аз қалғанын көрди. Дэвид бундай шаңарақларға азық-аўқат бериўди, кем тәмийинленген жас өспиримлерге атап концерт бағдарламасын көрсетиўди, қутқарылмағанларды масихый хызметке шақырыўды шөлкемлестирди. Ол бул урыс-қағысларға толы болған қалада тынышлық орнатыў ушын мүмкин болған ҳәмме нәрсени иследи. Бул жүдә қыйын жумыс, бирақ ол оның өмирин мәниске толтырады. Ол не ушын жасап атырғанын биледи, буны оның қасында болғанда сезбеў мүмкин емес. Сыртынан бул ең әпиўайы адам, бирақ ол руўхый күшли ҳәм оның менен Муқаддес Руўхтың күши бирге. Дэвидтиң ҳаялы Присцилла, оның қандай хызметке шақырылғанын биледи ҳәм оған қолынан келгенше жәрдем береди.

Қудай күйеўиң ушын қандай шақырық таярлап қойған болса да, сениң өмириңниң мәнисин Ол күйеўиңди қоллаўыңда, дуўа етиў арқалы болса

да жумысларында қатнасыўында, жигерлендириў сөзлерин айтыўында ямаса басқа усылларда көреди. Айырым ҳаяллар бул жәрдемди үйин қолайлы жайластырыў, балаларын тәрбиялаў ҳәм бәрҳа күйеўи ушын дуўа етиўде көреди. Басқа ҳаяллар болса күйеўиниң бизнесинде шериги ямаса жәрдемшиси болыўы мүмкин. Қандай жағдай болса да, Қудай өзиңниң жекелигиңди көрсетиўиңде мүмкиншилик береди. Қудай күйеўиңниң шақырылған хызметине қарсы болмай, жәрдем бериўиң ушын, оның ислеринде саған анық орын белгилейди. Қудай тәртипсизликтиң, шатасыўдың, урыс-қағыстың, сизлерге унамайтуғын жағдайдың жаратыўшысы болыўы мүмкин емес. Ол минсиз ўақыт белгисиниң Қудайы. Сизлердиң хызметиңиз тек Қудайдың белгиленген ўақтында басланыўы мүмкин.

Егер күйеўиң Қудайдың қойған мақсетине қарай баратырған болса ҳәм келешегин еле көз алдына келтирмеген болса, душпан оның ойына гүманланыў тұқымын таслаўына исениўиң мүмкин. Сениң дуўаларың оған гүманның тутқынынан қутылыўға, Қудайды тыңлаўға жәрдем бериўи ҳәм Қудайдың жолында қатты турыўға үйретиўи мүмкин. Олар оның өмирин мақсетине қараған жол қылады.

## *Дуўа*

Қудайым, ол (күйеўиңниң аты) Сениң шақырыўыңды еситиўи ушын дуўа етип сорайман. Масихта ким болса, өмиринде сондай болыўына жәрдем бер ҳәм оған өмириниң уллы мақсетин көрсет. Қудайдың шақырығынан пайда болған үмитти ҳәм Оның исениўшилерге берген уллы мийрасының қаншелли бай екенини билиўиңиз ушын, жүреклериңиздиң көзлери ашылсын деп, дуўа етип атырман (Ефес 1:18 — қа қараң).

Қудайым, Сен бизлерди шақырған ўақтында, бизлерге күш бересең. Оны неге шақырған болсаң, соған ылайықлы жасаўына

ҳәм Қудайдың адамы болыўға үйрет. Оған бул шақырықты бәрҳа еслетип тур ҳәм басқа нәрселерге қызығып, Сениң қойған мақсетиңнен ўаз кешиўине жол қойма. Гүманларын жоқ қыл. Оның көзлери жағдайдың үстинен қарасын ҳәм Сен оны не ушын жаратқаныңды көрсин. Сениң белгилеген ўақтыңды күтиўге сабырлық бер. Оның жүрегиниң қәлеўлери Сениң еркиңе туўры келиўи ушын дуўа етемен. Ол бәрҳа Сениң басқарыўыңды излесин ҳәм ол Сениң ҳәр бир сөзиңди жақсы қабыл етсин.

Сениң дууаңды ҳәрекетке келтириуге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Барлық адамлардың мен сыяқлы жалғыз жасаўын қәлеймен. Бирақ, ҳәр бир адамның Қудайдан алған сыйы бар: биреўлер хожалық болып некеде жасайды, екиншилер некесиз жалғыз жасайды.

*Коринф 1-х 7:7*

Ҳәр бир адам Ийемиздиң ол ушын белгилеген жағдайына бойсынып, Қудай оны қандай жағдайда шақырған болса, сондай болып қалсын. Буны барлық исениўши жәмәәтлерге буйыраман.

*Коринф. 1-х 7:17*

Сонлықтан, сизлер ушын бәрҳә дуўа етип атырмыз: Қудайымыз сизлерди Өзи шақырған өмирге ылайықлы қылсын, ҳәр түрли жақсы арзыў-әрманыңызды ҳәм исенимге тийкарланған ҳәр бир исиңизди Өз қүдирети менен әмелге асырсын.

*Салон. 2-х 1:11*

Ийемиз Ийса Масихтың Қудайы, даңқ-салтанатқа ийе  Әке Өзин билиўиңиз ушын, сизлерге даналық ҳәм аян бериўши Мухаддес Руўхын берсин деп Қудайдан сорап атырман. Қудайдың шақырғанынан пайда болған үмитти ҳәм Оның мухаддеслерге берген уллы мийрасының қаншелли бай екенин билиўиңиз ушын, жүреклериңиздиң көзи ашылсын деп, дуўа етип атырман. Және де, Ийсаға

исенген бизлерде үлкен қүдирет пенен ҳәрекет еткен
Қудайдың күшиниң қаншелли уллы екенин сизлер билсин
деп те, дуўа етип атырман.

*Ефес. 1:17-19*

Саған кеўлиң тилегенин берсин, пүткил әрманларыңды
әмелге асырсын.

*Забур 19:5*

ОНЫНШЫ БАП

# ОНЫҢ ШЕШИМЛЕРИ

Бир күни күйеўим шәртнама дүзди ҳәм бул ҳаққында маған ҳеш нәрсе айтпады. Мен ҳәммесин ис жүрисип кеткеннен кейин билдим. Соннан бери мен тынышлығымды жойтқан едим. Пикир ҳақыйқаттан да әжайып ҳәм Майклдың өзи де әжайып болыўына қарамастан, мен қәўетерлениў сезиминен қутыла алмадым. Мен қаншелли дуўа етсем, бул сезим менде соншелли күшейе баслады. Мен бул ҳаққында күйеўиме айтқанымда, ол маған тек: «Мениң дурыс шешим қабыллай алатуғыныма сен исенбейсең бе?» — деп айтты. Ол исин даўам етиўин ҳәм ким болыўына қарамастан кесент етпеўин қәлейтуғынын айтты.

Мен тек дуўа етиўим мүмкин еди. Қайта-қайта мен Қудайға: «Мениң қай жерде қәтелескенимди көрсет. Мен Майклдың жумыслары жақсы болыўын қәлеймен. Бирақ, егер мениң сезимим алдамайтуғын болса, шәртнама дүзиў барысын ўақтында тоқтата алыўы ушын Майклге неден алжасқанын көрсет. Оған ҳақыйқатлықты аш» деп айтатуғын едим.

Азанғы он бирде, шәртнамаға қол қойыўға азғана ўақыт қалғанында Майклдың көзи ашылды ҳәм ол басқа тәрептиң ҳақыйқый нийетин ашатуғын көплеген бөлимлерди көрди. Қудайдың аяны оған ҳақыйқатлықты ашты ҳәм шәртнама дүзилген жоқ. Майклге қәтесин мойынлаў қанша қыйын болса да, ол қыйыншылықтан шетлеп өткенине қуўанды.

Бираз ўақыт өткеннен кейин, бул китап үстинде ислеп отырып, күйеўимнен мениң дуўаларымның тәсирин сезген-сезбегенин сорадым. Биринши орында ол дуўаларымның дурыс шешим қабыллаўында жәрдем бергенин айтты. Ол: «Шешим қабыллаў ҳәм таңлаўым керек болған ўақытта, сениң дуўаларың мениң көзлеримди ашты ҳәм мени көп қыйыншылықлар алып келиўи мүмкин болған гүманлы шәртнама дүзиўден сақлады», — деп айтты.

Бизлер барлық еркеклердиң өзлериниң ҳақлығына исенетуғынын есимизден шығармаўымыз керек: «Адамның көз алдында барлық жол туўры» (Сулайман. нақ. мақ. 21:2). Бирақ, егер бизлер ҳақыйқатты өтириктен ажыратып билиўди сорасақ, тек Қудай бизлерге даналық бере алады. Даналық әўмет алып келеди (Ўазшы 10:10 — қа қараң) ҳәм басқалардың тәжирийбесин дыққатқа алыўды үйретеди (Сулайман. нақ. мақ. 15:31 — қа қараң). Бизлер күйеўлеримизди дана етип көргимиз келеди.

Даналықтың қарсыласы ақмақлық екени белгили. Мухаддес Китап ақмақ адамды «өзине исенетуғын» (Сулайман. нақ. мақ. 28:26 — қа қараң), «ақыллы сөзлерди» жаман көретуғын (Сулайман. нақ. мақ. 23:9 — қа қараң), еситиўди қәлемейтуғын, ал «өзиниң ақылын көрсететуғын» (Сулайман. нақ. мақ. 18:2 — қа қараң) етип көрсетеди. Басқа сөз бенен айтқанда, оның менен сөйлесиў қыйын, ол бәрҳа урысқысы келеди (Сулайман. нақ. мақ. 20:3 — қа қараң); оны туўры жолға салыўға ҳәрекет етсең, ол тек ашыўланады (Сулайман. нақ. мақ. 14:16 — қа қараң). Ақмақ адам өзиниң қылықларын анық салыстыра алмайды, сонлықтан дурыс шешим қабыллаўды билмейди. Егер сениң күйеўиң усындай болса, даналыққа ийе болыўы ушын дуўа ет.

Егер күйеўиң тек айырым жағдайларда ақмақлық ететуғын болса, онда оны әшкаралаўға ҳәрекет етпе. Мухаддес Китап былай дейди: «Даналықтың басланыўы — Қудайдан қорқыў ҳәм Мухаддестиң көретуғыны-ақыл» (Забур 9:10). Бул неден баслаў керек екенин көрсетеди, яғный, алдын Қудай менен ойласыўы ушын күйеўиңниң жүрегинде Қудайдан қорқыў сезими жасаўы ушын дуўа ет. «Қудайсызлар кеңесине бармайтуғын адам бахыт-

лы…» (Забур 1:1 — қа қараң). Егер сен күйеўиңниң дана болыўы ҳәм надурыс шешим қабылласа да, Қудайды тыңлаўы ушын тынбай дуўа етсең, сениң жаның тынышлық табады, себеби сен өз миннетиңди орынладың ҳәм Қудай ҳәммесин жақсылыққа айналдыратуғынын билесең.

Бизлердиң өмиримиз, көбинесе күйеўимиздиң қандай шешим қабыллағанына байланыслы. Келиң, дана болайық ҳәм олардың қабыллаған шешими бәрҳа дурыс болыўы ушын дуўа етейик.

## *Дуўа*

Қудайым, күйеўимниң жүрегин Қудайдан қорқыў сезими менен толтыр ҳәм ҳәр бир шешимди қабыллаўдан алдын оған даналық бер. Оның жүреги Саған қарасын ҳәм ол Сениң ҳақыйқатыңа шөллесин. Сениң ўәсиятларыңа тийкарланып, шешим қабыллаўына ҳәм Сениң еркиңе сай таңлаўына үйрет ҳәм оны ақмақлық қылықлардан сақла. Өзиниң қәтелерин көрип, олардан алыс жүриўи ушын оған даналық бер. Өзиниң қылықларының нәтийжесин көриўи ушын көзлерин аш.

Мен күйеўимниң ҳақыйқатшыл адамларды тыңлаўы ҳәм үйрениўге, өзгериўге таяр болыўы ушын сорайман. Ол ҳеш қашан наданлардың сөзлерин еситпесин, ал тек ғана Сениң үйретиўлериңди қәдирлесин. Мен «адамның жүрегинде нийетлер көп, бирақ Қудайдың белгилеўи менен орынланатуғынын» (Сулайман. нақ. мақ. 19:21) билемен. Оны түсинде де үйрет (Забур 15:7 — қа қараң) ҳәм азанда денениң қәлеўине ермей, ҳақыйқат жолында жүриўине үйрет. Қудайым Сениң көз алдыңда «бул дүньяның даналығы ақылсызлық» (Коринф. 1-х 3:19) екенин билемен. Ол ҳеш қашан азғырылыўға түспесин ҳәм көзлери де тек Саған қараған болсын, ал қулақлары болса Сени тыңлаўға бәрҳа ашық болсын.

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Дана адам тыңлап билимин асырсын,
ақыллы болса мәсләҳәт алсын.

*Сулайман. нақ. мақ. 1:5*

Өзиңниң көз алдыңда дана болма; Қудайдан қорқып,
жаўызлықтан қаш.

*Сулайман. нақ. мақ. 3:7*

Даналықтың басланыўы-Қудайдан қорқыў; ақмақ
адамлар даналықты ҳәм үйретиўди жаман көреди.

*Сулайман. нақ. мақ. 1:7*

Олар Мени шақырады, бирақ Мен жуўап бермеймен.
Олар Мени излейди, бирақ таба алмайды. Себеби
олар билимди жаман көреди ҳәм Ийемизден қорқыўды
таңламады. Мәсләҳәтлеримди ҳәм нәсиятларымды
қабыл қылмады.

*Сулайман. нақ. мақ. 1:28-30*

Ақыл-нәсият жолынан шыққан адамлар,
өлилердиң арасына барады.

*Сулайман. нақ. мақ. 21:16*

# ОН БИРИНШИ БАП

# ОНЫҢ ДЕН САЎЛЫҒЫ

Мениң күйеўим жыллар бойы өзиниң ден саўлығы менен қызыққан жоқ. Мен бул ҳаққында оның менен бир неше мәрте сөйлестим ҳәм көплеген сөйлесиўлерден кейин арнаўлы журналларды көринетуғын жерге қойып, жесир ҳаял болып қалыўды қәлемейтуғынымды айтатуғын едим. Бирақ, булардың ҳәммесиниң пайдасы жоқ еди, оның көзлери мени көрмейтуғын, қулақлары да мени еситпейтуғын еди. Бирақ, бир күни маған: егер дуўа өмирдиң басқа бөлимлеринде жәрдем берсе, ол бунда да жәрдем бермейме екен? — деген әжайып пикир келди. Мен өзимниң үйренген «үндемеў ҳәм дуўа етиў» усылымды ислеўди  ҳәм Қудайдан күнде дене шынығыўы менен шуғылланыўды қәлеўин Майклдың жүрегине салыўын сораўды шештим. Дуўа бир неше ай нәтийже бермеди, бирақ, бир күни азанда мен қоңсы бөлмеден шыққан шаўқымды еситтим ҳәм ол жерге қарап, таң қалғанымнан қатып қалдым. Мен ол жерде күйеўимниң тренажерда шуғылланып атырғанын көрдим. Сол ўақытта мен оған ҳеш нәрсе айтпадым. Сол ўақыттан баслап, ҳәптесине үш мәрте ол тренажерда шуғылланып ҳәм гантеллерди көтерип киятыр. Кейин ол өзин жақсырақ сезгенин билгенинде, алдын буны ислемегенине өкинетуғынын айтты. Сол ўақытта «Мен саған айттым - ғо» деген сөз аўзымнан шығайын деп

қалды, бирақ мен ўақтында өзимди услап қалдым. Ҳәзирге дейин Майкл мениң дуўамның кәрамат ислегенин билмейди.

Күйеўдиң ден саўлығына, оның жасы ҳәм денесиниң аўҳалына қарамастан бийпәрўа қараўға болмайды. Ол өзине қараўы ушын ҳәм аўырғанда шыпа табыўы ушын дуўа ет. Мен өзимниң өмиримде шыпа сорап, дуўа еткенимде көплеген жуўаплар алдым ҳәм басқа көплеген адамлардың шыпа тапқанының гуўасы болдым. Мухаддес Китапта жазылғанындай Қудай кеше, бүгин ҳәм ертең шыпалағаны бирдей екенине гүманланыўға себебим жоқ. Мен : «…Мен сени шыпалаўшы Қудайыңман» (Шығыў 15:26) деп айтқанда, Қудай дәл усыны көзде тутқанына исенемен. Мен Еремияның «Шыпала мени Қудайым ҳәм мен шыпа табаман» (Еремия 17:14 — қа қараң), деп айтқандағы исенимине қосыламан. Мен оның «… Мен сениң жараларыңды шыпалайман» (Еремия 30:17 — қа қараң), — деген сөзине де исенемен.

«Булар Ийшая пайғамбар арқалы айтылған мына сөзлердиң орынланыўы ушын болды: „Ол ҳәлсизлигимизди Өзине алды, аўырыўларымызды Өзине жүкледи“ (Матта 8:17); Ол шәкиртлерине „түрли аўырыўларды ... емлеўге ҳуқық берди“» (Матта 10:1 — қа қараң). Ол «Исенгенлер менен мынадай кәраматлы белгилер бирге болады: Мениң атым менен жинлерди қуўып шығарып, жаңа тиллерде сөйлейди. Қоллары менен жыланларды услап алса да ҳәм уўлы зат ишсе де, оларға зыян келмейди. Аўырыўлардың үстилерине қолларын қойғанда, олар шыпа табады», — деп айтты (Марк 16:17-18 — қа қараң). Қудай ҳәмме ўақытта Өзиниң мийрими менен шыпалайды деп ойлайман. Шыпа табыўға кесент ететуғын жалғыз нәрсе-бул бизлердиң гүманларымыз (Матта 9:22 — қа қараң).

Күйеўим маған 80-жыллардың ақырында, шыпакерлер оған денесинде кейин зыян келтириўи мүмкин болған исик бар екенин айтқан ўақытлары, мениң дуўаларымның ҳәрекетин сезгенин айтты. Биопсия өткерилген еди. Анализдиң нәтийжесин күткен күнлер Майкл ушын аўыр сынақ еди, бирақ мениң дуўаларым, оның мойынлаўынша, тәбийий исиктиң кейин зыяны жоқ екени тастыйықланаман дегенше, күш берип турғанын

айтты. Бул исикти оннан алып таслады ҳәм соннан бери бул машқала қайталанған жоқ.

Бизлердиң дуўаларымызға ҳәм исенимимизге қарамастан, шыпалаў ўақты Қудайдың еркинде екенин умытпаўымыз керек. «Емлеў ўақты» бар екени айтылған (Ўазшы 3:3). Егер сен дуўа етсең, бирақ ҳеш нәрсе өзгермесе, өзиңди айыплама, себеби Қудай айырым ўақытлары Өзин тыңлаўымыз ушын дене аўырыўларын қолланады. Дуўа етиўди даўам ет ҳәм ақырғы сөзди айтыўға Қудайдың ҳуқықы бар екенин есиңде тут.

Бизлер биреўдиң өмири қутқарылыўы ушын да, тап солай ислеймиз, себеби адамның жердеги өмирин белгилеп бериў бизлерге берилмеген. Мухаддес Китап «өлиў ўақты» (Ўазшы 3:2 — қа қараң) бар ҳәм оның қашан келетуғынын бизлер емес, ал Қудай шешиўи керек екенлигин айтады. Бизлер тек буған көниўимиз керек. Бизлер дуўа етиўимиз мүмкин, бирақ Қудай шешим қабыллайды. Бизлер буны қарсылықсыз қабыллаўымыз керек. Күйеўиңниң ден саўлығы ушын дуўа ет ҳәм истиң барысын шешиўде Қудайдың ҳуқықын мойынла.

## *Дуўа*

Қудайым, мен Сеннен өтинемен, Өзиңниң шыпалы қолларыңды оған (күйеўиңниң аты) тийгиз. Оның барлық ағзаларының саў болыўына жәрдем бер. Бузылған нәрселердиң ҳәммесин тикле, оны түрли аўырыўлардан шыпалап, аяздан сақла. Өзиниң жумысын жақсы ислеўи ушын оның ден саўлығын беккемле. Азанда таза күшке толып ояныўы ушын оның уйқысын жақсыла. Оған ден саўлық ҳәм беккем жүрек бер.

Ол дурыс аўқатланып, күнде дене шынықтырыў менен шуғылланып, өзине зыян нәрселерден қашыўы ушын жәрдем бериўиңди сорайман. Денеси Қудайдың ибадатханасы екенин ҳәм Өзиңниң Руўхың ишинде жасап атырғанын ҳақыйқаттан

билиўи ушын жәрдем бер (Коринф. 1-х 3:16 — қа қараң). Оның денесиниң Саған унайтуғындай, мухаддес ҳәм тири қурбанлық болыўы ушын дуўа етип сорайман (Рим. 12:1 — қа қараң).

Ол аўырған ўақтында оны қоллап, шыпалаўыңды сорайман. Оны Өзиңниң қуўанышыңа толтырып, күш бер. Мен айрықша (анық машқаланың аты) ушын дуўа етемен. Ол «Қудайым, Ийем мениң! мен Саған бардым ҳәм Сен мени шыпаладың (Забур 29:3). Қудайым, Саған миннетдаршылық билдиремен, себеби Сен мени шыпаладың», — деп айта алатуғындай, исенимге ийе болсын. Мен күйеўимниң узақ ҳәм саў өмир сүриўин сорайман ҳәм өлиў ўақты келгенде, оның жүреги тынышлыққа толы болсын, өлими қыйыншылықсыз жеңил болсын. Рахмет Қудайым, оны Өзиңниң қасыңа алатуғының ушын бирақ, бул Сен белгилеген ўақытта болсын.

Сениң дууаңды ҳәрекетке келтириуге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Маған көп жақсылық ислегенин умытпайман.
Ол бар гүналарымды кеширип, дәртлеримниң
ҳәммесин емледи.

*Забур 102:2-3*

Қыйыншылықларында Қудайға қайғырғанда, азапларынан
Ол қутқарды. Сөзин жиберип оларға шыпа берди, оларды
түскен патшалығынан шығарып алды.

*Забур 106:19-20*

…Мен сениң дууаңды еситтим ҳәм көз жасларыңды көрдим.
Мине, Мен сени шыпалайман...

*Патшалар ҳаққында 4-китап 20:5*

Сонда саған тосаттан таңғы шуғладай нур төгилип,
тез шыпа табатуғын боласаң. Әдиллик алдынан баслап,
Жаратқан Ийениң салтанатлы уллылығы сени артыңнан
қорғап жүретуғын болады.

*Ийшая 58:8*

Мине, Мен оған пластырь ҳәм шыпалы нәрселер
қояман ҳәм оларды шыпалап, оларға дүнья ҳәм
ҳақыйқаттың ҳәммесин ашаман.

*Еремия 33:6*

# ОН ЕКИНШИ БАП

# ОНЫҢ ҚОРҒАНЫЎЫ

Бизлер урыс ўақтында саўаш майданында үлкен қәўип туўғанда өлимнен карамат пенен аман қалыўы, сол ўақытта үйинде өзлери ушын дуўа еткенлигин кейин аңлағанлығы ҳаққында айтқанлары ҳаққында көп еситтик. Бизлердиң күйеўимиз саўаш майданында күнде болады. Оларды ҳәр тәрептен қәўип қоршап тур. Душпанның апаты аўырыў түринде қандай қапқан таярлағанын тек Қудай биледи. Оларда қәўип зыян келтирмейтуғындай орын қалған жоқ, ҳәтте үйлеримизде де қәўип бар. Бирақ Қудай былай деди: «Гүнакар адам әдил адамды өлтириў ушын гүзетеди. Қудай олардың қолына әдил адамды тапсырмайды…» (Забур 36:32-33 — қа қараң). Ол «Өзинен үмитленгенлерге» қалқан болыўға ўәде етеди» (Сулайман. нақ. мақ. 30:5 — қа қараң). Ол бизлердиң күйеўимиз ушын да қалқан бола алады, себеби бизлер олар ушын дуўа етемиз ҳәм бизлердиң Қутқарыўшымыз болған Қудайға исенимимиз күшли.

Машинада күйеўим ҳәм балаларым кетип баратырғанда, мен бәрҳа олардың қәўипсизлиги ушын дуўа етемен. Бирақ, бир күни азанда, Майкл кишкене баламызды мектепке алып кеткеннен кейин үйде қоңыраў шалынды. Ол: «Бизлер апатқа ушырадық, бирақ бизлерге ҳеш нәрсе болған жоқ», — деп хабарлады.

Мен жақынларымды қорғағаны ушын Қудайға миннетдаршылық билдирип, апат жүз берген жерге кеттим. Сол жерге барып, мен машинаның көринисине қарап, анығырағы оннан не қалғанын көрип таң қалдым. Майклдың кишкене спорт машинасын үлкен жүк машинасы езип, жолдың шетиндеги бетонлы қорғанға ылақтырып таслаған еди. Оны ремонтлаў мүмкин емес еди. Буны кейин қамсызландырыў кәрханасы да тастыйықлады. Мен бундай қорқынышлы апаттан Майкл ҳәм баламды тек Қудайдың қорғаўшы қолы ғана қутқара алғанын билер едим. Олардың ҳәмме жери көгерген ҳәм тырналған еди, бирақ сүйеклери сыныўы ҳәм олар өлип те қалыўы мүмкин еди. Мен Қудай дуўамды еситип, жақынларымды сақлап қалғанына қатты исенемен (мен дуўаларым күйеўиме де тәсир етеди ҳәм ол және бир спорт машинасын сатып алыў ойынан қайтады деп үмит етемен).

Дуўа етиў топарындағы ҳаяллар күнде күйеўлериниң самолетта, машинада, жумыста ҳәм көшеде қәўипсиз жүриўи ушын дуўа етеди. Бизлер дуўамызда анық апаттың атын атамаймыз, ал бизлер Қудайдан тек күйеўимизди ҳәр қандай жаўызлықтан сақлаўын сораймыз. Қудай: «Өз периштелериме сени жолыңда асыраў ушын буйрық беремен, аяғыңды тасқа тийгизбей олар сени қолында көтерип кетеди» (Забур 90:11-12), — деп ўәде етеди. Бирақ бахытсызлық исениўши адамлар менен де болып турады, олар бәрҳа тосаттан ҳәм күтилмегенде келеди. Сонлықтан, бәрҳа күйеўиң ушын дуўа ет, себеби сениң дуўаларыңның жәрдеми күйеўиң ушын қай жерде керек болатуғынын сен билмейсең. Егер бир нәрсе болса, сен ол жерде Қудайдың жәрдеми бар екенине бәрҳа сүйениўиң мүмкин.

## *Дуўа*

Қудайым, мен Сеннен күйеўимди түрли бахытсызлық, апат, қәўип ҳәм жаўызлықлардың топылыўынан сақлаўыңды сорайман. Оны машинада, самолетта қәўиптен сақла ҳәм жаўыз

адамлардың ҳүжиминен қорға. Ол қай жерде жүрсе де табанын жаўызлықтан алып өт. Табанлары тербелмеўи ушын Сениң жолыңда оны тастыйықла (Забур 16:5 — қа қараң), ал егер бундай болса Өзиңниң мийримиң менен оны қолла (Забур 93:18 — қа қараң). Қәўипти ажыратып билиўи ушын оған даналық бер ҳәм жолында қәўипсиз жүриўинде жәрдем бер (Сулайман. нақ. мақ. 3:21-23). Оның қорғаны, семсери ҳәм сүйениши бол (Забур 17:2-3 — қа қараң). Оны Өзиңниң қанатыңның астына ал (Забур 90:4 — қа қараң), оның жар тасы, баспанасы ҳәм екиленбеўи ушын сүйениши бол (Забур 61:7 — қа қараң). Мен оған бахытсызлық жақынласпаўы ушын дуўа етемен (Забур 90:7 — қа қараң). Оны өлтириў ушын излеп атырған шайтанның жобаларынан қорға (Забур 102:4 — қа қараң), «оның көтерилиў ҳәм түсиўин» ҳәзир ҳәм мәңгиге қорға (Забур 120:8 — қа қараң).

## Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Қудайдың панасында турған адам Қүдиретлиниң саясынан тыным табады. Мен Жаратқан Ийеге былай айтатуғын боламан: Мениң Қудайым, Саған ҳақыйқаттан исенимимди артаман.

*Забур 90:1-2*

Аўыр күнде Ол мени панасына алады, Өз мәканының саясында мени жасырар ҳәм жар тастың шыңына мени көтерер.

*Забур 26:5*

Өлим ойпатлығынан қараңғылықта жүрсем де, жаўызлықтан қорқпайман. Себеби Сен мениң менен биргесең, Сениң ҳаса таяғың маған жубаныш береди.

*Забур 22:4*

Қудайым сүйенишим мениң, қорғаным ҳәм Қутқарыўшым мениң. Тәңирим-баспана тапқан жар тасым, қалқаным, қаҳарманым, бас панам мениң. Бас ийиўиме Қудайым ылайықлы, Оны шақырғанымда душпанлардан қутқарады.

*Забур 17:3-4*

Әжайып мийримиңди көрсет, пана излеўшилердиң Қутқарыўшысы. Сениң қолыңның астында, саяңда бас пана тапса болады.

*Забур 16:7-8*

## ОН ҮШИНШИ БАП

# ОНЫҢ СЫНАҚЛАРЫ

Хәмме адамда жағымсыз аўыр ўақытлар болады, бул сизди қысындырмасын. Айырым ўақытлары дуўамыз олардан қашыўға жәрдем береди, ал айырым ўақытлары болса, керисинше болады. Бизлердиң өмиримиз өзимиз бенен жүз берип атырған ўақыяларға қатнасымызға байланыслы. Егер ашыў, қайғы жүректи толтырып турған болса, бизлер бәрха Қудайды жағымсыз нәрселеримизде айыпласақ, ҳәммеси жаман болады. Егер сынақларға шыдап, Қудайға миннетдаршылық билдирип ҳәм Оған алғыс айтсақ, онда Қудай бизлердиң қыйыншылықларымызды жақсылыққа айландырыўына ўәде береди. «Ҳәй туўысқанларым, түрли сынақларға ушырағаныңызда, оны үлкен қуўаныш пенен қабыл етиңлер. Себеби исенимимиздиң сыналыўынан сабырлылық пайда болатуғынын билесиз» (Яқып 1:2-3).

Бундай ўақытта ҳаялының дуўасы күйеўине жәрдем бермеўи мүмкин, себеби ол бул сынақтан өтиўи керек. Егер бизлердиң өмиримизде қайғы болмағанда, бизлер қандай майда, қатаң ҳәм өжет жанзатқа айналыўымызды көз алдымызға келтириўимиз мүмкин. Бирақ, сениң дуўаң сонда да күйеўиңе жәрдем береди, яғный, оның жүрегинде, миннетдаршылық, шыдамлылық ҳәм тынышлықты сақлап турады ҳәм

усындай етип оны өзи қабыл етиўи мүмкин болған надурыс шешимлердиң нәтийжесинен қорғайды.

Мениң достым Дженниң қорқынышлы сынақтан өтиўине туўра келди. Оның күйеўи Дейвти, уўлы өрмекши шаққаннан кейин, оның көп ўақыт өлим менен гүресиўине туўра келди. Бул дәўир бир жылдай созылып, олар екеўи ушын да бул жүдә аўыр болды. Бул ўақыт ишинде Дейв бириниң изинен бири келген асқынланыўлар менен гүресиўине туўра келди. Олар басқа штатқа көшип, туўысқанларынан, досларынан ҳәм туўылған жеринен узақта болғанда ҳәммеси және де қыйынласты. Шыпаханаға көп пул төлегенине байланыслы, олардың қаржы жағдайы да аўырласа баслады. Буның ҳәммеси ғәзеплениў ушын жетерли емес пе? Бирақ олар дуўа етиўди, Қудайға шүкирлик билдириўди ҳәм Онда барлық күшлердиң булағын көриўди тоқтатпады.

Көплеген аўыр жағдайларда Джен көз жас төгип, Дейвтиң бул гүресте үмитсизленбей, руўхый беккемленип шыдаўы ушын қызғын дуўа етти. Қудай оларды қоллады ҳәм Дейв шыпа тапты. Усыннан кейин олар исенимниң бай жемисин берди. Ҳәзирги күнде олардың екеўи де ибадатханада жақсы хызмет алып барады, ал олардың үш баласы тереӊ исенимге ийе ҳәм Қудайды алғыслаў ушын өзлериниң әжайып сыйларын қолланады. Олардың өмири Қудайдың мийриминиң гуўалығы болып табылады ҳәм мен олардың басынан өткерген сынақлары олардың минезине ҳәм дүньяға көз-қарасына күшли тәсир еткенине исенемен.

Бизлер буны low сеземиз бе, сезбеймиз бе, бирақ бизлер Қудайға хызмет еткенимизде Оның сүйиспеншилиги бизлерди өмиримиздиң ең қайғылы, жалғыз, аўыр ўақытларында да қорғайды. Бизлерге аўыр болған ўақытта, Ол бәрҳа бизлер менен бирге. Егер бизлер дуўа етип, Оның қорғаўын излесек, Ол бәрҳа жарылқаў ҳәм жақсылықты жаратады. «Қудай Өзин сүйетуғынларға, яғный Оның қәлеўи бойынша таңланғанларға ҳәмме нәрсени жақсылық қылып хызмет еттиретуғынын билемиз» (Рим. 8:28). Бизлер қыйыншылықларды бастан өткергенимизде, Оның алдында бас ийип, өзимиздиң «мен» деген көкирегимизди сындырыўымыз

Қудайға унайды. Ол бизлерди аяйтуғын, шыдамлы, руўхый күшли ҳәм Қудайдың даңқын көтериўши, Қудайдың ҳақыйқый адамлары сыпатында көриўди қәлейди. Бизлер Оның сүйиспеншилигине түрли қыйын жағдайларда жәрдем бериўине исенип, үйрениўимиз ушын Ол бизлерге қыйыншылықлар жибереди.

Бизлер Майкл екеўимиз өткен қыйыншылықлар, бизлердеги қайғы, аўырыў, түсинбеўшиликке қарамастан, бизлерди Қудайға жақынластырғанын исенимли түрде айтыўым мүмкин. Бизлер ҳәр бир қыйыншылығымызда Қудайға қызғын дуўа еткенимизде, исенимимиздиң өскенин, Қудайдың жолында руўхый беккемленгенимизди сездик. Ал, бизлер туўры ислегенимизде болса, бизлердиң өз-ара сүйиспеншилигимиз беккемленди.

Егер сениң күйеўиң сынақлар сызығынан өтип атырған болса, онда өзиңниң ўазыйпаңды орынла. Ол ушын дуўа ет, бирақ оның аўырманлығын өз мойныңа алма. Сен қайғысын бөлисиўди қанша қәлесең де, өзиңе оның қыйыншылықларының бир бөлегин алыўға урынба, себеби бул оны тек ҳәлсизлендиреди ҳәм жеңилиў сезимин береди. Соның менен бирге, Қудай Өз еркиниң орынланыўында, сениң Мухаддес Руўхтың орнын басыўға ҳәрекет етип қарсылық етиўиңди қәлемейди. Күйеўиңниң қайғысын көриў қанша қыйын болса да, сениң ўақыяның барысына кесент етиўге ҳақың жоқ. Дуўа етиў, жигерлендириў ҳәм оны қоллаў-мине булар сениң ўазыйпаң, себеби Қудай Өзиниң мақсетлеринде бизлерге сынақлар жибереди ҳәм сен Оның жолында турмаўың керек.

Егер күйеўиң ақша қыйыншылығын, аўырыў, жеңилиў, жумыссыз қалыў, шаңарағында қыйыншылықты бастан өткерип атырған болса, онда Мухаддес Руўхтан оның өмирине кирип, оны өзгертиўин сора. Күйеўиңниң дыққатын Қудайдың бейиш жериниң үлкен көринисине қарат ҳәм оған бизлердеги Қудайдың уллылығының қасында бизлердиң қыйыншылығымыз ҳеш нәрсе емеслигин еслетип тур. «Мениң ойымша, ҳәзирги қыйыншылықлар келешекте бизлерге берилетуғын уллылыққа салыстырғанда ҳеш нәрсе емес» (Рим. 8:18). Оны мына әжайып сөзлер

менен қолла: «Маған күш-қуўат беретуғын Ийса Масих пенен бирге ҳәмме нәрсени ислей аламан» (Филип. 4:13).

Ҳәзирги ҳәм келешектеги сынақлар да Қудайдың сүйиспеншилигинен айыра алмайтуғынына күйеўиңниң исениўи ушын дуўа ет. «Өйткени мен исенемен: өлим де, өмир де, периштелер де, ҳәкимшиликлер де, ҳәзирги ҳәм келешек заман да, күшлер де, бәлентлик те, тереңлик те, улыўма жаратылған ҳеш бир нәрсе Қудайдың бизлерге Ийемиз Ийса Масих арқалы берген сүйиспеншилигинен бизлерди айыра алмайды» (Рим. 8:38-39). Ал, егер Қудайдың сүйиспеншилигинен бизлерди ҳеш нәрсе ажырата алмайтуғын болса, онда қандай қыйыншылық болса да, бизлерде үмит бар.

Қыйыншылық тазалаўшы от ҳәм шомылдырыўшы суўдай ҳәрекет етеди. Күйеўиң оларда өртенип ямаса ығып кетиўин сен қәлемейсең-ғо. Сен оны тазаланған ҳәм жаңарған ҳалында көргиң келеди, «бирақ, булардың ҳәммесиниң үстинен бизлерди сүйетуғын Масих себепли үлкен жеңиске ерисемиз» (Рим. 8:37). «Бирақ ақырына дейин шыдаған қутқарылады» (Матта 24:13). Күйеўиң исенимде беккем турып, өзин күйдириўши оттың шоғынан, қорқынышлы суўдың тереңлигинен қутқаратуғын Қудайдың өз дуўаларына берген жуўапларын күтиў тилеги менен жасаўы керек.

## *Дуўа*

Қудайым, тек Сен күйеўимниң қыйыншылықларының ҳәммесин билесең. Мен олардың тек сыртқы көринисин билемен, Сен болсаң ол ийнинде көтерип жүрген қыйыншылықлардың барлық аўырманлығын көресең. Сен бизлерди сынап атырғаныңды билемен ҳәм мен Сениң еркиңниң орынланыўына қарсы турғым келмейди. Мен күйеўимниң бул гүресте жеңимпаз болыўын қәлеймен.

Қудайым, Сен бизлердиң панамыз ҳәм күшимиз, қыйыншылықта ҳақыйқый жәрдемшимизсең (Забур 45:2 — қа қараң). «Сонлықтан, реҳимлилик алыў ушын ҳәм керек ўақтында өзлеримизге жәрдем ететуғын мийримге ерсиў ушын, Қудайдың мийримге ийе тахтына батыллық пенен жақынлайық» (Еврей 4:16 — қа қараң) ушын рухсат еттиң. Мен Сениң тахтыңа күйеўимди жарылқаўың ушын өтинип бараман. Гүресиў ушын оның жанын беккемле ҳәм шыдамлылық пенен Саған деген үмитти бер (Забур 26:1-4 — қа қараң). Ҳеш нәрсеге қарамай, беккем турыўына жәрдем бер. Оған барлық ўақытта «үмит етип, қуўанып жасаўына, қыйыншылықларда сабырлы болып, үзликсиз дуўа етиўине» жәрдем бер (Рим. 12:12 — қа қараң). Өмир жолын басып өтиўинде ҳәм кейпияты түспеў ушын жәрдем бер, себеби Сен былай айтқансаң: «әдил адам жети мәрте қуласа да аяққа турады ...» (Сулайман. нақ. мақ. 24:16 — қа қараң). Ол бәрҳа мынаны: «Оның табаны Қудайда тастыйықланып ҳәм Ол оның жолын қорғайтуғынын» (Забур 36:23) есте тутсын.

Ол Саған сүйениўи ушын ҳәм «қыйыншылықтан өтемен дегенше», қорғап туратуғыныңа исениўи ушын дуўа етемен (Забур 56:2 — қа қараң). Ол Сениң жуўапларыңды күтип билсин, себеби «Қудайға исенген адам жаңа күш-қуўатқа ийе болады, бүркиттей қанатларын жайып көтериледи: ағады, бирақ сарқылмайды, жүре береди, бирақ шаршамайды» (Ийшая 41:31 — қа қараң). Оның мүрәжатын еситиўиң ҳәм оны түрли келиспеўшиликлерден қутқарыўың ушын ол тек Сеннен күш табыўы ушын дуўа етемен (Забур 33:7 — қа қараң).

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын

# МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Усы себепли қуўанып, шадланыңлар. Ҳәзир қысқа бир ўақыт ҳәр түрли сынақларға ушырағаныңызда, азап шегиўге туўра келсе де, бул исенимиңиздиң таза болыўы ушын пайдалы. Өйткени от пенен тазаланғанда жоқ болып кететуғын алтыннан қымбатлырақ болған исенимиңиз сынаўдан өтип, сизлер Ийса Масих келгенде, мақтаў, даңқ ҳәм ҳүрметке сазаўар боласызлар.

*Петр. 1-х 1:6-7*

Барлық тәшўишлериңди Қудайға тапсыр ҳәм Ол сени қоллайды. Ол әдил адамның екилениўине жол қоймайды.

*Забур 54:23*

Мен Қудайды шақыраман ҳәм ол мени қутқарады. Кеште, азанда ҳәм күндиз өтинип жылайман ҳәм Ол мениң даўысымды еситеди.

*Забур 54:17-18*

Сен маған көплеген апатларды жибердиң, бирақ және мени тирилтип, жердиң түпкиринен шығардың. Сен мени көтерип, жубаныш бердиң.

*Забур 70:20-21*

ОН ТӨРТИНШИ БАП

# ОНЫҢ МОРАЛЬЛЫҚ ПРИНЦИПЛЕРИ

Адамның ҳақыйқый жүзи, оған ҳеш ким дыққат салып бақлап турмағанына исенгенинде көринеди. Гәп адамның адамгершилик принциплери ҳаққында кетип атыр екен, ол әтирапында қандай жағдай жүз берсе де, буған қыянет етпейди. Бул ҳақыйқатшылықтың, намыстың уллы ҳәм өзгермейтуғын үлкен дәрежеси. Моральлық принципти сақлаў, бул өзиңе қандай қатнаста болыўын қәлесең, сен де адамларға сондай қатнаста болыўың керек дегенди билдиреди.

Минезинде пүтинликке ийе адамның сөзи бәрҳа мәниге ийе болады. Ол өзиниң ҳақыйқый нийетлерин жасырыў ушын сөз бенен ойнамайды. Оның «аўа»сы бәрҳа «аўа»ны, ал оның «яқ» дегени бәрҳа «яқ» дегенди билдиреди, себеби «бұннан басқасы шайтаннан» (Матта 5:37 — қа қараң). Бундай адамлар биреўге унаў ушын екилик ойынды алып бармайды, себеби оның мақсети — ҳақыйқатлық бойынша ҳәрекет етип, Қудайға унаў. Сизлер өзлериңизди адамлар алдында ҳақ қылып көрсетесизлер, бирақ Қудай кеўиллериңизди биледи. Адамлар қымбат деп санаған нәрсе Қудай алдында жеркенишли (Лука 16:15 — қа қараң).

Әдеп-икрамлы адам «ашыўдан ант ишеди ҳәм өзгермейди» (Забур 14:4 — қа қараң). Өзине зыян келетуғын болса да, екиленбей өз сөзинде турады. Ол ушын ҳақыйқат ҳәммесинен жоқары турады ҳәм сөзсиз оның шынлығына сүйениўиңиз мүмкин. «Ким гүнасыз жүрсе, ол қәўипсизликте жүреди» (Сулайман. нақ. мақ. 10:9 — қа қараң), себеби Оның әдеп-икрамлылық минезиниң тийкары оны қорғайды ҳәм ол Қудайдың бирлигине ийе болады (Забур 40:13 — қа қараң).

Мен күйеўимди дәл усындай Адам, — деп айта аламан, себеби ол ҳақыйқатсызлықтың жүзи алдында туўры турып, ҳақыйқат деп есаплаған нәрсесине садық қалады. Бул ол ушын айырым ўақытлары қымбатқа түсетуғын еди. Мен бәрҳа оның әдил ислеўи ушын дуўа етемен, бирақ мениң дуўаларымсыз усындай ислей алмайтуғыны себепли емес (исенемен, мениң ол ушын дуўа етиўлеримсиз-ақ, ол өз минезин сақлап қалады), ал олардың бәрҳа аўыр шешимди қабыллаў ўақтында ҳәм түрли жағдайлардан ылайықлы шығып кетиўге жәрдем беретуғыны себепли. Мухаддес Китап былай дейди: « Әдил адам пәк жүреди, оның балалары қандай бахытлы» (Сулайман. нақ. мақ. 20:7). Бизлердиң балаларымыз буны түсинбесе де, әкелеринен бай мийрас яғный, үлкен минез принциплерин алады. Олар оның моральлық көринисиндеги пүтинликти, өзине алған жарылқаўды мийрас етеди. Мен және олардың «намысты жаслайынан сақлаў» керек екенин балаларына үйретиўи ушын дуўа етемен.

Минездиң пәклиги жүректен туўылады. Ишки пүтинликке ийе адам болыў ушын дәслеп буны қәлеў керек. Бундай шешим тек жеке ҳәм өз қәлеўи менен болыўы мүмкин, бирақ сен күйеўиңди дуўаң арқалы қоллаўың мүмкин. Оған душпанның соқыр қылып, жолдан адастырыў мақсетинде исленген топылысына қарсы турыўға жәрдем бер. Бирақ, күйеўиң дурыс шешим қабыллағаннан кейин де, жаўызлық оны азғырыўды даўам етеди ҳәм сол ўақытта сениң дуўаларың оған гүманланыўда ҳәм екилениўшиликте қалқан болып, өзи менен өзи қалғанда, туўры жолда жүриў ушын жәрдем береди.

## *Дуўа*

Қудайым, мен Сеннен өтинемен: күйеўимди Сениң ўәсиятыңа тийкарланатуғын, минези пүтин адамға айналдыр. Оған «аўа» деп айтыў керек болған ўақытта «аўа», «яқ» деп айтыў керек болған ўақытта «яқ» деп айтыўы ушын күш бер. Өзиниң исениминде турыўға ҳәм бул дүньяның тәсирине түсип ийилмеўине, «ҳақыйқатлықты бәрқулла үйренип, оны ҳеш қашан түсинип жете алмайтуғын» адамға уқсамаўға жәрдем бер (Тимофей. 2-х 3:7). Даналықтың даўысына қулақ салыўшы ҳәм оның Ол Сениң жолында беккемлениўи ушын ҳақыйқатлық Руўхына толсын.

Оны ҳақыйқатлықта жасаўшы адам қыл. Оны бәрҳа ҳақыйқатлық Руўхы жетелеўине жәрдем бер (Юхан 16:13 қа қараң). Қайғы ўақтында оған шыдаўға күш бер ҳәм ҳақыйқатлық ҳаққында гуўалық етиўине жәрдем бер. Өзиниң қәтелерин мойнына алыўға үйрет, себеби Сен «Гүнамыз жоқ десек, өз-өзимизди алдаған боламыз ҳәм бизлерде ҳақыйқатлық болмайды. Егер гүналарымызды мойынласақ садық ҳәм ҳақ Қудай гүналарымызды кеширип, бизлерди ҳәр қандай жаманлықтан тазалайды» (Юхан. 1-х 1:8-9), — деп айтқансаң. Оны ҳәр түрли өтириклерден қорға ҳәм оның жүрегин барлық өтириктен алыслат. Оның мойнын мийрим ҳәм ҳақыйқатлық пенен ора ҳәм «Қудайдың ҳәм адамлардың көз алдында жақсылыққа» ийе болыўы ушын «оларды жүрегиниң төрине жазып қой» (Сулайман. нақ. мақ. 3:3-4).

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
## МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Кәмбағал болып туўры жүриў, бай болып қыйсық
жүргеннен жақсырақ.

*Сулайман. нақ. мақ. 28:6*

Әдил адамның ашық кеўиллилиги жол көрсетсе,
өтирикшиниң еки жүзлилиги өлимге алып келеди.

*Сулайман. нақ. мақ. 11:3*

Қудайым, мени ҳақыйқатлығымда ҳәм
әдиллигимде ҳүким ет.

*Забур 7:9*

Қудайым жүзимди жарық қыл, себеби мен пәк болып
жүрдим, Қудайыма сүйенип екиленбедим.

*Забур 25:1*

Ҳақыйқатлық ҳәм әдиллик мени қорғайды,
себеби мен Саған үмит етемен.

*Забур 24:21*

## ОН БЕСИНШИ БАП

# ОНЫҢ АБРОЙЫ

Бизиң дәуиримизде коммуникация ҳәм ғалаба хабарландырыў қуралының раўажланған усылында өзиңниң жақсы атыңды сақлап қалыў аңсат емес. Өмири бузылыў ушын адамға керек емес ўақытта кереке емес жерде болыўдың өзи жетерли.

Абройға жеңил ой менен қараўға болмайды. «Жақсы ат үлкен байлықтан жақсырақ» (Сулайман. нақ. мақ. 22:1 — қа қараң) ҳәм «қымбат тастан жақсы» (Ўазшы 7:1 — қа қараң). Оны қәдирлеп сақлаў керек. Өзиниң абройын қәстерлемейтуғын адам өзине исенимин жойтыўы мүмкин. Бизлердиң абройымызға надурыс ис-ҳәрекетлеримизден, қарым-қатнаста болатуғын адамларымыздан ямаса бизлерге айтылған жаман сөзлерден зыян келиўи мүмкин. Бирақ, бул ўақыялардың ис-ҳәрекетлердиң ҳәр биринде жаўызлық ҳәрекет ететуғыны анық. Суд шешими, өсек, жаман қарым-қатнас, газетадағы мақала ямаса 15-минутлық «абройыңды төгиў» — буның ҳәммеси қәлеген ўақытта, өмир бойы ерискен нәрселеримизди жоқ қылыўы мүмкин. Буннан қашыўдың жалғыз усылы — дуўа етиў болып табылады.

Мениң күйеўиме өзиниң ямаса танысларының сөзлери газетада билип болмастай дәрежеде өзгертилип жазылғанында, аўыр ўақытларды басынан өткериўине туўра келди. Бундай жаланың қәўпин түсинип, бизлер

ҳақыйқатты айтыў ушын бул мақаладағы адамларға қоңыраў қылдық. Әлбетте, бизлер ҳәммесине қоңыраў қыла алмадық ҳәм бизлер булардың ҳәммесин Қудай басты-басты қылыўы ушын дуўа еттик. Соң, бир-еки күн өткеннен кейин ойлап табылған жәнжел өз — өзинен сөнип бара баслады. Буның ҳәммеси буннан да жаман тамам болыўы ҳәм жала бизлерди өзине жутып жибериўи мүмкин еди. Мен дуўаларымызға жуўап ретинде Қудайдың күши бизлерди қорғағанына исенемен.

Мухаддес Китап жақсы ҳаялдың күйеўи — ҳүрметленген адам, ол «күйеўи сол жердиң ақсақаллары менен қала дәрўазаларында отырады» (Сулайман. нақ. мақ. 31:23 — қа қараң), — деп айтады. Бирақ бәрҳа усындай бола ма? Жақсы ҳаялы бар еркектиң абройы бәрҳа жақсы болады, — деп исениўге бола ма? Буған ҳаялдың қатнасы бар ма? Ҳақыйқаттан, ҳақ ҳаялы бар адам ҳүрметлениўге ылайық ҳәм мен оның дуўалары күйеўиниң жақсы атын услап турыўда жәрдем береди деп исенемен.

Сен күйеўиңниң абройы ушын дуўа етиўди тоқтатпаўың керек, бирақ оның еркин адам екенин де умытпа. Егер ол Мухаддес Руўхтың басқарыўына дыққатсыз болса, ол қулақсызлық көрсетип апатқа ушыраўы мүмкин. Егер ўақты-ўақты менен онда бундай ўақыя жүз берип турса, егер оның абройына дақ түссе, онда бул жағдайдың өзгериўи ушын Қудайдан сора, себеби буны ислеўде де Қудай күшли.

## *Дуўа*

Қудайым, мен күйеўимниң абройына дақ түспеўи ушын өтинип сорайман. Мен көбинесе адам ҳаққында пикир «оны алғыслаўшы аўызлар менен» қәлиплесетуғынын билемен (Сулайман. нақ. мақ. 27:21 — қа қараң) ҳәм мен адамлардың ол ҳаққында жақсы сөзлер айтыўын ҳәм ҳүрметлеўин қәлеймен. Сен Өзиңниң Сөзинде «себепсиз ғарғыс адамға тиймейди» (Сулайман. нақ. мақ. 26:2 — қа қараң), — деп айтқансаң. Мен ҳеш

ким, ҳеш қашан ол ҳаққында жаман сөз айтпаўы ушын сорайман. Оны түрли ҳүким аўырманлығынан, криминаллық жағдайлардан қорға. Қудайым, оны душпанларынан азат ет. Оған қарсы шыққан адамлардан сақла (Забур 58:2 — қа қараң). Оны қыйыншылыққа тартып атырғанларды тоқтат (Забур 34:1 — қа қараң). Қудайым, бизлер Саған сүйенемиз ҳәм бизлер ҳеш қашан уятқа қалмаймыз (Забур 70:1 — қа қараң). «Егер Қудай бизлерди жақласа, бизлерге ким қарсы тура алады» (Рим 8:31 — қа қараң).

Сен «жақсы терек жаман мийўе береди, жаман терек жақсы мийўе бере алмайды. Жақсы мийўе бермейтуғын ҳәр бир терек шабылып, отқа тасланады» (Матта 7:18-19), — деп айттың.

Мен күйеўим әдилликте жақсы жемис бериўи ҳәм адамлар оның жақсы ислерин билиўи ушын сорайман. Ҳақыйқатшылықтың, шыдамлылықтың жемислери оның жумысларында да абройына дақ түспейтуғындай етсин.

Оны душпанынан қорға, жаман адамлардың мәсләҳәтинен сақла ҳәм ол ушын арналған барлық қақпанлардан алып өт (Забур 30:5 — қа қараң), оны жала ҳәм өсектен сақла. Оған жала жапқан аўызларға Өзиңниң тазалаўшы отыңды тийгиз. Олардың айыбы ашылсын ҳәм оған жаманлық тилейтуғынлардың ҳәммеси уятқа қалсын (Забур 39:15 — қа қараң). Ол Саған исенсин ҳәм жаманлық ойлаўшылардың алдында қорқпасын (Забур 55:12 — қа қараң). Себеби Сен Маған исенген ҳеш бир адам уятқа қалмайды дегенсең (Рим 10:11 — қа қараң). Оған жол көрсетип, оны басқар ҳәм оның қорғаны ҳәм панасы бол. Жақсы ислерин көриўи ҳәм Сени, Қудайым деп алғыслаўы ушын адамлардың алдында нур болып жарқырап турсын.

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
## МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Жаман адамлардың жаласынан, жаўызлардан мени қорға. Олар тиллерин қылыштай қайрап, оқтай зәҳәрин шашады. Әдил адамды аңлып турып, ҳеш қорқпастан тосаттан оны атады.

*Забур 63:3-5*

Қудайым, Саған тәўекел қылдым деп уятқа қалмайман. Уятсызлардың абройы төгиледи ҳәм өлилер мәканына тасланады. Өтирикшилер әдил адамның үстинен күлип, көкирекленип жүреди.

*Забур 30:18-19*

Адамлар сизлерди Мен себепли хорласа, қуўдаласа, ҳәр түрли өтирик сөзлер менен жаманласа, сизлер бахытлысызлар! Қуўаныңлар ҳәм шадланыңлар! Өйткени сизлердиң аспандағы сыйыңыз үлкен. Сизлерден бурынғы пайғамбарларды да усылай қуўдалаған.

*Матта 5:11-12*

Асығып шағым етпе, ақырында уялып қалсаң не болады? Қоңсыңның өзи менен сөйлес. Сырды басқаларға ашпа. Себеби, еситкенлер сени уятқа қалдырады, атың болса бир өмирге жаман болады.

*Сулайман. нақ. мақ. 25:8-10*

Қудайдың таңлап алған адамлары болған бизлерди ким айыплай алады? Қудайдың Өзи бизлерди ақлайды-ғо. Ким бизлерди ҳүким ете алады? Ҳеш ким! Себеби өлип, өлимнен қайта тирилген Масих Ийса Қудайдың оң жағында турып, бизлер ушын өтинбекте.

*Рим. 8:33-34*

## ОН АЛТЫНШЫ БАП

# ОНЫҢ БИРИНШИЛИГИ

Еркеклер өмиринде биринши орынға нени қойыў керек екенин жетерли дәрежеде көз алдына келтире алмайды. Бирақ, хәр бир ҳаял күйеўиниң қымбатлы нәрселер жазылған дизиминде Қудайдан кейин, баслы орында болыўды қәлейди. Усыған уқсағанды әрман ететуғын ҳаялдың өзи, биринши орынға Қудайды ҳәм күйеўин қойыўы керек екенин түсиндим. Басқаша айтқанда, егер сен күйеўиң сени ҳәмме нәрседен: жумыстан, балалардан, досларынан ҳәм басқа да жумысларынан жоқары баҳалаўын қәлесең, сен де оған тап сондай қатнаста болыўың керек. Егер Қудай менен күйеўиң сениң өмириңде ылайықлы орынды ийелемесе, онда күйеўиңниңде өзиниң өмиринде Қудайды ҳәм сени баслы орынға қойыў мүмкиншилиги аз болады.

Мен шаңарақта бала пайда болғанда бириншиликлердиң тәртибин дурыс қадағалап турыў жүдә қыйын екенин билемен. Олар бәрҳа дыққатты талап етеди ҳәм олардың ғамын сеннен басқа ҳеш ким ойламайды. Ақыр-ақыбет, күйеўиң үлкен адам ҳәм ол өзине-өзи қарай алады. Егер балаларыңыз жоқ болса, онда дыққатыңды алатуғын жумыс, үй, дослар, жобалар, қызығыўшылықлар сыяқлы көплеген басқа нәрселер табылады. Бул жумыслардың арасында ең соңына күйеўиңди қоймаў ямаса оған буны сездирип қоймаў жүдә қыйын.

Бахтымызға, «бириншилик» түсиниги оған жиберген ўақыттың саны байланыслы емес. Болмаса адамлар ҳәптесине қырқ саат жумыс ислеп, Қудайдың оның ушын жумыстан кейин екинши орында турғанын көрген болар еди. Буннан тысқары, балаңыз бенен күйеўиңизге бирдей ўақыт ажыратыўдың мүмкиншилиги жоқ, себеби бундай ўақытта бала көп дыққатқа мүтәж болады. Күйеўиңе келсек, гәп оған қанша ўақыт ажыратыўыңда емес, ал оны қәдирлейтуғыныңды сезиўине мүмкиншилик бериўиңде.

Азанда әсте сүйиў, күлимсиреў ҳәм қушақлаў оның қаншама дәрежеде оған өзиниң сен ушын әҳмийетли екенин билдиреди. Сен оннан: «Бүгин мен сен ушын не ислей аламан?» — деп сораўың мүмкин (әлбетте, оның илтимасын орынла). Ол ушын дуўа ететуғыныңды билсин. Оннан анық не ушын сорап дуўа етейин деп қызықсынып сора. Күн даўамында басқа жумыслардың арасындағы қарым-қатнас, оған сениң айрықша дыққат аўдарыўыңның гуўалығы болады.

Бириншиликлерди өз орнына қойыў, олардың сениң жүрегиңдеги орны менен байланыслы. Ўақытты күйеўиңиз бенен жалғыз бирге қалатуғындай етип жобаластырың. Бул ушырасыў үйден тысқары өткерилген түн, романтикалық кешки аўқат ямаса үйде балалар ҳәм досларсыз бирге қалатуғын кеш болыўы мүмкин. Бул оны сениң жүрегиңде баслы орынды ийелейтуғынына исендиреди. Егер күйеўиң сени көбирек жақсы көриўин қәлесең, сен өзиң оны қаттырақ жақсы көриўиң керек. Егер сен бул ушын дуўа етсең, сөзсиз бул жүз береди.

Бирақ, егер ҳаяллық ўазыйпаларыңды орынлаў ушын ўақтың ҳәм күшиң жоқ болса, онда Қудайдан Мухаддес Руўхқа толтырыўын сора. Оның басқарыўын изле ҳәм Ол өмириңде бириншиликлерди орнына қойыўына жәрдем береди. Егер сениң күнделикли дизиминде Қудайға ўақыт ажыратылмаған болса, күниңди ҳәм биринишиликлердиң дизимин қайта көрип шық, себеби сениң алдыңғы дизимиңниң хеш нәрсеге пайдасы жоқ.

Күйеўим шуғылланып атырған бизнесте, адамлардың тез әўмет шоққысына көтерилип атырғанын көриўге болады. Бирақ сол жерде оларды көбирек әўметти қәлеў, көбирек ерк ҳәм көп байлықты қәлеў руўхы

күтип тур. Егер бул адамлар жанларының ғамын ойламаса, егер олар менменликтиң жетегинде болса, олар сөзсиз өзлери ушын қойылған қақпанға түсиўи мүмкин ҳәм Қудайды, шаңарағын, ибадатхананы, досларын таслап кетеди. Бул көтерилген «жулдызлар» жерге түскенинде, олардың түсиўи жумсақ болмайды. Бизлер бундай болғанын қәлемеймиз, әсиресе күйеўимиз бенен. Күйеўиң өмиринде биринши орынға Қудайды, екинши орынға сени ҳәм үшинши орынға балаларыңды қойыўы ушын дуўа ет. Бундай жағдайда, оның өмиринде қандай жағдай жүз бермесин, оның қалған биринчиликлери дурыс тәртипте қойылған болады, ал тынышлық ҳәм бахыт келешегиңиздиң гиреўи болады.

## *Дуўа*

Қудайым, мен Сени өмиримниң Басшысы деп жәриялайман. Биринши орында Сени излеўге жәрдем бер. Күйеўимди балаларымнан, жумыстан, шаңарағымнан, досларымнан, түрли жумыслар ҳәм көз-қарaслардан жоқары қойыўға үйрет. Мен ушын қәдирли екенине гүман туўылғанында оған жеткерген аўырыўларымды шыпала. Барлық мәниссиз, бос ҳәм набыт ететуғын нәрселерди меннен алып тасла ҳәм ўақтымды алмаўы ушын биринчиликлеримди өз орнына қойыўға үйрет.

Күйеўимниң өмиринде биринчиликлери минсиз дизимде турыўы ушын дуўа етемен. Оның жүрегиниң Басшысы ҳәм Патшасы бол. Сениң менен жалғыз қалатуғындай етип, ўақтын жобаластырыўына жәрдем бер. Оның өмиринде Саған хызмет етиўди биринши орынға қойыў Сениң еркиң екенлигин корсет. Оған карьерасы, дослары ҳәм басқа да жумысларынан, мени, балаларды жоқары қоятуғындай даналық бер. Биринши орында Ол сени излесин ҳәм Саған бойсынсын, себеби сол ўақытта оның өмиринде тәртип болады.

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Ең алды менен Қудайдың Патшалығын ҳәм Оның ҳақлығын излеңлер! Сонда булардың ҳәммеси сизлерге қосымша етип бериледи.

*Матта 6:33*

Тек өзиңиздиң ғана емес,
ал басқалардың да пайдасын гөзлеңлер.

*Филип 2:4*

Ҳеш ким еки хожаға хызмет ете алмайды. Өйткени ол биреўин жек көрип, екиншисин жақсы көреди ямаса биреўине садық болып, екиншисине итибарсыз қарайды. Сизлер ҳәм Қудайға, ҳәм байлыққа бирдей хызмет ете алмайсызлар.

*Матта 6:24*

Және Аспан Патшалығы ҳасыл ҳинжилер излеп жүрген бир саўдагерге уқсайды. Ол жүдә қымбат бир ҳинжини тапқанда, өзиниң барлық мал-мүлкин сатып жиберип, сол ҳинжини сатып алыпты.

*Матта 13:45-45*

…Қудай Ийеңе сыйынып, тек Оған хызмет ет.

*Матта 4:10*

## ОН ЖЕТИНШИ БАП

# ОНЫҢ ҚАРЫМ-ҚАТНАСЫ

Жалғызлықта жақсы нәрсе аз. Бизлердиң ҳәммемиз жақсы адамлар менен сөйлесиўге мүтәжбиз, себеби бул бизлерге ҳақыйқатлық жолында турыўымызға жәрдем береди. Ҳәр бир ерли-зайыплылар кем дегенде, еки исениўши шаңарақ пенен қатнаста болыўы керек, себеби бундай дослық оларға жаңа күш берип, өмирин толтырады. Бундай адамлар менен қатнас бизлердиң исенимимизди беккемлейди, өмиримизге тынышлық берип, мәниске толтырады, ал буның ҳәммеси болса, дурыс шешим қабыллаўға жәрдем береди. Басқа адамлардың жақсы тәсири некелик қатнасқа унамлы пайдасын тийгизеди.

Бир күни досларымыз күйеўимиз екеўимизди қонаққа шақырды, бирақ жолға шықпастан алдын Майкл екеўимиз урысып қалдық ҳәм усы ўақыядан соң жолда машинада кетип баратырып ҳеш сөйлеспей барғанымызды еслеймен. Мен сол ўақытта тек бир нәрсе ҳаққында, яғный үй ийелериниң кейпиятын бузбай, кеш даўамында қалай отырамыз деп ойладым. Бирақ олардың үйине барғанымызда, сол ўақыттың өзинде-ақ өзлеримизди жыллылық, сүйиспеншилик ҳәм ойымызда, сезимлеримизде Қудай бирге екени менен жарылқағанын сездик. Бизлер көп ўақыт өтпей урысқанымызды умытып, күлисип ҳәм сөйлесип отырдық. Сол үйде

әпиўайы кешениң аўҳалы сезилмеди, ал Майкл екеўимизге жақсы тәсир еткен Қудайдың қуўанышы бар еди.

Ерли-зайыплылар бизиң үйге қонаққа қатты урысып келип, кетерде жүреклеринде тынышлық пенен қайтқан ўақытлар да көп болады. Бир күни ерли-зайыплы досларымыз үйге қоңыраў қылып, қатты урысып қалғаны себепли қонаққа келе алмайтуғынын айтты. Мен оларды жақсы түсинетуғынымды айттым, себеби бизлер менен де тап сондай ўақыя болған еди, бирақ олар үндемей отырса да, қонаққа келиўин қатты қәлейтуғынымды айттым. «Оннан тысқары, сизлер аўқатланып алыўыңыз керек. Егер қәлесеңиз, бир-бириңизден узақ отырың», — деп даўам еттим. Азғана өтиниўден кейин олар келиўге разы болды ҳәм кешемиз жүдә әжайып өтти. Ақырында бизлер болған ўақыя үстинен күлип те алдық ҳәм олар қол усласып үйлерине кетти.

Исениўши, Қудайды сүйиўши адамлар менен ушырасыў бирден болмайды. Бундай адамлар жолымызда ушырасыўы ушын дуўа етиўимиз керек. Олар менен танысып болып, олар менен дословыў ушын да дуўа етиўимиз керек. Мухаддес Китап бизлерди «исенбейтуғынлар менен бирге бир мойынтырықтың астына кирмеңлер» (Коринф. 2-х 6:14) деп үйретеди. Бул бизлердиң исениўши емес адамлар менен қатнастан қашыўымыз керек — дегенди аңлатпайды, бирақ бизлер Қудайды билмейтуғын ҳәм сүймейтуғын адамлар менен қатнас жасаўымызға болмайды, себеби бунның нәтийжеси жаман болыўы мүмкин. « Әдил адам жақынына жолды көрсетеди, ал гүнакарлар болса жолдан адастырады» (Сулайман. нақ. мақ. 12:26). Соның ушын исениўши дослар келетуғын үй ибадатханасына ийе болыў әҳмийетли. Жүреклери Қудайға қараған адамлар менен қатнаста болыўға ҳәрекет етиң.

Күйеўиңниң исениўши дослары болыў ушын дуўа ет. Егер бундайлар табылса, олардың қатнасына кесент етпе, себеби бул оның тазарыўына тәсир етеди. «Темир темирди қайрайды, адам болса достын» (Сулайман. нақ. мақ. 27:9). Егер бир нәрседе теңлик жоқ болса, оның тиклениўи ушын дуўа ет.

Бизлердиң баламыз туўылғанда, Майкл азаннан түнге шекем жумыс иследи, ал дем алыс күнлерин ол гольф-клубта бейсбол майданында ямаса дослары менен футбол ойнап стадионда өткеретуғын еди. Мениң шағым ҳәм қарсылықларыма қарамай, ҳеш нәрсе өзгермеди ҳәм мен Қудайдан оның дыққатын шаңарағына қаратыў ушын сорап дуўа еттим. Қудай буннан да көбирегин иследи. Сонлықтан өзгерис мен күткеннен де көбирек болды.

Ҳаялларға қарағанда, еркеклер көп жақсы досларға ийе болмайды, себеби олар бәрҳа ҳәмели менен бәнт ҳәм олар дослар арттырыўға да урынбайды. Бул жерде дуўа жәрдем бериўи мүмкин. Күйеўиң исениўши болмаса да, сен оның исениўши дослары пайда болыўы ушын дуўа етиўиң мүмкин. Мениң жақын достымның күйеўи Қудайды билмейтуғын еди, бирақ бизлер оның жумысындағы исениўши адамлар менен қатнас-та болыўы ушын көп дуўа еткен едик. Бул адам ҳақыйқый исениўши адамлардың арасында болатуғындай етип, Қудай ҳәммесин келистирди ҳәм бизлердиң қуўанышымызға себеп болды.

Күйеўиңниң барлық: ата-анасы, инилери ҳәм қарындаслары, әжапалары, әжағалары, дайылары, кәсиплеслери ҳәм қоңсылары менен бирге қарым-қатнасы ушын дуўа ет. Биреў менен қатнаста болғанда, ашыўланып, кек сақлаўына жол қаймаўы ушын Қудайдан сорап дуўа ет.

## *Дуўа*

Қудайым, ол (күйеўиңниң аты) жүрегин аша алатуғындай оның жақсы исениўши дослары болыўы ушын сорайман. Олар даналыққа ийе ҳәм жағыныў сөзлерин емес, ал тек ҳақыйқатты айтатуғындай болсын (Сулайман. нақ. мақ. 28:23 — қа қараң). Күйеўиме даналық бер ҳәм адамларды айырып билиўи ушын жәрдем бер (Коринф. 1-х 5:13 — қа қараң). Оған исениўши адам-лар менен дос болыўдың артықмашлығын көрсет ҳәм олар менен

бирге болыўды қызықлы ет. Жүректен сөйлесиўимиз ушын бизлерге исениўши шаңарақлар менен танысыў мүмкиншилигин бер.

Шаңарағының, қоңсыларының, танысларының ҳәм бирге ислеўшилериниң ҳәр бири менен қатнасы жақсы болыўы ушын дуўа етип сорайман. Бүгин мен (адамның аты) менен қатнастың жақсыланыўы ушын сорайман. Олардың арасында жақсы қатнасты жарат. Урыс болған жерде жарасыў да болсын. Ҳәммеси тынышлық жолы менен орынлансын.

Өмири узақ ҳәм жарылқанған болыўы ушын күйеўим ата-анасын сыйлаўы ушын сорайман (Шығыў 10:12 — қа қараң). Оған кеширимли болыўды ҳәм кек сақламаўды үйрет. Қудайым, Сен «бирақ, туўысқанын жек көриўши қараңғылықта болады. Ол қараңғылықта жүрип, қаяққа баратырғанын билмейди. Өйткени қараңғылық оның көзлерин соқыр еткен» (Юхан. 1-х 2:11), — деп айттың. Күйеўимниң көзи жаўызлықтан соқыр болып қалмаўы, ал бәрҳа кеширип билиўи ушын өтинип сорайман. Ол ҳеш кимди жаман көрип, ҳүким етпесин, ал «ҳәммемиз де Қудайдың ҳүким гүрсиси алдында жуўап беретуғынымызды» (Рим. 14:10 — қа қараң) есте тутсын. Душпанын сүйип, қуўдалағанлар ушын дуўа етиўине жәрдем бер (Матта 5:44 — қа қараң). Мен Сеннен өтинемен, маған оның жақсы досты болыўыма жәрдем бер. Бизлердиң дослығымыз бәрҳа беккемленсин ҳәм ол да ҳақыйқый дос болыўды үйренсин.

## МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Бир-биримизге ғамхор болып, бир-биримизди сүйиспеншиликке ҳәм жақсы ислер ислеўге руўхландырайық. Айырым адамлардың әдетке айналдырғанындай, жыйналысларымызды қалдырмайық. Керисинше, Ийемиз келетуғын сол күнниң жақынлағанын билип, бир-биримизди еле де көбирек жигерлендирип барайық.

*Еврей 10:24-25*

Сонлықтан, егер сен қурбанлығыңды қурбанлық шалынатуғын орынға алып келгениңде, жақын адамыңның саған өкпели екени сол жерде есиңе түссе, қурбанлығыңды сол жердиң алдында қалдырып, әўели жақын адамыңа барып, оның менен жарасып ал! Соңынан қайтып келип, қурбанлығыңды Қудайға бер.

*Матта 5:23-24*

Бирақ Қудайдың Өзи нурда болғаны сыяқлы, бизлер де нурда жүрсек, бир-биримиз бенен қарым-қатнаста боламыз ҳәм Оның Улы Ийсаның қаны бизлерди ҳәр қандай гүнадан тазалайды.

*Юхан 1-х 1:7*

Абайлы болыңлар! Егер туўысқаның саған қарсы гүна ислесе, оған ескертиў жаса. Егер гүнасын мойынласа

кешир. Егер ол саған қарсы бир күнниң ишинде жети
рет гүна ислесе, жети рет те саған келип: «гүнамды
мойынлайман» десе, оны кешир».

*Лука 17:3-4*

Сизлерге жаңа буйрық берип атырман: бир-бириңизди
сүйиңлер! Мен сизлерди сүйгеним сыяқлы, сизлер де
бир-бириңизди сүйиңлер. Егер бир-бириңизди сүйсеңлер,
сизлердиң Мениң шәкиртлерим екениңизди ҳәмме усы
арқалы билип алады.

*Юхан 13:34-35*

## ОН СЕГИЗИНШИ БАП

# ОНЫҢ ӘКЕЛИГИ

Мен Майклдан ҳәммесинен бетер неден қорқатуғынын сорағанымда, ол басқа нәрселерге қарағанда, әкелик ўазыйпасын орынлай алмаўынан жүдә қорқатуғынын мойынлады. «Бул қорқыныш барлық еркеклерде бар. Бизлер жумыс пенен бәнт болғанымыз ушын балаларымыздың алдында өзимизди айыплы сеземиз. Бизлер әкелик ўазыйпамызды орынлай алмаймыз ямаса жаман орынлаймыз деп қорқамыз, олар менен тил табыса алмаймыз сол себепли олардың көз алдында заманагөй болып көринбеймиз», — деп айтты.

Күйеўимниң буны мойынлаўы, менде оның жақсы әке болыўы ушын дуўа етиў сезимин оятты. Мен дуўаларымның жәрдеминде, оның өзгерип атырғанын, балалар менен қатнаста шыдамлырақ ҳәм өзиниң әкелик ролинде исенимлирек бола баслағанын көрдим. Ол балалардың арасында өзин еркин сезип, олар менен бирге қатнаста болыўдан қуўаныўды үйренди. Тәртип орнатыў ўақытларында оны бурынғыдай ашыў баспады. Бүгинги күнде Майкл балаларының кемшилиги бәрҳа әкесиниң минсиз емеслигиниң себеби емеслигин түсинди.

Бул рольде өзиниң жеке кемшиликлери ҳәм жарамсызлығы ҳаққындағы ойлар себепли көплеген әкелер «артқа шегинип», балалар менен тил табысып кетиўди артта қалдырады, пассив болып,

балаларының өмиринде кейинги орынларға түсип қалады. Өзиниң өмиринде қандай да жеңилисти басынан өткерген еркеклер ушын бул жүдә аўыр. Ҳаялларда да айырым ўақытлары ана ролинде кемшиликлерин сезиў болады, бирақ олардың биреўи де балаларын умытып, оларды таслап кетпейди. Буның себеби бизлердиң баланы көтергенимизден баслап олардың өмири менен байланыслы болыўымызда. Бизлер оларды қурсағымызда алып жүремиз, бөпе ўақтынан баслап қараймыз, олардың өмирин, тәрбиясын басқарып, оларды қатты жақсы көремиз. Олар менен бирлик сезимимиз өмир бойы бизлер менен бирге болады. Әкелер бундай имканиятқа ийе емес, себеби балалары ушын өзин жат адамдай сезеди. Қала берсе, еркеклер азаннан кешке дейин жумысы менен бәнт болады ҳәм әкелик сезимин онша сезбейди. Бул жерде де дуўа жәрдемге келиўи мүмкин.

Өмириңизде биреўдиң дуўаларынан кейин ояныў пайда болып, дурыс шешим қабыллаған, мүтәж нәрсеңиз орынланған ўақытлар болды ма? Менде бундай жағдайлар жүдә көп болды. Егер бизлер күйеўимиздиң әке роли ушын дуўа етсек, олар менен де усы жағдай жүз бериўи мүмкин. Бизиң дуўамыз гүманды жеңиўде, жуўапкершиликтиң қыйыншылықларын көтериўде, әкениң ролин туўры түсиниўинде ҳәм жүрегин Мухаддес Руўхқа ашыўына жәрдем береди.

Мениң күйеўим дуўаларымның оған ҳәрекет етиўдиң анық усылын көрсеткен бир ўақыяны еслейди. Жети жасар баламыз Крис өтирик сөйледи. Бизлер оның буны мойнына алып, жүректен тәўбе қылыўын қәледик, бирақ буны қалай ислеўди билмедик. Майкл оған урысқысы келди ҳәм меннен дуўа етиўди илтимас етти. Мен дуўа етип атырғанымда, ол не ислеў кереклигин анық көрди. Баламыздың көзинде ол үшмүйешликти көрди. Оның үш тәрепинде жайласқан шайтанның, Қудайдың көринисин ҳәм Кристиң сүўретин көрди. Кейин Майкл шайтанның ҳәм Қудайдың нийетин сүўретледи. Ол Криске өтирик жолының қандай қәўипли екенин ҳәм оның шайтанға алып баратуғынын ҳәм бул Қудайдан кем-кемнен узақластыратуғынын көрсетти. Бул көринис

балаға тәсир еткени соншелли, ол жылап, өтирик сөйлегенин мойнына алып, шын жүректен тәўбе етти. Қудай инам еткен ҳәрекетлерин толық түсинбегенинде, Майкл баланың жүрегине терең кире алмайтуғыны ҳаққында маған айтты.

Жақсы әке болыўды қәлеўде еркеклер ушын аспандағы Әкениң үлгиси жақсы сабақ бола алады. Ол Қудай менен қанша көп қатнаста болып, Оған уқсап өзгерсе, балаларына сонша дәрежеде жақсы тәсир етеди. Ол әкениң жүрегин алады, себеби ол Әкесиниң жүрегин көрип тур. Егер күйеўиң жердеги әкеси менен жақсы қатнаста болмаған болса, бул оған жеңил болмайды. Еркектиң әкеси менен қатнасы оның Қудай менен қатнасында өз тәсирин қалдырады. Егер әкеси оны қашан болса да таслап кеткен болса, онда ол да Қудай таслап кетеди деген қорқыныш пенен жасайды. Егер әкеси оған бийпәрўа болған болса, ол Қудайдың да бийпәрўа болўына гүманланады. Ол жердеги әкесиниң сүйиспеншилигине гүманланса, Аспандағы Әкениң де сүйиспеншилигине гүманланады. Егер ол жердеги әкесине ашыўланған болса, Қудайға да сондай ислеўи мүмкин. Әкеси менен байланыслы өмириниң өткен ўақыялары, Қудайға ҳәм Оның сүйиспеншилигине баратуғын жолында тосқынлық етиўи мүмкин, ал бул балалар менен қатнасына тәсирин тийгизбей қоймайды.

Күйеўиң Аспандағы Әкесин шақырыў ушын жүрегин ҳәм ойын толтырып турған түрли надурыс ойлардан қутқарылыўы ушын дуўа ет. Оның Әкеси келтирген жараларын шыпалаўын Қудайдан сора. Мухаддес Китап: «Ким ата-анасын ғарғаса, оның шамы қараңғылықта өшип қалады» (Сулайман. нақ. мақ. 20:20), — деп айтады. Ол әкесин шын жүреги менен кеширмесе, өзи де жақсы әке бола алмайды. Оның әкеси тири ме, тири емес пе, бунын әҳмийети жоқ. Әҳмийетлиси, жеке өзиниң жүрегинде не нәрсе болып атырғанында. Оның Аспандағы Әке менен қатнасының раўажланыўына ҳеш нәрсе кесент етпеўи ушын оның жердеги әкеси менен қатнасы өзгериўи ушын дуўа ет.

Еркеклер, көбинесе, балаларының өмиринде өзиниң ролиниң әҳмийети ҳаққында ойламайды ҳәм өзлерине тек шаңарақты материаллық

жақтан тәмийинлеў булағындай қарайды. Бирақ, баланың өмиринде әкениң тәсирин баҳалаў мүмкин емес. Оның балаларға қатнасы, олардың қандай жолды таңлаўына тәсирин тийгизеди: жақсылық жолын ба я жаманлық жолын ба? Буннан оның өмири де ғәрезли, себеби, егер ол әкелик ўазыйпасын орынлай алмаса, жеке кемтарлығы бәрҳа изинен жүреди. Егер ол жақсы әке бола алса, бул оның әўмети өмириниң әҳмийетли белгиси болады.

## *Дуўа*

Қудайым, күйеўиме жақсы әке болыўды үйрет. Онда Сениң еркиңе сай емес ҳәмме нәрсени туўрыла, оның руўхый жаралары шыпала ҳәм әкесин кешириўине жәрдем бер. Оған Өзиңниң ашылысыңды бер ҳәм оның жүрегине Сени Аспандағы Әкедей көриў қәлеўин бер. Сениң менен бирге қатнаста болыўы ушын Оны Өзиңе қарат. Сенде Әкениң сүйиспеншиликли жүрегин көрсин. Оның жүреги де балаларына усындай сүйиспеншилик пенен толсын. Балаларын туўры жолға салғанда, мийримлилик көрсетиўди үйрет. Оған Сениң үлгиң бойынша жүриўин: балалардан тыңлаўды талап етиў, тәўбе еткенин қоллаў, егер балалары қәте ислеп қойған болса, оларды жазалаўды үйрет. Баласын сүйген әке, оны әдил жазалайтуғыны ҳаққында ҳақыйқатлықты оған аш (Сулайман. нақ. мақ. 13:24 — қа қараң). Ол бәрҳа: «Балаларыңыздың ашыўын келтирмеңлер. Оларды Ийемиздиң тәлим-тәрбиясы менен өсириңлер» (Ефес 6:4 — қа қараң), — деген қағыйданы есинде тутсын.

Ол ҳеш қашан жаўыз, суўық, қатаң, сөйлеспейтуғын, ҳәлсиз, наразы ҳәм бийпәрўа әке болмаўы ушын оған балалар менен қатнас қылыўды үйрет. Оған сүйиўши, мийримли, жәрдем беретуғын, күшли, исенимли, түсиниўши ҳәм шыдамлы болыўды

үйрет. Оның көриниси балаларында узақ ҳәм шадлы өмир сүриўи ушын оны әке сыпатында ҳүрметлеў сезимлерин оятсын.

Қудайым, балалар бизлердиң руўхый байлығымызды мийрас ететуғынын билемен ҳәм оның мийрасы Сениң Мухаддес Руўхыңа толы болсын. Оған Сениң ўәсиятларыңды орынлаўдың үлгиси болыўға жәрдем бер. Ол балалары ушын қуўансын ҳәм Сениң жолыңда оларды беккемлеўге талпынсын. Ол жақсы әке болыўды қәлейди, Оның жүрегиндеги бул қәлеўди орынлаўыңды Сеннен өтинип сорайман.

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Қартайған адамның тажы-бул ақлықлары, балаларының даңқы-олардың ата-аналары.

*Сулайман. нақ. мақ. 17:6*

Әке жақсы көрген улын жазалағаны сыяқлы,
Қудай да сүйген адамын жазалайды.

*Сулайман. нақ. мақ. 3:12*

Әдил адам әкесиниң басын аспанға көтереди,
дана перзент болса оны қуўандырады.

*Сулайман. нақ. мақ. 23:24*

Улыңа тәрбия бер: ол саған тынышлық береди ҳәм жүрегиңди шадлыққа толтырады.

*Сулайман. нақ. мақ. 29:17*

Және де, ҳәмме нәрсеге қүдиретли Қудай Ийемиз былай дейди: «Мен сизлерге  Әке боламан, сизлер Мениң ул-қызларым боласызлар.

*Коринф. 2-х 6:18*

## ОН ТОҒЫЗЫНШЫ БАП

# ОНЫҢ ӨТМИШИ

Майкл 19 жасында күшли нерв ҳәкислениуйин басынан өткерди. Сол ўақытта ол колледждиң талабасы еди. Ол бир нәрселерди ойлап шығарып, оны қайта ислеп, күндиз ҳәм кеште жергиликли клубларда пианинода ҳәм барабанда ойнайтуғын еди. Оның өмири қызғын ҳәрекетте өтти. Ол аз уйықлайтуғын ҳәм нәтийжеде қатты шаршаған еди. Ол жақсы дем алыўы ушын шаңарағының шыпакери оны сол жердеги жиллиханаға жатқарыўды усыныс етти. Кейин оның анасы маған, өзи де, шыпакер де бул шешимди қабыллағанына өкингенин айтты, бирақ олар сол ўақытта албырап, не ислеўди билмеген еди. Майкл ушын сол еки ҳәптелик «дем алыў» өмириндеги қорқынышлы көринислердиң бири болды. Ол жерде көрген нәрселери оны жарақатлады ҳәм «тәғдириме жазылғаны усы», — деген қорқынышлы ойлар оны исендирип таслады. Колледжге қайтқаннан кейин оны жеңиллетилген оқыў дизимине өткерди, бирақ, оның қорқынышлары жоқ болмады.

Турмыс қурғанымыздан кейин Майкл қатты шаршағанлықтан сол ўақыттағы аўҳалына бир неше рет қайтқан еди. Жас ўақтында басынан кеширгенлерди еслеў оны тынышына қоймады. Оның ойында бәрҳама қорқынышлы сөзлер тәкирарланып турар еди: «Сен буннан ҳеш қашан шыға алмайсаң. Сен өмириңди жиллиханада тамамлайсаң». Бундай

ўақытларда оның өзи айтқанындай, оған мениң дуўаларым көбирек керек еди. Мен бәрҳа оның азат ететуғын ҳақыйқатты билиўи ушын дуўа етемен (Юхан 8:32 — қа қараң). Мен Қудайдан оны өтмишинен азат етиўин сорадым. Бул узақ даўам ететуғын процесс еди, бирақ мен дуўа еткенимде, айырым нәрселер өзгеретуғын еди.

Бизлер өтмиште жасамаўымыз керек, бирақ бизлер олардан сабақ алыўымыз керек. Бизлер «изде қалғанларды естен шығарып» ҳәм «Қудайдың Ийса Масих арқалы шақырған аспандағы өмирине ерисиў ушын, мен белгиленген мақсетке» жетиўге «тырысыўым» керек (Филип 3:13-14 — қа қараң). Қудай Қунын төлеўши ҳәм Қайта жаратыўшы, бизлер Қудайдың өмиримизде усы еки рольде де болыўына имканият жаратыўымыз керек. Ол өтмишти тазалап, жоғалтқан нәрселеримизди тиклеўи мүмкин. Ол бизлердиң жоғалтқан нәрселеримизди қайтарыўы мүмкин (Забур 89:15 — қа қараң). Бизлерден тек Оның буны ислеўине исениўимиз талап етиледи. Егер бизлер өтмишке жабысып алсақ, Қудайдың таярлаған келешегине қарай хеш қашан қозғала алмаймыз.

Күйеўиңниң өтмиши тек оның өзине ғана емес, ал урпақларына да тәсирин тийгизеди. Балаларымызға бизлерден тек шашымыздың ҳәм көзимиздиң реңи мийрас болып қоймай, ал ажырасыў, ашыў, қорқыныш ҳәм аўыр жүгимизден де оларға мийрас қалады. Бул еле ҳәммеси емес. Бул аўырманлықтан азат болып, бизлер балаларымызды да олардан азат етемиз. Өтмишке күнде қайтып, бизлер Қудайдың таярлаған келешегин көриў мүмкиншилигинен ажыралып қоймастан, бул мүмкиншиликтен балаларымызды да айырамыз.

Бәлким, күйеўиңниң ҳәзирги ўақтына тәсирин тийгизиўши оның өтмиши балалығында болған шығар.  Балалығымызда болған жаман нәрселер ҳәм болмаған жақсы нәрселер өтмиштен келип, бизлердиң аўҳалымызға тәсир етеди. Қапа қылатуғын сөзлер, ата-аналары ямаса өзи менен жасы тең балалар қойған жек көретуғын («семиз», «жилли», «көримсиз», «ақмақ» ҳ.т.б сыяқлы) атлар оның мийине тәсир етеди. Олардың тәсирин ол өспиримлик дәўиринде де сезеди. Егер өтмиштиң

аўырманлығын таслаўға күшимиз жетпесе, онда бизлер дуўа етиўимиз керек, себеби адам өмир бойы бул нәрсеге көниўи керек емес.

Қудай бизлерге қутқарылыў ушын бәрҳа сораўымыз мүмкин екенин айтады. Егер бизлер Оның ҳақыйқатын жәриялап, Оның жолында жүрсек, өтмиштен қутқарыламыз. Бирақ, бул бәрҳа тез бола бермейди, себеби алдыңғы өмирден азат болыўдың белгиленген дәрежелери бар. Сениң күйеўиң өтмиштен азат болдым деп ойлаған ўақтында, тосаттан ол қайтып келип, ҳәммесин тазадан баслайды. Оған түскинлекке түспеўинде жәрдем бер. Егер ол өмирин Қудай менен бирге өткерип атырған болса, онда Қудай оны тереңирек азатлық дәрежесине алып өтеди ҳәм бул жерде күйеўиңе дуўаларың жәрдем береди.

Өтмиштен қутылыў тез болыўы мүмкин, ал айырым ўақытлары Қудайдың нийетине байланыслы басқышпа-басқыш өтиўи мүмкин. Сен бул жерде ўақытты белгилей алмайсаң, сен күйеўиңниң өз өтмишинен келген даўысты қадағалап, оларды тыңламаўы ушын қанша керек болса, сонша дуўа етиўге шақырылғансаң.

## *Дуўа*

Қудайым, мен Сеннен оны (күйеўиңниң аты) өтмишинен толық азат етиўиңди сорайман. Оны өтмиштен ғәрезли болыўдан азат ет. Оны бурынғы өмир жолынан, яғный денениң жаман қәлеўлери себепли шириген ески тәбиятынан ўаз кешиўине жәрдем бер ҳәм оның ой-пикирин жаңала (Ефес 4:22-23). Ол Сениң ҳәмме жаңа нәрсениң Жаратыўшысы екениңди түсинсин (Аян 21:5 — қа қараң). Мухаддес Руўх оған жаңа жолды көрсетсин ҳәм өзиниң жаман тәжирийбесине жаңадан қараўды үйренсин. Сениң ҳәм өтмиштиң даўысын айырып билиўи ушын, оған Масихтың ақылын бер. Оларды еситкен ўақтында турып, Сениң ҳақыйқый сөзиң менен оларды үндемеўге мәжбүрлесин.

Кек алыў ҳәм өкпелеўлерди қалдырыўы ушын оның жүрегин мийримлилик ҳәм сүйиспеншиликке толтыр. Оның өтмиши ол ушын келешегине тәсирин тийгизбейтуғын сабақ болсын. Мен өтинемен, оны түрли аўыр еслеўлерден қутқар ҳәм ол ҳеш қашан оған тәсирин тийгизбесин. Оның қайғысын шыпала (Забур 146:3 — қа қараң), оның руўхын беккемле (Забур 22:3 — қа қараң), оның өмиринде қайталанбаўы ушын күйеўимди өтмиштеги аўыр жүклерден азат ет ҳәм бул тек ғана ол ушын сабақ болып қойсын, оны өзиң таярлап қойған келешекке алып бар.

## Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
## МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Өтмишти еслемеңлер, буннан былай баяғыны ойламаңлар. Енди Мен жаңа нәрсени жаратаман, ҳәзир ол жарыққа шығайын деп тур. Сизлер буны түсинбейсизлер ме? Мине, Мен шөлистанлықта жол саламан, шөл даладан булақлар ағызаман.

*Ийшая 43:18-19*

Солай етип кимде-ким Масих пенен байланысқа ийе болса, ол жаңа жаратылыс. Ески нәрселер өтип кетти, енди ҳәммеси жаңа болады.

*Коринф. 2-х 5:17*

Сол себептен бурынғы өмир жолыңыздан, яғный денениң жаман қәлеўлери себепли шириген ески тәбиятыңыздан ўаз кешиңлер. Ой-пикирлериңизди ҳәм руўхыңызды жаңалап, шын ҳақлық ҳәм мухаддеслик пенен, Қудайға уқсатылып жаратылған жаңа адам болыңлар.

*Ефес 4:22-24*

Сонлықтан, руўхымызды түсирмеймиз. Бизлердиң көринетуғын денемиз тозып баратырған болса да, ишки дүньямыз күннен-күнге жаңаланып атыр.

*Коринф. 2-х 4:16*

Қудай олардың барлық көз жасларын сүртип таслайды. Енди өлим де, қайғы да, жылаў да, азап та болмайды. Себеби бурынғылар өтип кетти.

*Аян 21:4*

## ЖИГИРМАЛАНШЫ БАП

# ОНЫҢ МИНЕЗИ

Кейпияты жаман адам менен сөйлесиў кимге унайды? Өмир бәрха басқалардың арзын еситпегенниң өзинде қыйын. Мен барлығы жақсы болса да, бәрхама ҳәммеге наразы болатуғын еркекти билемен. Ол ҳәмме нәрсеге ҳәм ҳәммеге ашыўы келеди. Ол жақсы хабар естикенинде, бәрибир бақырыўға бир себеп табады. Тилекке қарсы, бундай ҳәрекет балалықтан басланады, соның ушын бундай минезди өзинде мийрас етип алды деп есаплаў мүмкин. Оған ҳеш ким қуўаныўды үйретпеген көринеди, бирақ өзиниң өтмишиниң келешегине тәсир етиўине жол қойып, ол өзи таңлады. Усының себебинен өзи де, әтирапындағы адамлар да бахытлы бола алмайды. Кимниң бундай болғысы ямаса усындай адамның қасында жасағысы келеди?

Маған бул машқала жүдә таныс ҳәм мен жаман минезли адам ушын дуўа етиў қандай екенин исенимли айтыўым мүмкин. Биреўдиң жаман минезине ашыўланбаўды үйрениўим ушын ҳәм ол ушын дуўа етиўге маған көп ўақыт керек еди. Бирақ, бундай күш салыў бәрха нәтийже алып келеди ҳәм мен сезилерли дуўам арқалы жәрдем бериўди даўам етемен. Адамлардың жүреклерине қуўаныш руўхы кириўи ушын дуўа еткен ўақтымда, мен болатуғын өзгерислерди көретуғын едим ҳәм өзимниң де, ол адамға қатнасым өзгеретуғын еди.

Кеўилсиз, ашыўлы, адамды кешире алмайтуғындай сийрек ушырасатуғын минезлер өзлериниң тамырына ийе. Ол Қудайдың сүйиспеншилигин қабыллағысы келмегеннен ҳәм өзлериниң өжетлигинен усындай болып қала береди. Мухаддес Китап бул сезимди өзимиз қәлеўимиз бенен жүрегимизге киргизетуғынымызды (Забур 100:4 — қа қараң), өзимиз жүреклеримизди жаўыз қылатуғынымызды ҳәм Қудайдың сүйиспеншилиги ушын жабылыўымызды (Сулайман. нақ. мақ. 28:14 — қа қараң) айтады. Бизлер кейпиятымызды өзлеримиз таңлап аламыз. Қудайдың сүйиспеншилигин қабыллаў я қабыл алмаўды өзлеримиз шешемиз. Қудайға миннетдаршылық билдириў сезимин толтырыўды өзимиз шешемиз.

Егер күйеўиң бәрҳа жаман кейпиятта жүрсе, бул ең әўметли некени де бузады, ал әўметсизи болса буннан да бетер жаман болады. Болып атырған жағдайға қарсылық қылсақ, ол өмиримиздиң ҳәммесин бузады. Сен күйеўиңниң еркин басқара алмайсаң, бирақ сен оны Қудайдың ерки менен жүриўи ушын дуўа ете аласаң. Оның жүреги тазаланыўы ушын дуўа ет, себеби Мухаддес Китап, жүреги таза адамлар Қудайды көреди деп ўәде береди (Матта 5:8 — қа қараң). Оның жүреги қуўаныўы ушын ҳәм жүзинде қуўаныштан нур шығып турыўы ушын дуўа ет (Сулайман. нақ. мақ. 15:13 — қа қараң). Ким күйеўин Қудай менен бирге қуўанып, бахытлы болыўын қәлемейди? Оның жүреги алғыс, миннетдаршылық, сүйиспеншилик, қуўанышқа толыўы ушын дуўа ет, себеби «жақсы адам кеўлиндеги жақсы ғәзийнесинен жақсылық шығарады» (Матта 12:35 — қа қараң). Егер дәслепки ўақытларда үлкен өзгерислер болмаса да, оның жүреги сениң дуўаларың арқалы әлбетте жумсарады. Оның кейпиятының жақсыланыўын күтип, сен өзиңниң кейпиятыңның жақсыланып атырғанын көресең.

## *Дуўа*

Қудайым, бугин оны (күйеўиңниң аты) Сениң сүйиспеншилигиңе ҳәм тынышлығыңа толтыр. Оның жүрегин тынышлық

ҳәм қанаатланыў сезими толтырсын, себеби оның өмири дененің емес, ал Сениң қадағалаўың менен өтип атыр. Оған Сениң көз алдыңда «үйинде таза жүрек пенен жүриўине» жәрдем бер (Забур 100:2 — қа қараң). Оған Өзиңниң руўхыңның сәўлесин түсир ҳәм оны сүйиспеншилигиңе толтыр. Оның жүрегин жақсылық ҳәм шыдамлылыққа толтыр, барлық жаман нәрселерин алып тасла. Оған ҳәмме нәрсени көтериўге жәрдем бер ҳәм «ҳәр дайым исенип, көп нәрсеге үмит етип, ҳәммесине шыдаўға» үйрет (Коринф. 1-х 13:7). Оның руўхы қайғыға айналмаўы ушын оны ашыў, ғәзеп, қәўетер, тынышсызлық, ишки гүрес ҳәм тәсирлерден азат ет (Сулайман. нақ. мақ. 15:13 — қа қараң) ҳәм оның жүреги шадлыққа толсын (Сулайман. нақ. мақ. 15:15 — қа қараң). Оған қуўаныш руўхын бер. Оны қәўетерлениўден азат ет ҳәм Өзиңе деген миннетдаршылық билдириў сезимин бер. Ол: «Мен өзимде барына шүкирлик билдирип үйрендим» (Филип 4:11 — қа қараң), — деп айтатуғын болсын. Бүгин мен оған (күйеўиңниң аты): «Қудай сени жарылқасын. Қудай Өзиниң жарық жүзин саған көрсетсин ҳәм сениң гүнаңды кеширсин. Қудайым Өзиниң жүзин саған қаратып, саған тынышлық берсин!» (Санлар 6:24-25), — деп айтайын.

## Сениң дууаңды ҳәрекетке келтириуге жәрдем беретуғын МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Ҳеш нәрседен тәшиуиш шекпеңлер. Ал, ҳәмме нәрсе ушын Қудайға дууа етип, ҳәр бир тилегиңизди Оған шүкирлик пенен билдириңлер. Сонда ҳәр қандай ақыл-ойдан зыят болған Қудайдың тынышлығы Масих Ийса арқалы кеўиллериңизди ҳәм ой-пикирлериңизди тазалайды.

*Филип 4:6-7*

Ислеген барлық гүнаңыздан ўаз кешиң ҳәм өзлериңизге таза жүрек ҳәм таза руўх жаратың…

*Езекиел 18:31*

Өзин тута алмайтуғын адам, дийўалсыз ўайран болған қалаға уқсайды.

*Сулайман. нақ. мақ. 25:28*

Егер мен пайғамбаршылық қүдиретине ийе болсам, пүткил сырларды билсем ҳәм ҳәр түрли билимге ийе болсам, ҳәтте, таўларды көширетуғын күшли исенимим болса да, бирақ сүйиспеншилигим болмаса, онда мен ҳеш нәрсе емеспен.

*Коринф. 1-х 13:2*

Оның дәрўазасына шүкирлик айтып кириң, алғыслар айтып Қудайдың алдына келиң. Оған шүкирлик билдирип, атын алғыслаң.

*Забур 99:4*

## ЖИГИРМА БИРИНШИ БАП

# ОНЫҢ НЕКЕСИ

Турмысқа шықпастан алдын, мен ҳәммесинен бетер болажақ күйеўимниң спорттың қумарпаразы болып шығыўынан қорқатуғын едим. Өмир бойы көк экран алдында футбол, баскетбол, бейсбол ҳәм басқа да ойынларды дыққат пенен диванда отырып көретуғын адам менен жасаўды ойлаўдың өзи, менде жек көриўшилик сезимин оятатуғын еди. Ушырасып жүргенимизде, алдын Майклдың спортқа бийпәрўалығы мени өзине тартты. Бул тема оны қызықтырмайтуғындай ҳәм зериктиретуғындай көринетуғын еди. Тойымыздан бир неше жылдан кейин тосаттан, ол спорт фанатына айналып қалғаны мени қандай аўҳалға түсиргенин көз алдыңызға келтире аласыз ба? Егер «Чикаго Беарз» командасы утылып атырса, оның менен бирге шаңарағымыз бенен қайғырыўымыз керек еди, ал егер «Кабз» командасы утса, онда бизлер оның қуўаныштан қатты бақырысын еситетуғын еди. Ол ойынды арасында көриўге қанаатланбайтуғын ҳәм ол ҳәр бир ойынды қалдырмай көриўи шәрт еди. Ол интасыз ышқыпаз емес еди. Ол «Беарз» деген эмблемасы бар футболка, «Кабз» деген эмблемасы бар шапкасын кийетуғын еди ҳәм олардың ортасында арман-берман жүретуғын еди. Мен оның менен бирге ойынға барыўға ҳәрекет еттим, бирақ олар мени «хот-догқа» қарағанда азырақ қызықтыратуғын еди, ал оның менен бирге көк экранда ойынды

көриў мен ушын ҳақыйқый азап болып көринди. Күйеўим шаңарағы менен қарым-қатнас жасаўға қарағанда, спорт жарысларын көргенди жақсы көретуғын еди.

Некем ушын дуўа еткенимнен кейин, бир неше жылдан соң өзгерислер басланды. Белгисиз себеп пенен Қудай мениң сорағанымдай, Майклдан спортқа деген қызығыўшылығын толығы менен алып таслаған жоқ, ал буның орнына Ол мениң жанымды тынышлыққа бөледи ҳәм машқалаға мениң қатнасымды өзгертти. Қудай бизлерге өз-ара келисимге барыўды үйретти. Мен Майклды спорт ойынларын көриўден ўаз кешиўи ушын мәжбүрлемеймен, ал ол болса меннен қызықпайтуғын нәрсеме қызығыўшылық көрсетиўди талап етпейди. Мен оны бундай ҳийле ислегенинде айыпламайман: ол тойдан алдын өзиниң қызығыўшылығын айтпаған еди, ал ол да мени ҳеш нәрседе айыпламайды. Буның ҳәммеси некелик қатнаста әҳмийетсиз болып көриниўи мүмкин, бирақ ҳақыйқатында бул нәрселер некеңниң келешегин, яғный, ол беккем туратуғынын ямаса бузылыўын белгилейди.

Биргеликтеги өмиримиздиң барлық бөлимлери ҳаққында дуўа етип, бизлер машқаламызды шешиў жолы сыпатында ажырасыўды толығы менен алып таслаймыз, соның ушын бизлер некемиздиң әҳмийетли бөлимлерине арқайын қарамаўымыз керек. Неке қурғанымыздың биринши күнинен баслап мен ажырасыў ҳәм некемизде қыянет болмаўы ушын дуўа ететуғын едим. Шаңарағымыздағы бундай ўақыяға орын жоқ болғаны менен, бизлердиң мәдениятымыз ажырасыў ҳаққында пикирлер менен толған, ал айырым жерлерде бул әдеттеги көринис болып есапланады. Мен Қудайдан некемди бундай апаттан сақлаўын ҳәм Ол садық болғаны ушын дуўаларыма жуўап бериўин сорайтуғын едим.

Некедеги бирликтиң күши, еки адам өзлерин бир-бирине бағышлап, ҳеш нәрсеге қарамай, өзлериниң қатнасын қорғаўда. Бирақ, көбинесе ер адам некени басқаша көз алдына келтиреди ҳәм нәтийжеде, ҳақыйқатқа дус келиў жүдә аўыр болады. Тап усындай ўақытта некениң «патшалығы» өз-өзинен бөлиниўи мүмкин. Сен қатнасыңыздағы түрли

түсиниксизлик ашық болыўы, биргеликтеги өмириңиздиң «ушқыр мүйешлери» тегис болыўы, бир руўхта, жақынлықта бирлесиўиңиз ушын бәрҳа дуўа етиўиң керек. Сениң некең Қудайдың өмириңизде болыўын екеўиңиз де қәлейтуғын орын болыўы ушын (Матта 18:19-20 — қа қараң), ҳеш бириңиз өткен некеңиздеги тәжирийбеңизди биргеликтеги өмириңизде қолланбаўыңыз ушын (егер усындай болса) дуўа ет. Бир аяғың менен өтмиште турып, келешекке қарай қозғалыў мүмкин емес.

Некеңиз сизге әжайып болып көрингени себепли азғырылмаң, себеби: «…исенимде беккем турман деп есаплайтуғын адам усындай гүналарды ислеўден сақ болсын!» (Коринф. 1-х 10:12 — қа қараң), — деп айтылған. Некеңди бузыўға қәўип салатуғын адамлардан ҳәм жағдайлардан қорғаўын сора. Қудайдан қандай жағдай болса да, некеңиздиң пүтинлигин сақлап қалыўын сора. Қудайдан өзиңниң некелик өмириңди қуўаныш ҳәм екеўиңиз ушын өмир булағы қылыўы ушын дуўа етип сора.

## *Дуўа*

Қудайым, мен Сеннен өтинемен: Мениң некемди ҳәлсирететуғын ҳәм бузатуғын нәрселерден сақла. Оны бизлердиң бийпәрўалығымыздан ҳәм қәўиптен, өзге адамлардың жаман нийетлеринен ҳәм жобаларынан қорға. Бүгин де, келешекте де бизлерге ажырасыў ямаса опасызлық етиў ҳаққындағы ой келмесин. Бизлерди алдыңғы қатнасығымыздағы аўырыўлардан шыпала, жағымсыз еслеўлерден, бурынғы байланыслардан азат ет, бир-биримизди дурыс баҳалаўды үйрет. Жүрегимизди қызғаныш сезиминен ҳәм оның себепшиси болған өзимизди төмен баҳалаўдан тазала. Бизлерди түрли қәўипли қызығыўшылықлар, яғный, мәскүнемлик, наркотиклер, қәўипли ойынлар, жаман сүўретлер ҳәм түрли ғәрезлиликлер шетлеп өтсин.

Бизлерди дослық, садықлық, бир-биримизди түсиниўшилик, сақыйлық қатнасықлары менен бирлестир. Бир-биримизге ўақыт ажыратыўымызға ҳәм бәрҳа не ушын бирге екенимизди есте тутыўымыз ушын жәрдем бер. Ол (күйеўиңниң аты) ең алды менен Қудайым, Сени излесин. Бизлердиң сүйиспеншилигимиз күннен-күнге беккемлениўи ҳәм балаларымыз бизлерден ажырасыў пикирин мийрас етпеўи ушын Сеннен сорайман.

## Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Биреў болғаннан, екеў болған жақсы, сонлықтан, оларда мийнет ушын жақсы сый бар. Себеби, егер биреўи жығылса, онда екиншиси биреўин сүйейди. Бирақ, сүйейтуғын адам жоқ болса, жығылған адам қайғыға батады.

*Ўазшы 4:9-10*

Бирақ, соң биреў ислеп, әжайып руўхта болмады ма? Биреўи не иследи? Ол Қудайдан урпақ алыўды қәледи. Демек, өзиңиздиң руўхыңызды сақлап ҳәм ҳеш ким жаслығыңыздағы ҳаялыңызға опасызлық етпесин.

*Малахия 2:15-16*

Ҳәммеңиз некеге ҳүрмет пенен қараңлар. Некеңиздиң төсеги гүна менен былғанбасын. Себеби Қудай бузықшылық ислегенлерди ҳәм неке ҳадаллығын бузғанларды ҳүким етеди.

*Еврей 13:4*

Сондай-ақ, егер еки адам жатса, оларда жыллылық болады, ал бир адам қалай жылыйды?

*Ўазшы 4:11*

Ал некеде болғанларға мен мынаны буйыраман, анығырағы мен емес, Ийемиз солай буйырған: ҳаял адам күйеўи менен ажыраспасын. Егер ажырасса, я күйеўсиз қалсын, я өз күйеўи менен жарассын. Ер адам да ҳаялы менен ажыраспасын.

*Коринф 1-х 7:10-11*

## ЖИГИРМА ЕКИНШИ БАП

# ОНЫҢ СЕЗИМЛЕРИ

Дон өзиниң шаңарағын «ғәзеп ҳасасы» менен басқаратуғын еди. Оның барлық жақынлары, оның ғәзеби қайнаўынан қорқып, оның барлық талапларын сүйиспеншиликке қарағанда, қорқыныштан тезирек ислейтуғын еди. Бирақ, ҳәммеси оның ҳаялы Дженни буларға шыдаў керек емес екенин түсингенинде, өзгере баслады. Қудайға да бундай жағдай унамайды: «Ашыўшақ пенен дослаcпа, қызба адам менен бирге жүрме. Болмаса сен де олардың жолына түсип қаласаң ҳәм жаныңды дозаққа илиндиресең» (Сулайман. нақ. мақ. 22:24-25).

Дженни адамды жақсы көриў, бирақ оның гүнасын қаралаў мүмкин екенин түсинди ҳәм Дон ушын жалғыз өзи ҳәм топар менен бирге дуўа етиўге киристи. Ол оның минезиниң жумсарыўы ҳәм Мухаддес Руўхқа толыўы ушын дуўа етти. Оның дуўалары жеке өзиниң қылықларын көриў ушын күйеўиниң көзин ашып қоймастан, өзгериў ушын күш-қуўат та берди. «Жасырын берилген саўға ашыўды басады…» (Сулайман. нақ. мақ. 21:14). Күйеўиниң ашыўына қарсы ҳаялының ең жақсы «сырлы қуралы» — бул оның дуўалары.

Чадты көп жыллық асқынып кеткен жаман кейпият қыйнайтуғын еди. Өзиниң тәбийий оптимистлигине қарамай, оның ҳаялы Мерилин де

оның жағымсыз сезимлериниң тәсирине түсти. Бирақ, Даўыт патшаның сынақлары ҳаққында оқып, ол өзиниң ҳәм күйеўиниң сезимлери арасында көп нәрсе бир екенин көрди: «Себеби мениң жаным апатлар менен толы ҳәм мениң өмирим ақырына жетти. Мен қәбирге түсетуғынлар менен теңлестим. Мен күшсиз адам болдым» (Забур 87:4-5). «Өзимниң ақылсызлығым себепли, жараларым ириңлести. Мен ийилип, шөгип қалдым ҳәм күни бойы қайғыланып жүремен» (Забур 36:6-7).

Мерилин терең қыйыншылыққа қарамай, Даўыт өзиниң үмитин Қудайдан тапқанын ҳәм өзиниң апатларын билгенин көрди: «Қудайым! Жанымды дозақтан қайтардың. Қәбирге кирмеўим ушын маған өмир бердиң» (Забур 29:4); «Сениң мийримиң ушын шадланып қуўанаман, себеби Сен мениң бийшаралығымды көрдиң ҳәм жаным азапқа қалғанын сездиң» (Забур 30:8). «Жаныма жақынырақ келип, оны қутқар…» (Забур 68:19 — қа қараң). Ол Қудайдың Чадқа жаны ашығанын сезди ҳәм бул түсиник оның жүрегинде күйеўиниң жаман кейпияттан азат болыўы ушын оның дуўасы гилт бола алады деген үмит пайда болды.

Мерилин Чадқа ол ушын дуўа етиўди баслағанын айтты ҳәм өзлериниң сезимлери ҳаққында айтып бериўин сорады. Биринши күннен баслап-ақ олар екеўи де, дуўа басланғаннан кейпияты жақсыланатуғынын сезе баслады. Көп ўақыт өтпей дуўаның тәсириниң көрингенлиги соншелли, Чад та буған қарсы шықпай, ҳаялы менен бирге дуўа етти. Сол ўақыттан баслап оның жумыслары жақсылана баслады. Ол өзин қолға алыўды үйренди. Мерилин менен Чад Қудайға Чадты толық шыпалаўын исенип тапсырыўды шешти.

Ғәзеп ҳәм түсиңки кейпият-бул екеўи еркекти азаплай алатуғын аўырыў болып табылады. Әдетте, олардың себеби, еркеклердиң өзлериниң жа-ман минезин өзгермейтуғын деп санаўға үйренип кеткенинде. Бирақ, ҳақыйқатында бул көз-қарас бузылыўы мүмкин. Күйеўиңди сезимлер «айналдырыўына» қарап, ҳәрекетсиз болма, себеби сениң дуўаң оның келешектеги азатлығының гиреўи.

## *Дуўа*

Қудайым, егер бизлер Саған исенсек, бизлердиң жанымызды қутқаратуғының ҳаққында Сен айтқансаң (Забур 33:23 — қа қараң). Мен Сеннен ол (күйеўиңниң аты) жаман сезимлеринен оның жанын тек Сен қутқара алатуғыныңа исениўи ушын өтинип сорайман. Ол түсиңки кейипияттан, ғәзептен, қәўетерден, қорқыныштан ҳәм өзин-өзи өлтириў ойынан азат болсын. Айрықша мен (айрықша машқала) ушын сорайман. Оның минезине жаман тәсир қылатуғын адамлар менен қатнас жасаўына жол қойма (Забур 39:5 — қа қараң). Мен билемен тек Сен қутқарып, шыпалай аласаң. Оның қутқарылыў қуралы ретинде мени қоллан. Ол алып барып атырған гүреске араласпаўыма, ал оның орнына оны дурыс түсинип, жигерлендиретуғын сөзлер айтыўыма жәрдем бер.

Өзиниң терең қәўетерлерин мен ямаса дослары менен бөлисиўин оған үйрет. Өзиниң сезимлерин өзинде қалдырмай, жылағысы келген ўақытта жылаўына жәрдем бер. Оған күлиўди үйрет. Оған өмир жағдайларына алаң болмай, өзиниң сезимлерине қарамастан, Саған исениўди үйрет. Оған сабырлы болыўды үйрет, себеби сабырлылық пенен жаныңызды қутқарыў мүмкин (Лука 21:19 — қа қараң). Оның «қайғыларын қуўанышқа» айландыр (Ийшая 61:3 — қа қараң), оны Мухаддес Руўхқа толтыр ҳәм бүгин оған жақсы кейипият бер.

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Өзине исенген ақмақ, ал ол ақыл менен жүретуғын болса қутқарылады.

*Сулайман. нақ. мақ. 28:26*

Мине, Қудайдың көзи Оннан қорыққанларда ҳәм Оның мийримине үмит еткенлерде. Ол олардың жанын өлимнен қутқарады…

*Забур 32:18-19*

Мен Қудайға қатты үмитлендим, Ол мениң ийилип жылағанымды еситти. Ол мени қорқынышлы тесиктен, ылайлы батпақтан шығарып алды. Аяқларымды тасқа бастырып, қәдемлеримди беккем қойды. Ол аўзыма таза бир қосық — Қудайға алғыслар салды. Көп адамлар буны көрип ҳәм қорқып, Қудайға үмит байлады.

*Забур 39:2-4*

Жанымды Ол беккемлейди, Өзиниң аты ушын мени туўры жолға баслайды.

*Забур 22:3*

Қулларының жанына төлемди Қудай берер, Оннан пана сораған ҳеш ким айыплы болмайды.

*Забур 33:23*

## ЖИГИРМА ҮШИНШИ БАП

# ОНЫҢ ЖҮРИСЛЕРИ

«Жүрис» сөзи адамның өмиринде қайсы бағытта, қандай мақсетте, қандай тәқилетте жүретуғын түрли жолларды билдиреди. Адам өзиниң жолын ҳәр күни таңлап алады. Тек бир жол оны алға алып барады, ал қалғанлары болса тек арқаға. Оның өмир жолындағы жүриси оның жаратылысының барлық тараўларына: оның шаңарағына ҳәм әтирапындағыларға қатнасына, адамның оған қатнасына, ҳәттеки оның сыртқы көринисине де тәсир етеди. Мен алдын сыртқы көриниси көримсиз адамның Қудайдың ўәсиятларының изинен жүргеннен кейин танымайтуғындай дәрежеде өзгергенин көрдим. Оның сөзлерин түсингеннен кейин олардың руўхы терең минсиз раўажланды ҳәм олар өзлериниң жолын аңлап жетти. Бул оларға күш береди, себеби олар өзлериниң бағышланыўын биледи. Булар енди тек сулыў болып қоймастан, өзине де тартатуғын басқаша адамлар еди.

Мухаддес Китапта адамлардың жоллары ҳаққында көп айтылған. Бизлер: Қудайдың көз алдында минсиз минез бенен жүриўге шақырылғанбыз, себеби «минсиз жүрген адамды Қудай жарылқаўсыз қалдырмайды» (Забур 83:12 — қа қараң), даналықта, себеби «ким минсиз жүрсе, оған ҳеш қандай зыян болмайды» (Сулайман. нақ. мақ. 28:18 — қа қараң), таза жүрек пенен, себеби «ким гүнасыз жүрсе, ол қәўипсизликте болады» (Сулайман. нақ.

мақ. 10:9 — қа қараң), әдил адам менен қатнаста, себеби «әдалатсызлар жыйналысына бармайтуғын адам жарылқанған» (Забур 1:1 — қа қараң) ҳәм дана адамлар менен, себеби «дана адам менен қатнаста болған дана болады» (Сулайман. нақ. мақ. 13:20), қулақ асып жүриў, себеби «Қудайдан қорқып, Оның жолында жүретуғын адамлар бахытлы» (Забур 127:1), — «жүриўге» шақырылғанбыз. Бирақ ең әҳмийетлиси бизлер мухаддес жолда жүриўимиз керек. «Сол жерде үлкен жол болады ҳәм ол арқалы жүриў мухаддес жол деп аталады. Бул жолда жүретуғынлар, тәжирийбесиз болса да адаспайды» (Ийшая 35:8). Мухаддес Жол менен жүриўдиң ең әжайыбы соннан ибарат, сүрниксең де жығылмайсаң ҳәм оннан шығарып тасланбайсаң.

Дебраның күйеўи Бен шын жүректен исениўши адам, ақмақ адамға уқсамайды, бирақ ол гүманлы кәрханаға көп ақша қойып ақмақлық қылды. Нәтийжеде, ол ақшасының ҳәммесин жоғалтты, бул ақшаға және қосымша шығынлар да қосылды. Бул ўақыя олардың финанс жағдайын, бәлким некесин де толығы менен бузыўы мүмкин еди, бирақ Бенниң шүкирлик етип, Қудайдың алдында бойсыныў ҳәм мухаддесликте турғаны ушын олар жарылқанды. Қудай менен ойласпастан исленген нәрсеси үлкен жағымсызлыққа алып келди, бирақ бахтына қорқынышлы апат болған жоқ.

Ийса Қудайға баратуғын жалғыз бир жолдың бар екенин, яғный «Мен жолман» (Юхан 14:6 — қа қараң), — деп айтты. Өлимге алып баратуғын жол кең ҳәм оны көп адам таңлайды, бирақ «…өмирге апаратуғын қапы тар, жол да киши, оны табатуғынлар аз» (Матта 7:14). Күйеўиң усы жолды табыўы ушын дуўа ет. Ол ушын Мухаддес Руўхтың басқарыўын сора. Қудайдың жолында Оның сөзине исеним менен беккем турыўы ҳәм бунда оған Қудайдың еркине қарсы ислеген ҳәр бир исине шын жүректен өкиниўине жәрдем бериўине дуўа ет. Оны исеним ҳәм бойсыныў ғана мухаддес Жолда услап турады. Егер ол денеде емес, ал Руўхта жүрсе, ол бул жолдан ҳеш қашан бурылмайды.

Қудай күйеўиңниң Мухаддес Руўхтың жетелеўи менен жүриўин (Галат 5:25 — қа қараң), оның өмиринде Өзи менен бирге жүриўин ҳәм Оған

уқсаўын қәлейди. Қудайдың жолында жүриўши адам-әтирапындағылар ушын қуўаныш болып табылады.

## *Дуўа*

«Қудайым, мен адамның жолы өз еркинде емеслигин ҳәм өзиниң табанына жол көрсетиў ҳуқықында емес нәрселерди билемен» (Еремия 10:23). Соның ушын Сеннен өтинемен, Қудайым, күйеўимниң қәдемин басқар. Оны Өзиңниң нурыңа алып бар, оған Өзиңниң жолыңды үйрет ҳәм Сениң ҳақыйқатлығыңда жүриўине үйрет. Мен Сениң жолыңда оның беккемлениўин, руўхый ашлығы күшейиўин ҳәм Сениң сөзиңе шөллеўи ушын дуўа етип сорайман. Сениң барлығың оны қуўанышқа бөлесин ҳәм ол оны излеўди тоқтатпасын. Оны Өзиңниң жолыңда алып жүр ҳәм сениң ҳақыйқатлығыңнан жүз бурғанда, оны бәрха тәўбе етиўге шақыр. Сениң алдыңда минсиз жүриўи ушын оған ҳәр бир сырлы гүнасын аш. Сениң нызамыңды бузғанда, ол өкинип қыйналсын. Онда таза жүрек жарат ҳәм әдиллик руўхын оят. Оны таслап кетпе ҳәм оннан мухаддес Руўхыңды тартып алма (Забур 50:12-13 — қа қараң).

Қудайым, Сен гүнакар тәбиятының жетелеўи менен жүретуғын Маған унамайды деп айтқансаң (Рим. 8:8 — қа қараң). Соның ушын мен ол (күйеўиңниң аты) дениниң емес, ал руўхтың қәлеўи бойынша ҳәрекет етиўи ушын ҳәм соның менен өзин «қуўдалаўшылар жолынан» (Забур 16:4 — қа қараң) сақлаўы ушын сорайман. Ол Мухаддес Руўхтың жемиси-сүйиспеншилик, қуўаныш, тынышлық, сабырлылық, мийримлилик, қайырхомлық, садықлық, мүләйимлилик ҳәм өзин тутып билсин (Галат. 5:22-23 — қа қараң). Оны тек Мухаддес Жолда жүриўи ушын қоллап-қуўатла, өмиринде усы жолдан адаспасын.

# Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
# МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Солай етип, Ийемиз ушын тутқын болған мен
сизлерден жалынып сорайман: Қудайдың өзлериңизди
шақырған өмирине ылайықлы түрде жасаңлар.
Толық кишипейиллилик, мүләйимлилик ҳәм сабырлылық
пенен жасаңлар. Бир-бириңизди сүйип,
мийзамкеш болыңлар.

*Ефес. 4:1-2*

Ким ҳақыйқатлық бойынша жасап, рас сөйлесе;
ким қызғаныўшылықты жек көрип, қолын пара алыўдан тыйса,
қулақларын қан төгилгени ҳаққында еситиўден басса ҳәм көзлерин
жаўызлықты көрмеў ушын жумса, онда ол бийикликте жасайды;
оның панасы қәўипсиз жар таслар; оған нан бериледи,
суўы болса сырқылмайды.

*Ийшая 33:15-16*

Солай етип, сүйикли туўысқанларым, усындай
ўәделерге ийе болғанымыз себепли, денемизди ҳәм
руўхымызды ипласлайтуғын ҳәр бир нәрседен
өзлеримизди тазалайық. Қудайдан қорқып жасап, минсиз
мухаддесликке жетилисип барайық.

*Коринф 2-х 7:1*

Қудайым, Сениң баспанаңа ким киреди? Ким мухаддес
таўыңда пана табар? Ким жүреги пәк болып, ҳадал ислесе,
шын жүректен ҳақыйқатты айтса.

*Забур 14:1-2*

Көзлерим мәмлекеттиң мөминлеринде, олар
Мениң саямда орналасады. Әдил адам Маған
хызмет етеди.

*Забур 100:6*

## ЖИГИРМА ТӨРТИНШИ БАП

# ОНЫҢ СӨЗИ

Көп сөйлеп, аз ислейтуғын адамлар менен ушырасқан ўақтыңыз болды ма? Өзиниң жобалары менен мақтанатуғын, бирақ иске асырыўға ҳәрекет етпейтуғын еркеклер бар. Бундай адамлар бир орында турады: «Себеби түс көп жумыс ислегеннен болады, ал ақмақтың даўысы көп сөйлегенинен көринеди» (Ўазшы 5:2). Олар ҳаққында бәрҳа айтыўдан мақсетке ерисиў мүмкин емес. Тек олар ушын дуўа етип, олардың өмиринде қолланыўы ушын бир нәрсе ислеў керек.

Сиз қашан болса да өзин услап билмейтуғын, жаман сөз айтатуғын адамлар менен сөйлестиңиз бе? Бундай адамларды тыңлаўшы адамлар, өзин қолайсыз сезеди ҳәм олардан тезирек қашыўға талпынады. «Жек көриўшилик пенен бирликте ҳәр бир жаман нийет, ашыў, ғәзеп, бақырыс ҳәм өсек сизлерден узақ болсын» (Ефес. 4:31). Кимниң аўзынан жаман сөз шықса, Қудайдың жарылқаўы оны шетлеп өтетуғыны түсиникли.

Бәрҳа налый беретуғын адамды билесиз бе? Қандай жағдай болса да, ол тек жаман нәрсени көреди. Бирақ, былай айтылған: «Ҳәр бир нәрсени тоңқылдамай ҳәм тартыспай ислеңлер. Сонда сизлер, адасқан ҳәм бузылған әўлад арасында Қудайдың кемшиликсиз, таза ҳәм минсиз балалары боласызлар…» (Филип 2:14-15 — қа қараң). Жаман сөзлер өзи менен

жаман нәтийже алап келеди ҳәм бәрҳа жаман сөз сөйлейтуғын адам көп нәрсеге ерисе алмайды.

Сизлер мәнисин ойланбай сөйлейтуғын адамлар менен ушырастыңыз ба? Ол сөзлерди ойланбай, жеңил сыртқа шығарады. « Әдил адам ойлап жуўап береди, ал әдалатсыз адамның аўзынан жаман сөзлер шыға береди» (Сулайман. нақ. мақ. 15:28). «Асығыс сөйлейтуғынды көрдиң бе? Оннан гөре ақмақтан үмит көп» (Сулайман. нақ. мақ. 29:20). Айтқан сөзин ойламайтуғын адамларға бәрҳа жаман болады.

Өзиниң сөзлери менен өмирлик жолдасына болсын, баласына, достысына ямаса бирге ислеўши адамларға болсын, үмитсизлик, олардың жүрегине қәўип туўдыратуғын адамды көрдиңиз бе? «Өлим де, өмир де тилдиң ҳүкиминде, биреўдиң сүйген мийўесин жейди» (Сулайман. нақ. мақ. 18:21). Бундай адам алды менен өзиниң өмирин набыт етеди.

Бизлерди ақлайтуғын да, айыплайтуғын да — айтқан сөзлеримиз (Матта 12:37 — қа қараң), олар бизлерге бирде қуўаныш (Сулайман. нақ. мақ. 15:23), бирде абыройсызлық алып келеди (Матта 15:11 — қа қараң). Бизлердиң сөзимиз бирде басқа адамларды жигерлендирсе, бирде олардың руўхына ғулғула салады (Сулайман. нақ. мақ. 15:4 – қа қараң). Сөзимиздиң ақыбети өзимизди ҳәм сөйлесип атырған адамымызды қутқарыўға ямаса өлтириўге уқыплы (Сулайман. нақ. мақ. 13:3 — қа қараң).

Ҳәр бир сөйлеп турған адам таңлай алады ҳәм дурыс таңлаған ўақытта оны сый күтип тур: «Аўзын ҳәм тилин қорғаған, өз жанын тәшўиштен асырайды» (Сулайман. нақ. мақ. 21:23). Күйеўиңниң сөзлерине ҳәм оның «аўзынан шыққанға» дыққат сал, себеби ол оның руўхының аўҳалын айтады: «…жүрегиң неге толы болса, аўзыңнан сол шығады» (Матта 12:34 — қа қараң). Егер күйеўиң бәрҳа налынып, ҳәмме нәрсеге наразы болса, егер ол өзин ямаса басқа адамларды набыт ететуғын сөзлер айтса, егер жүрегинде толған жаман тәсирлер менен қыйналса, онда ол ушын дуўа ет. Мухаддес Руўх жүрегин тазалаўы ҳәм оны Өзиниң сүйиспеншилиги, тынышлығы ҳәм қуўанышына толтырып, аўзынан өмир сөзин шығарыўы ушын дуўа етип сора.

# *Дуўа*

Қудайым, Сениң Мухаддес Руўхың күйеўимниң аўзын қорғаўы ушын сорайман. Оның аўзынан тек дана сөзлер шықсын. Оны налыў ҳәм бақырыўды қәлеўден қутқар. Әтирапындағы ҳәмме нәрсени бузатуғындай сөзлерден оның аўзын тазала. Саған унайтуғындай сөз шығыўы ушын оны тәртипке үйрет. Сениң Сөзиңде, тилин өтирик ҳәм жаўызлықтан тыятуғын адамға узақ өмир бериледи (Забур 33:13-14 — қа қараң) делинген. Оған буны үйрет. Оны Өзиңниң сүйиспеншилигиңе толтыр ҳәм бул сүйиспеншилик арқалы аўзынан тек өмир сөзи шықсын. Усыны мениң жүрегимде де орнат.

Бизлердиң сөзимизде Сениң Руўхың патшалық қылсын. Бул сөзлер бизиң қарым — қатнасымызға жәрдем берсин. Бир-биримизге ҳүрмет көрсетиўге ҳәм бир-биримизге жигерлендириў сөзлерин айтыўға үйрет. Қудайым, Сен Өзиңниң сөзиңде, бәрҳа аўызбиршиликте бирлескен еки адамның арасында болатуғыныңды айттың, бирақ мен былай дуўа етемен: арамызда татыўлық болыўы ушын арамызда Сен бол. Бизлердиң сөзимиз ҳәм жүрегимиздеги қәлеўимиз «Сениң алдыңда унайтуғын» болсын. Қудайым, Сен бизлердиң Қутқарыўшымыз ҳәм қорғанымызсаң (Забур 18:15 — қа қараң).

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Аўызларыңыздан ҳеш бир жаман сөз шықпасын.
Ал, орны менен сөйлеп, еситкенлердиң руўхын көтеретуғын
пайдалы сөзлерди айтың.

*Ефес. 4:29*

Сизлерге айтатуғыным мынаў: адамлар айтқан ҳәр бир
бос сөз ушын, ҳүким шығарылатуғын қыямет — қайым
күнинде жуўап бериўлери шәрт.

*Матта 12:36*

Жасаў жақсы, өмирим узақ болсын, жақсы күнлер
көрейин деген адам ким? Ол тилин жаман сөзден тыйсын,
аўзын жаман сөзден сақласын.

*Забур 33:13-14*

Дана адамның аўзындағы сөз жарылқаў, ал ақмақтың
аўзындағы сөз оны набыт етеди.

*Ўазшы 10:12*

Аўыздан шыққан кеўилден шығады. Адамды
ҳарамлайтуғын усы!

*Матта 15:18*

# ЖИГИРМА БЕСИНШИ БАП

# ОНЫҢ ТӘЎБЕ ЕТИЎИ

Сьюзан көп жыллар күйеўи Джерридиң наркотик қолланбаўы ушын дуўа етти, бирақ ол қайта-қайта күйеўиниң усыны ислеп атырғанының үстинен шығатуғын еди. Ҳәр көргенинде ол айыбын мойынлап, енди буны ислемеўге сөз беретуғын, бирақ өзиниң ўәдесинде турмайтуғын еди. Оның шын жүректен тәўбе етиўи ҳәм бул оның өмирине қатта тәсир етиўи ушын Сьюзан дуўа етиўди даўам етти. Тилекке қарсы, Джерри Қудайға қарамастан алдын, оның Қудайдан бир неше қатаң сабақлар алыўына туўра келди. Ақырында Джерридиң өмири толық өзгерди. Ҳәзирги күнде ол басқа адам болды. Ҳаялы Сьюзан менен бирге ол Қудайға, — бул аўырыў менен гүресиўде басқаларға жәрдем бериўи менен хызмет етеди. Сьюзан исениўши болғанлықтан, Қудайдан тынбай күйеўин тәўбе етиўге алып келиўин сорады.

Ҳәмме адам қәтелеседи, бирақ гәп бунда емес. Машқала, бүгинги күнде адамлар өзлериниң қәтелерин мойынлаўды умытқанында. Бул дүнья жүзине таралған жуқпалы аўырыўға уқсайды. Қудай: «Егер гүналарымызды мойынласақ, садық ҳәм ҳақ Қудай гүналарымызды кеширип, бизлерди ҳәр қандай жаманлықтан тазалайды» (Юхан 1-х 1:9), — деп айтқан. Бирақ, егер бизлер өзимиздиң қәте ҳәрекетимиз ушын тәўбе етиўди билмесек, онда бул нәрсе болмайды.

Қудайдың нийети бойынша, бизлердиң ҳәрекетлеримиздиң өзгериўи үш басқыштан турады: биринпшиден, Қудайдың алдында қәтелеримизди мойынлап тәўбе етиў; екиншиден, ислеген исимизге өкинип, тәўбе етиў; үшиншиден, гүналарымыздан тазаланыў ушын кеширим сораў. Егер бизлер булардың биреўин де ислей алмасақ, онда машқаламыздың тамырын менменлигимизден излеўимиз керек. Қудайдың ҳәм адамлардың алдында көкирегин баса алмайтуғын ҳәм қәтесин мойынлай алмайтуғын адам тек өзиниң өмирин қыйынластырады. «Өзин дана деп ойлайтуғын адамды көрдиң бе? Оннан гөре ақылсыздан үмит көп» (Сулайман. нақ. мақ. 26:12).

Бәлким, күйеўиңе айыбын мойынлаў аўыр шығар? Бәлким, ол күнине 20 рет кешир деп айтатуғын, бирақ ҳәрекетинде өзгермейтуғын адам шығар? Не болса да, оның жалғыз ислеў керек нәрсеси — бул тәўбе етиў. Шын жүректен тәўбе етиў деген, бул қәтени басқа қайталамайман дегенди билдиреди. Тек Қудай бизлерге неде гүна ислегенимизди ҳәм қалай бул гүнаны жуўатуғынымызды ашыўы мүмкин: «…Қудайдың кең пейиллиги сени тәўбеге алып келеди» (Рим 2:4 — қа қараң). Тәўбе қылған адам Қудайдың жарылқаўын алады. Бизлер Қудайдан күйеўимиз Оның мийримин алыўы ушын сораўымыз шәрт. Көп еркеклер өзлериниң менменлигиниң ҳәм қәтесин мойынлап, тәўбе етпегениниң қурбаны болады. Бул ҳаққында газеталарда оқып отырып, бизлер бәрҳа буның гуўасы боламыз. Жуўылмаған гүна ҳеш жерге жоқ болып кетпейди. Исик сыяқлы ол үлкейип жанын жейди. Күйеўиң өзиниң гүнасын көриўи ушын, Қудайдың алдында тәўбе етиўи ушын, ал кейин тәўбе етип ҳеш қашан оны қайталамаўы ушын дуўа ет. Қудай «ҳеш кимниң набыт болыўын қәлемей, ҳәр бир адам тәўбе етиўин» қәлейди (Петр 2-х 3:9 — қа қараң). Бундай дуўа етилип атырған адам ушын аўыр болыўы мүмкин. Бирақ қәтелердиң ақыбетинде қыйналып жүргеннен гөре, Қудайдың ҳәзир оның гүналарын ашқаны жақсы. Ақыр-ақыбет, өзиңе еситтирип айтпағаны менен, күйеўиң дуўаларың ушын саған миннетдар болады.

## *Дуўа*

Қудайым, күйеўиме өмириндеги барлық гүналарын ашыўың ушын Саған дуўа етемен, себеби «ашылмайтуғын сыр ҳәм билинбейтуғын қупыя жоқ» (Матта 10:26 — қа қараң). Оны түрли сырлы гүнадан тазала ҳәм ислеген гүнасы ушын дәрҳал тәўбе етиўге үйрет (Забур 18:13 — қа қараң). Өзиниң қәтелерин мойынлаўды үйрет, Сениң ҳақыйқатлығыңды көретуғын көз ҳәм Сениң даўысыңды еситетуғын қулақ бер. Сениң алдыңда ол тәўбе етсин. Егер ол қыйналыўы керек болса, онда бул қыйыншылықтан сынған жүрек болсын. Қудайым, «кемтарлық алғысқа алып келетуғынын» билемен (Сулайман. нақ. мақ. 15:33 — қа қараң). Оның жүрегинен қәтесин мойынлаўға кесент ететуғын көкиреклигин алып тасла ҳәм оның жанына Сен ўәде еткен тынышлықты бер.

Сениң дууаңды ҳәрекетке келтириуге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Ҳәй, сүйикли туўысқанларым, егер кеўлимиз
бизлерди айыпламаса, онда Қудайдың алдында батыр
боламыз ҳәм Оннан не сорасақ та аламыз. Себеби,
бизлер Оның буйрықларын орынлап, Оған унайтуғын
нәрселерди ислеп атырмыз.

*Юхан 1-х 3:21-22*

Өзиниң гүналарын жасырған жеңиске ериспейди,
оларды мойынлап, ўаз кешкен кешириледи.

*Сулайман. нақ. мақ. 28:31*

Қудайым, жүрегимди тексерип, ойымды биле гөр,
қәўипли жолдаман ба, сынап көр. Мәңги өмирдиң
жолы менен жүргизе гөр.

*Забур 138:23-24*

Мен гүналарымды сыр сақлаған сайын, сүйеклериме шекем
сырқырап, налып отырдым. Күни-түни Сениң қолың
үстимде аўырласты, жаздың саратанында мийўедей қурып
қалдым, күш-қуўатым пүткиллей жоқ болды. Сениң алдыңда
гүнамды мойынладым, ҳеш бир айыбымды жасырмадым.
Әдалатсызлығымды мойынлайман, — дедим Саған
Қудайым, Сен мениң гүналарымды кеширдиң.

*Забур 31:3-5*

Ийемиздиң хызметшиси жәнжелпаз болмаўы керек. Керисинше, ол ҳәмме менен мүләйим, тәлим бериўге қәбилетли ҳәм сабырлы болыўы тийис. Және ол өзине қарсы болғанларға әлпайымлылық пенен жол — жорық бериўи лазым. Сонда, мүмкин, Құдай сол адамлардың да тәўбеге келип, ҳақыйқатлықты билиўи ушын жол ашар. Солай етип, олардың ақылы киреди ҳәм қәлегенин ислетиў ушын өзлерин тутқын қылған шайтанның дозағынан қутылады.

*Тимофей 2-х 2:24-26*

## ЖИГИРМА АЛТЫНШЫ БАП

# ОНЫҢ АЗАТ БОЛЫЎЫ

Мелисса күйеўиниң ишимликке берилгенинен қатты қәўетерде еди. Марк пүткиллей мәскүнем емес еди, бирақ онда бунның анық белгилери пайда бола баслады. Оның әкеси де ҳақыйқый мәскүнем еди. Ол Марктен балаларына бул мийрас болып қалмаўы ушын дуўа ететуғын еди. Ол Қудайдан оларды мәскүнемликтиң кишкене белгисинен де сақлаўын сорады. Оның күйеўи мәскүнем болған жоқ, балалары да ишкиликке ҳеш қандай қызығыўшылық көрсетпеди. Мелисса Қудайдың дуўасына жуўап бергенин көрди.

Тойынан кейин Стефани күйеўиниң басқаға қызығыў гүнасы менен иштен гүрес алып барып атырғанын түсинди. Ол ҳаялын жақсы көрмейди деп айтыў мүмкин емес, бирақ ол бойдақлық өмири менен хошласа алған жоқ ҳәм енди денениниң қәлеўлери менен гүресиўге күш таба алмады. Күйеўиниң қандай аўҳалда екенин көрип, Стефани дуўа етиўди баслады. Джейсонның өзи де буннан қутылыўды қәлегени ушын олар биргеликте мақсетине тез арада жетти.

Ҳәр биримиз қандай да қылықларымыздан азат болыўға мүтәжбиз. Қудай буны биледи. Егер бизлер Оған мүтәж болмағанымызда, Ийса бизлерге Қутқарыўшы ретинде келерме еди? Дуўа етиўди Ол бизлерге не ушын үйретти: «Бизлерди азғырыўдан сақла» (Матта 6:13 — қа қараң)? Не ушын

Ол бизлерге азғырылыўдан (Петр 2-х 2:9 — қа қараң), жаўыз адамлардан (Забур 139:2 — қа қараң), өлимге алып баратуғын қызығыўшылығымыздан (Сулайман. нақ. мақ. 24:11 — қа қараң), түрли қайғылардан (Забур 33:18 — қа қараң) ҳәм өлимнен (Коринф. 2-х 1:10 — қа қараң) қутқарыўды ўәде етеди? Егер бизлерге ҳақыйқаттан жәрдем бериў ушын болмаса? Ол буны ислеўге таяр ҳәм буны қәлейди. Бизлер тек Оннан буны сораўымыз керек. Ол: «Аўыр күнде Мени шақыр. Мен саған тынышлық беремен. Сен болсаң Мени уллылайсаң» (Забур 49:15 — қа қараң), — деп айтты.

Өлимге дуўшар ететуғын қәўипли жағдайда болғанда Қудайдың мүтәжлигимизди көрип турғанына ҳәм жәрдем беретуғынына исенимимиз бизлерди жигерлендире алады: «Қудай мухаддес бийиклигинен ийилип, аспаннан жерге қарады. Тутқынның дәртин еситиў ушын өлип кететуғын адамзатты қутқарайын деп» (Забур 101:20-21). Қудайдың Өзи бизлерди тордан алып шығыўын билиў қандай жақсы (Забур 24:15 — қа қараң). Арамызда ким буған мүтәж емес?

Егер күйеўиң өзиниң мүтәжлигин мойынлаў уқыбына ийе болмаса, оған жәрдем бер, себеби айырым еркеклер ҳақыйқый үмитсизликке түседи, ал ҳаялының дуўасы болса қутқарыўшы қурал бола алады. Күйеўиңди түрли ғәрезли нәрседен азат етиўин Қутқарыўшыдан сораўың мүмкин. Оның жолын шатастырыўға ҳәрекет етип атырған душпанға қарсы турыўың мүмкин. Елши бизлерге: «Масих бизлерди еркин өмир сүриўимиз ушын азат қылды. Сонлықтан, беккем турыңлар…», — деп үйретеди (Галат. 5:1). Маған беккем турыўға белгили болған усыллардың ең нәтийжелиси — өзиң ҳәм күйеўиң ушын дуўа етиў. Бул Қудайдың барлық қураллары менен қуралланып, мине мениң дуўам:

## *Дуўа*

Қудайым, Сен қайғырған күниңизде шақырғаныңызда, қайғыңыздан қутқараман деп айттың (Забур 49:15 — қа қараң).

Мен Саған жалбарынып, күйеўимди (азғырылыўдың аты) азат етиўиңди сорайман. Оған жәрдемге кел ҳәм оның жар тасы, панасы ҳәм қорғаны бол (Забур 30:3 — қа қараң) ҳәм оны душпанның қолынан қутқар (Забур 30:16 — қа қараң).

Оған өзиндеги әдилсизликти көриўине ҳәм Сеннен жәрдем сорап барыўына көмеклес. Егер дуўадан кейин қутқарылыў дәрриў келмесе, оған үмитсизликке түспеўине ҳәм өмиринде Сениң жақсы исиң басланғанына ҳәм Сен оны ақырына шекем толық тамамлайтуғыныңа исенимли болсын (Филип 1:6 — қа қараң). Сениң ең үмитсиз жағдайларды өзгерте алатуғыныңа көзи жетсин.

Оған «урысымыз қан ҳәм еттен ибарат болған адам баласына қарсы емес, ал бул дүньядағы көзге көринбейтуғын ҳәкимлерге, бийлеўшилерге, бул қараңғы заманның күшлерине ҳәм аспандағы жаўыз руўҳларға қарсы» екенин түсиниўине жәрдем бер (Ефес. 6:12 — қа қараң). Ол Сенде беккемлениўи ушын ҳәм жаўызлық күнинде шайтанға қарсы турыўға Сениң қуралларыңды алыўы ушын дуўа етип сорайман. Белин ҳақыйқат белбеўи менен бууып, көкирегине ҳақлық саўытын кийиўи ушын, Хош Хабарды тарқатыўды аяқларына аяқ кийим қылып кийиўи ушын ҳәм соның менен бирге исеним қалқанын қолына алып, қутқарылыў дуўлығасын ҳәм Сениң сөзиң болған Мухаддес руўхтың қылышын алыўына ҳәм түрли тилек ҳәм жалбарыныўлар менен Мухаддес Руўхтың басқарыўында тынбай дуўа етиўине жәрдем бер (Ефес. 6:13-18).

## Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Қудайым-сүйенишим мениң, қорғаным ҳәм Қутқарыўшым мениң. Тәңирим, Сен мениң баспанамсаң, қалқаным, қаҳраманым мениң. Қудайым ҳүрметиме ылайық ҳәм Оны шақырғанымда келип мени душпанларымнан қутқарады.

*Забур 17:3-4*

Ол Маған меҳир байлағаны ушын қутқараман, атымды тән алғаны ушын аман сақлайман.

*Забур 90:14*

Ол аспаннан ийилип қолымнан услап қалды, суўдың ишинен мени шығарып алды. Ол мени күшли душпанларымнан, мени жек көриўшилерден қутқарады. Апатлы күнимде олар қасыма келди, бирақ Қудайым мениң таянышым болды. Ол мени кеңликке шығарып қойды, меннен разы болып, еркинликке шығарды.

*Забур 17:17-20*

Сен жанымды өлимнен асырадың, аяқларымды тосқынлықлардан сақладың. Мен енди өмир жарығында Қудай алдында жүремен.

*Забур 55:14*

Жаратқан Ийемниң Руўхы мениң үстимде. Өйткени Ол Мени жарлыларға Хош Хабар жәриялаў

ушын тайынлады. Ол Мени тутқынлардың
азат болатуғынын, соқырлардың көретуғынын
хабарлаўға, азап шеккенлердиң еркинликке шығыўы
ушын ҳәм Жаратқан Ийемиздиң мийримлилик
жылын жәриялаў ушын жиберди.

*Лука 4:18-19*

# ЖИГИРМА ЖЕТИНШИ БАП

# ОНЫҢ БОЙСЫНЫЎЫ

Лиза күйеўи Джонатанның өзиндей болып руўхый өспей атырғанына жүдә қәўетерде еди. Оның Қудай менен қатнасы күн сайын беккемленип атырған ўақытта, күйеўиниң Қудай менен қатнасы ҳәлсизленип барды. Оның «руўхый тоқтағаны» Лизаны үмитсизликке алып келетуғын еди, себеби ол бәрҳа бирге руўхый өсиўди, өмирдиң бундай әҳмийетли тараўында бирге болыўды қәлейтуғын еди. Шаңаракта руўхый жақтан үстем болыў оған унамайтуғын еди. Бирақ, ол Джонатан менен сөйлесиўге ҳәрекет еткенинде, ол тәрептен қарсылық болатуғын еди ҳәм ол көп жумыс ислегени ушын Қудай менен қатнас жасаўға ҳәм Оның сөзин оқыўға ўақты жоқ екенин айтып, өзин ақлайтуғын еди. Қала берсе ол ҳәпте ақырында тез-тез сапарға кететуғын еди ҳәм ибадатханаға шаңарағы менен бирге бармайтуғын еди.

Бирақ Лиза көбирек бул мәселеге Джонатанның бийпәрўалығынан қәўетерленетуғын еди. Оның жумысында машқала пайда боламан дегенше, бул жағдай даўам етти. Жумысында өзине жүкленген тапсырмаларды ол жетерли дәрежеде жақсы бежере алмады. Оны бул аўҳал бас аўырыўға, ҳәлсиреўге алып келди ҳәм оның бул қыйыншылықты көтериўи аўырырақ бола баслады. Егер Джонатан Қудай менен күнделикли қатнасын ҳәм алған руўхый күшин көргенде, оның өмири жақсы

тәрепке өзгеретуғынын Лиза билер еди. Ол күйеўиниң өзин тыңлағысы келмейтуғынын да билер еди.

Қудай Джонатанды бойсыныўға шақырғанын түсинсе де, Лиза үндемеўди, ал оның орнына Қудайдан күйеўин Мухаддес Руўхқа толтырыўы ушын дуўа етип барыўды шешти. Бир неше ай дуўа еткеннен кейин де сезилерли өзгерис болмады, бир күни азанда Джонатан былай деди: «Бүгин мен жумысқа ертерек бараман, себеби жумыс басламастан алдын Қудай менен жалғыз қалыўды қәлеймен».

Лиза үндемей Қудайға миннетдаршылық билдирди.

Соннан берли ол Мухаддес Китап оқып, дуўа етиўге үлгериў ушын жумысқа ертерек кететуғын болды. Бул бир, еки жыл алдын болған еди, ал бүгин руўхый тәртип оның өмириниң басқа тәреплерине де тәсир етип атыр. Ол дене шынығыўы менен шуғылланады, жақсы аўқатланады ҳәм алдын әрман еткениндей азды ҳәм өмириниң жаңа жағдайында толығы менен беккемленди. Қудайдан басқа ким буны ислей алады?

Егер сен күйеўиңниң надурыс жолдан жүргенин көрсең, буны оған айтыў керек пе? Егер аўа болса, онда қалай ҳәм қашан? Мениң жеке тәжирийбем, алдын бул машқала ҳаққында Қудайға айтыў керек екенин ҳәм Ол Өзиниң тәрезисинде ҳәммесин өлшейтуғынын айтады. Бәлким, Ол сени Лизадай етип тынышлыққа ҳәм дуўа етиўге шақырар. Бәлким, саған күйеўиң менен сөйлесиўиң кереклигин айтып көрсетер ҳәм сонда күйеўиң сениң сөзлериңде Қудайдың даўысын еситер, әлбетте, егер күйеўиң менен сөйлеспестен алдын дуўа етсең. Күйеўиңди «қайраўдың» кереги жоқ, бундай жағдайда үндемеў керек. Оның көзлери ашылып, ҳақыйқатты көриўи ушын дуўа ет. Сен оны дурыс ҳәрекет ислеўге руўхландырыўың ҳәм бәрҳа Қудайдың ўәсиятлары бойынша жасаўы ушын дуўа етиўиң мүмкин, бирақ тек Қудай оған шешиўши тәсир тийгизе алады.

Егер кимде-ким бойсыныўды үйренбесе, онда Қудайдың өзи ушын таярлаған ийгилигине ҳеш қашан кире алмайды. Ийса Өзиниң ойын бәрҳа анық айтып, былай деди: Егер ким мәңгилик өмирге кириўди қәлесе, онда буйрықларымды орынласын (Матта 19:17 — қа караң). Қудайға бойсынып,

Оған унаған нәрселерди ислегеннен басқа ҳеш нәрсе адамға тынышлық ҳәм исенимлилик алып келмейтуғынын Ол билген. Егер күйеўиң Қудайдың ўәсиятларына ҳәм жолларына садық болса, онда Қудайдың сөзи күйеўиңе мийрим бериўди ўәде етеди (Забур 24:6-10).

Ол тынышлық (Забур 36:37 — қа қараң), бахыт (Сулайман. нақ. мақ. 29:38 — қа қараң), молшылық (Сулайман. нақ. мақ. 21:5 — қа қараң), жарылқаў (Лука 11:28 — қа қараң) ҳәм өмир (Сулайман. нақ. мақ. 21:21 — қа қараң) береди. Бойсынбаўшылық болса аўыр ақыбетлерге (Сулайман. нақ. мақ. 15:10 — қа қараң), дуўаң еситилмей қалыўы (Сулайман. нақ. мақ. 28:9 — қа қараң) ҳәм Қудайдың Патшалығында мәңгилик өмирден бос қалыўға (Коринф. 1-х 6:9) алып келеди.

Бойсынып жүриў Қудайдың еркин орынлаў дегенди билдирип қоймастан, Қудайдың анық нәсиятларын орынлаў дегенди билдиреди. Мысалы, егер Қудай күйеўиңе дем алыўды буйырса, ал ол бойсынбаса, онда бул қулақ аспаўшылық болып табылады. Егер Қудай қандай да жумысты қалдырыўды буйырса, ал ол өз бетинше ислеўди даўам етсе, бул да бойсынбаўшылық. Егер Қудай көшиўди буйырса, ал ол ислемесе, онда бул да бойсынбаўшылық.

Бирақ, Қудайдың сөзлерин тыңлап, оларды орынлаўшылардың ҳәр бири өз үйин жар тас үстине салған ақыллы адамға уқсайды. Жаўын жаўып, дәриялар тасып, самал есип бул үйди соққылады, бирақ ол жар тас үстине салынғанлықтан қуламайды (Матта 7:24-27 — қа қараң). Сениң күйеўиң соққан үй бойсынбаўшылықтан қулағанын қәлемейсең ғой. Сен оның-бақлаўшысы ҳәм үйретиўшиси болмаўың мүмкин, бирақ сен Қудайдың пәтиясын алып болғаннан кейин дуўа етип баслаўың мүмкин.

Егер ҳеш нәрсеге қарамай, үйиңизге күйеўиңниң қырсық минези себепли бахытсызлық келсе, онда Қудай сениң бойсыныўыңды бахалайтуғынын ҳәм набыт етиўге жол қоймайтуғынын бил. Ол саған Өзиниң жарылқаўын жаўдырады ҳәм жоғалтқан нәрселериңниң орнын толтырады. Күйеўиң Қудайдың даўысына қулағын баспаўы ушын, Қудайдың ерки бойынша ислеўди қәлеўге күш бериўи ушын дуўа етиўди даўам ет.

## *Дуўа*

Қудайым, Сен Өз сөзиңде, жүрегинде әдалатсызлық ҳүким сүретуғын адамды еситпеймен дегенсең (Забур 65:18 — қа қараң). Мениң өтинишимди еситип, маған өмиримдеги әдалатсызлықты, әсиресе мениң күйеўиме болған әдалатсызлығымды көрсет. Маған көрсет: мен оны жетерли дәрежеде сүйемен бе, оған ашыўым бар ма, Сен ҳаялға ўәсият еткениңдей, оған хызмет етемен бе? Маған айт, Қудайым, мен Саған бойсынаман ба ҳәм өмирим Саған унай ма? Сениң алдыңда гүналарымды мойынлайман ҳәм Сеннен кеширим сорайман.

Мен Сеннен оған (күйеўиңниң аты) Сениң ўәсиятларыңды орынлап жасаўға ҳәм Сениң жолыңда жүриў ушын тилек бериўиңди сорайман. Оған Өзиңниң нийетиңди аш ҳәм оның өмириндеги Саған тийисли емес нәрселерди алып тасла. Оның ҳәр бир ойы ҳәм ҳәрекети Сениң көз алдыңда болсын. Оны жақсы ислер ислеўге руўхландыр, адамлар ҳаққында жаман сөз айтыўын тоқтат ҳәм өмирине жақсылық ҳәм тынышлық алып келиўине ҳәм бойсыныўшылықтың үлгиси болыўына жәрдем бер (Титус 3:1-2 — қа қараң). Өзиниң тәртибиниң ҳәм бойсыныўшылығының әҳмийетин түсиниўди үйрет. Оған әдиллиги ушын сый бер «себеби Сен оның қутқарыўшы Қудайысаң» (Забур 24:4-5 — қа қараң).

Оның аўзына алғыс сал, себеби бизлер Саған табынғанымызда, бизлерге түсиниўшилик келеди, өмиримиз өзгереди ҳәм бизлер Сениң еркиң бойынша жасаўға Сеннен күш аламыз. Сениң еркиңди орынлаўды қәлейтуғындай жүрек бер ҳәм оның жүреги тынышлыққа толсын, нәтийжеде Сениң ўәсиятларыңа бойсынсын.

## Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Балам, сөзлеримди умытпа, буйрықларымды жүрегиңде сақла. Олар өмириңе өмир қосады ҳәм өмириң тыныш болады. Мәңгиге сүйиспеншилик сеннен кетпейди. Мойныңа маржан қылып тағып ал, жүрегиңниң төрине жазып қой.

*Сулайман. нақ. мақ. 3:1-3*

Маған: «Ийем! Ийем!» дегенниң ҳәр бири емес, тек аспандағы Әкемниң еркин орынлаўшы Аспан Патшалығына киреди.

*Матта 7:21*

Нызамнан жүзин бурғанның дуўасы да жеркенишли.

*Сулайман. нақ. мақ. 28:9*

Мениң даўысымды еситиң ҳәм Мен сизлердиң Қудайыңыз боламан, ал сизлер Мениң халқым боласызлар ҳәм сизлерге ўәсият еткен жолымда жақсы жүресиз.

*Еремия 7:23*

## ЖИГИРМА СЕГИЗИНШИ БАП

# ОНЫҢ ӨЗИН БАҲАЛАЎЫ

Не ушын айырым талантлы ҳәм уқыплы адамлар, уқыпсыз адамларға қарағанда, көбинесе «жабық қапыға» дус келеди? Бул әдалатсызлықтай болып көринеди. Әлбетте, буның ўақытша нәрсе екенин умытпаў керек. Қудайдың ҳәмме нәрсеге өз ўақты бар. Оның Өзи бизлер ушын таярлаған нәрсесине бизлерди әсте таярлайды. Егер бизлер Қудайдың нийетин көрип билсек ҳәм бул алтын қағыйданы есте сақласақ, онда бизлер Оның жобаларының орынланыўын тыныш күтип жасаўымыз мүмкин.

Бул гүресте және бир әҳмийетли жағдай бар-бул, адамлардың өзин баҳалаўы. Өзин пәс баҳалайтуғын адамды бәрҳа өзиниң ҳәрекетлерине ҳәм басқа адамлар менен қатнасында гүман қыйнайды. Оның өзине исенбеўи өзине, досларына, бирге ислеўшилерге ҳәм ҳәттеки, бийтаныс адамларға да тәсир етеди. Шетленген болыўға разы болып, ол шетленген адамға айланады.

Дэн өмириниң аўыр соқпақларынан шығыў жолын излеп қыйналатуғын еди. Ол өзиниң ким екенин, неге уқыплы екенин билмейтуғын еди. Өзин шексиз «қазыў» нәтийжесинде, оның ҳаялы Синди менен қатнасы шийеленисти. Ол күйеўине жәрдем бериўге ҳәрекет еткени менен, ол оны тыңламады, себеби бул жағдайға шешим қабыллай алмағаным ушын ол

мениң үстимнен күлип атыр, — деп ойлайтуғын еди. Соның ушын Дэн ҳаялының усынысларынан бас тартатуғын еди. Синди оған қәншелли тәсир етиўге ҳәрекет еткени менен, Дэн соншелли дәрежеде оннан алыслады. Бундай қатнас ажырасыў менен тамамланатуғыны анық, бирақ Синди гүресиўдиң пайдасы жоқ екенин түсинди ҳәм ол ушын дуўа етип баслады. Ол Қудайдан Дэн менен не жүз берип атырғанын ҳәм қарсылығының себебин көрсетиўин сорады. Қудай оған буның себеби күйеўиниң әкесинен мийрас болып қалған сапасызлықты сезиў екенин көрсетти. Оның әкеси де өмир бойы әўметсиз болған екен. Бирақ, Дэндеги бул аўырыўдың тийкары қандай болыўына қарамастан, Синди Қудайдың оны өзгертетуғындай күши бар екенине исенетуғын еди.

Ол Қудай Дэнди Өзине уқсатып өзгертемен дегенше дуўа етиўди шешти. Ол Қудайдан Дэнге өзин Қудайдың баласы екенин түсиниўине жәрдем бериўин сорады. Ол және Қудайдан Дэн менен денеде емес, ал руўхый сөйлесиўине ҳәм сөзлери айыплаўдай емес, ал жигерлендиретуғындай шығыўы ушын сорап дуўа етти.

Дуўаларына биринши жуўабын Синди тек бир неше айлардан кейин алды, бирақ бул анық көринетуғын өзгерислер еди. Дэн ҳаялында ширигин көрди. Олар келисимге келди ҳәм бирге ҳәрекет етиўи ушын гүрести тоқтатты. Ол тез-тез ибадатханаға барыўды ҳәм исенимниң жаңа күши менен Мухаддес Китапты оқыўды баслады. Ўақыттың өтиўи менен ол өзин Қудайдың сүйикли улларының бири екенин көрди ҳәм өзине «жаратылыстың әўметсиз нәрсесиндей» қарамайтуғын болды. Оның өзин баҳалаўы күшейген сайын, Дэн өзиниң хақыйқый орнын анық түсинди ҳәм өзиниң көз алдында өзин қәдирлейтуғын болды. Оның алдында таза мүмкиншиликлер ашылғаны таң қаларлы емес. Ол көп ўақыттан берли әрман еткен әўметтиң ҳәм қабыл алыныўдың келип атырғанын сезди.

Егер күйеўиңниң өзине деген қатнасын өзгертиў керек болса, онда сабыр ет. Узақ жыллар даўамында ойында қәлиплескен пикир етиўи бирден жоқ қылыў мүмкин емес. Бирақ, сен күйеўиңе өтирик ойларды беретуғын душпанды жеңе алатуғын Қудайдың жәрдемине сүйениўиң мүмкин. Сен

Қудайдың күйеўиңдеги машқаланың анық себебин көрсеткенин көресең. Дуўа етиў барысында, Ол саған қалай дуўа етиўди үйретеди.

Мен орта жастағы еркек өмириндеги машқаланың раўажланыўының алдын анық дуўа етиў арқалы алыў мүмкин екенине исенемен. 50-жасқа келгенде, еркектиң барлық «шығындылары» зәҳәрли ағыс пенен аға баслайды, егер ол жарып өтсе, онда бул ағыс оның өзин де алып кетиўи мүмкин. Ол бундай аўыр ўақытта беккем тура алыўы оның Қудайда беккемлениўине ҳәм өзин Оған уқсас көре алыўына ғәрезли.

Қудай бизлердиң биринши гезекте Өзин излеўимизди ҳәм Оның ўәсиятын орынлап, Оны биринши орынға қойыўымызды, ал жеке өзимиздиң көз-қарасымызды екинши орынға қойыўымызды қәлейди. Бизлер Қудай менен бирлескен ўақтымызда, Ол бизлердиң өмиримизди басқара баслайды. Ол бизлерге жол көрсетеди ҳәм бизлер тек Оған ериўимиз керек. Бизлер Оған қарағанымызда, Оның уллылығының нуры бизлерде көринетуғындай дәрежеде Қудайға сиңип кетсек, бизлер ҳақыйқый азатлықты аламыз. Бизлер бундай азатлықтың күйеўимизде болыўын қәлеймиз.

Қудайдың тәбиятын түсинбестен алдын, күйеўиң өзин ҳақыйқатлықтың нурында көре алмайды. Күйеўиңе өзи ҳаққында ҳақыйқатлық ашылыўы ушын дуўа етип соран.

## *Дуўа*

Қудайым, ол (күйеўиңниң аты) өзин Саған уқсатып жаратылғанын көриўи ушын сорайман. Сениң көз алдыңда өзиниң баҳасын көриўине ҳәм Сениң талапларыңа сәйкес болыўына жәрдем бер. Ол Сениң оған берген талантларыңды көре алсын ҳәм оларды ылайықлы баҳаласын. Ол Сени өз көзи менен көрсин ҳәм «Сен оны Өзиңнен пәс қылдың, ҳүрмет тажын оған салтанат пенен бердиң. Бар жанзатты оның аяқларының астына қойдың» (Забур 8:6-7), — дегенди түсинсин. Оған жаман сөзлер

сөйлейтуғын даўыслар үндемесин. Сениң даўысыңды еситиў ушын оның қулақлары ашылсын.

Оған «Қудайдың уллылығы менен Оған уқсайтуғынын» (Коринф. 1-х 11:7), «ҳәкимшилик ҳәм бийликтиң басы Масих пенен қатнаста болып, толылыққа ерисетуғынын» (Колосалы 2:10 — қа қараң) көрсет. Оны қабыллайтуғыныңды ҳәм оннан бас тартпайтуғыныңды көрсет ҳәм бул оған тынышлық ҳәм жанына қәўипсизлик сезимин алып келсин. Гүманлар оның жанын қыйнамаўы ушын оны артықша өзин-өзи тексериўден азат ет. Сени қандай болсаң, сондайлығыңша көрсин. Ол Саған Масихтың көринисин алып келсин.

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Өйткени Қудай Өзи бурыннан таңлаған адамларының
Улына уқсаўы ушын, оларды алдын ала белгиледи.
Солай етип, Қудай Өз Улының көп туўысқанлар арасында
туңғыш болыўы ушын усылай иследи.

*Рим 8:29*

Бизлердиң ҳәммемиз пердесиз жүз бенен Ийемиздиң
уллылығын көремиз. Сол арқалы Оған уқсаў ушын
өзгерип, уллылығын көремиз. Сол арқалы Оған уқсаў ушын
өзгерип, уллылық үстине уллылыққа ерисип барамыз.
Бул Руўх болған Ийемиздиң жәрдеминде иске асады.

*Коринф 2-х 3:18*

Бир-бириңизге өтирик сөйлемеңлер. Өйткени сизлер,
ески тәбиятыңызды оның жаман қәлеўлери менен
таслап, жаңа тәбиятқа ийе болдыңлар. Бул жаңа тәбиятқа
ийе адам Қудайды толық билиў ушын өз
Жаратыўшысына уқсап барады.

*Колоса 3:9-10*

Сөзди тек тыңлаўшылар болып, өз-өзиңизди
алдамаңлар, оны орынлаўшылар болыңлар. Егер ким де ким
сөзди тыңлап, оны орынламаса, ол өз тәбийий келбетин
айнада көрген адамға уқсайды. Себеби, ол өзин көрип
болып, кетип қалады ҳәм қандай екенин дәрҳал умытады.
Бирақ, азатлық бериўши минсиз нызамға анықлап

қарайтуғын ҳәм ол бойынша жасайтуғын адам умытшақ тыңлаўшы болмай, оны ис жүзинде қолланады. Бундай адам өз ислери менен бахытлы болады.

*Яқып 1:23-25*

Орныңнан тур, Ерусалим, сәўлеңди шаш! Сен нурға бөленип, жаратқан Ийениң нурлы салтанаты үстиңнен көтерилип киятыр.

*Ийшая 60:1*

## ЖИГИРМА ТОҒЫЗЫНШЫ БАП

# ОНЫҢ ИСЕНИМИ

Ҳеш нәрсеге исенбейтуғынын дәлийллейтуғын адамды тыңлаў, мен ушын бәрҳа күлкили. Буның өтирик екенин мен билемен. Барлық адамлар исеним менен жасайды, тек олардың исениминиң күшинде айырмашылық бар. Шыпакерге мүрәжат еткенде, сиз диагноздың анық болыўын қәлейсиз ҳәм дәриханаға рецепт көрсетип, онда жазылғанына исенесиз. Ресторанда аўқатланып отырып, сизге хызмет көрсетип атырған адамлардың сизлерди зәҳәрлемеўине исенесиз (дурыс, айырым ресторанлар басқасына қарағанда, исенимлирек). Бизлер күнде исенимниң түрли дәрежесинде жүремиз. Ҳәмме адам бир нәрсеге исенеди. Қудай ҳәр бир адамға «исеним берди» (Рим 12:3 — қа қараң).

Неге исениўди биз өзимиз таңлаймыз. Айырым адамлар өзине исенеди, басқалары ҳүкиметке, ал үшиншилери жаўызлыққа, төртиншилери түрли нәрсеге исенеди. Мысалы: илим, газета, өзин бағышлайтуғын мийнет, басқа адамға. Ал, айырымлары болса Қудайға исенеди. Маған таныс болған адамлардың ишинде тек бир ҳаял ҳеш нәрсеге исенбейтуғын еди, бирақ ол өзиниң өмирин жиллиханада тамамлады, себеби ол есин жойтқан еди. Исенимсиз жасаў мүмкин емес.

Исенимсиз өлиў де мүмкин емес. Бул өмирдиң шегине жеткенде, келешегимиз исенимимизге байланыслы. Егер сизлер Ийсаға исенсеңиз, онда

келешегиңиз ушын тыныш болсаңыз болады, себеби «…өлимнен Ийса Масихты қайта тирилткен Қудайдың Мухаддес Руўхы …арқалы сизлердиң денеңизди де өлимнен тирилтип алатуғын болады» (Рим 8:11 — қа қараң). Басқа сөз бенен айтқанда, егер Масихты тирилткен Руўх сенде жасаса, Ол Масихты тирилткендей, сени де тирилтеди. Ҳәзирги өмиримиз келешегимизди белгилейди. Келешектеги мәңгилик өмирге исенгенимиз, жердеги өмиримизге исеним береди.

Қандай әжайып пикир! Соқырларды шыпалап Ийса оларға былай деди: «Исенимиңизге қарай берилсин» (Матта 9:29 — қа қараң). Қудайға исенимиңди қайтадан көрип шығыўды қәлейсең бе? Егер аўа болса, онда бул жақсы, себеби усындай жағдайда биз өмиримиздиң барысына тәсир ете аламыз. Бизиң өмиримиз жағдайдың еркине берилиўи мүмкин емес. Келешегимиз исенимимиз бенен белгиленеди.

Ҳәр биримизди ўақты-ўақты менен гүман орап алады. Ийсаның Өзи де Қудай Әкениң не ушын Өзин қалдырғанын сораған еди. Бул Оның Қудайдың бар екенине ямаса Оған жәрдемге келиўине гүманланды дегенди билдирмейди. Ол тек таслап кетилемен деп күтпеген еди. Бизлер Қудайдың барлығына ҳәм жәрдемге келиўине гүманланбаймыз, бирақ бизлер Оның өмиримизге дәрриў араласыўды қәлеўине гүманланамыз. Әлбетте, Ол бизлердиң машқаламыз бенен шуғылланыў ушын жүдә бәнт,-деп пикирлеймиз. Бирақ, ҳақыйқатында бул ондай емес.

Күйеўиңди гүман жаўлап алды ма? Егер аўа болса, онда оның исеними беккемлениўи ушын ислеген дуўаларың оның өмиринде ҳақыйқый бурылыс алып келеди. Егер ол Қудайды билмесе де, сен оның жүрегинде исеним пайда болыўы ушын ҳәм жаны тынышлыққа ийе болыўы ушын дуўа етиўиң мүмкин. Күйеўиңниң өмиринде Қудайға исенимин сындыра алатуғындай хеш нәрсе жоқ. Ийса Өзине исенген ҳәр бир адамда, «ишинен тири суў дәрьясы ағады» (Юхан 7:38 — қа қараң), — деп айтқан. Өтмиштеги аўырыў, қорқыныш, қәўетер, үмитсизлик, қапалық, гүманларды «жуўыў» ушын усының өзи жетерли. Келиң, дуўа етейик.

## *Дуўа*

Қудайым, оның (күйеўиңниң аты) исенимин усы бүгиннен баслап беккемле. Оған Сениң сөзиңе, ўәделериңе, жолыңа, уллылығыңа көбирек исениўине жәрдем бер. Ол Сениң менен сөйлесиўди ҳәм даўысыңды еситиўди қатты қәлесин. Ол Сени излесин ҳәм ҳәмме жерде Сениң менен бирге жүрип, Сени биринши орынға қойсын. Қудайым, Сен «исеним-еситиўден, ал еситиў-Қудайдың сөзинен», — деп айттың (Рим 10:17 — қа қараң). Қәлеген қыйыншылықты жеңиўине исениўи ушын, оны Өзиңниң сөзиңе толтыр (Матта 19:26 — қа қараң). Сен ўәде еткениңди орынлайтуғыныңа исеними беккемленсин (Рим 4:21 — қа қараң). Исеними оның қалқаны болсын. Исеними таўды орнынан қозғалта алатуғындай өмирине тәсир етсин. Сениң сөзиңде былай айтылған: «...әдил адам исеними менен тири» (Рим 1:17 — қа қараң). Оның исенимге толы өмири Саған унасын. Ол, «Сен Өзиңнен қорққанлар ушын жасырған, елдиң алдында Сени панам деп билгенлерге жаралған, жақсылықларыңның ғәзийнеси қандай әжайып», екенине гүманланбасын (Забур 30:20 — қа қараң).

Сениң дуўаңды ҳәрекетке келтириўге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Бирақ, ҳеш гүманланбастан, исеним менен сорасын. Өйткени гүманланған адам самал менен шайқатылып тынышсызланған теңиз толқынына уқсайды. Өзиниң пүткил жолында турақсыз болған бундай еки ойлы адам Ийемизден бир нәрсе аламан, деп ойламасын.

*Яқып 1:6-8*

…ал, исеним менен исленбеген ҳәр бир ис-гүна.

*Рим 14:23 — қа қараң*

Ийса оларға: Исенимиңиз аз болғанлықтан. Мен сизлерге шынын айтып турман: егер исенимиңиз қышқыл туқымындай ғана болса да, бул таўға: «Усы жерден ана жерге көш!» десеңлер, ол көшеди…

*Матта 17:20 – қа қараң*

Мен Масих пенен бирге атанақ ағашқа шегеленгенмен. Енди жасап атырған мен емес, ал менде Масих жасап атыр. Ҳәзир денеде жасап атырған өмиримде, мени сүйген ҳәм мен ушын өзин қурбан қылған Қудайдың Улына деген исенимим менен жасап атырман.

*Галат 2:20*

Солай етип, исеним менен ақланғанымыз себепли, Ийемиз Ийса Масих арқалы Қудай менен жарастық.

*Рим 5:1*

# ОТЫЗЫНШЫ БАП

# ОНЫҢ КЕЛЕШЕГИ

Адам өзиниң тиришилигиниң мәнисин ҳәм мақсетин билиўи керек. Бул болмаса бизлер өмиримизде мақсетсиз жүремиз, өмир мәниссиз көринеди ҳәм әсте набыт боламыз. Жоқарыдан «Аян болмаса халық жолдан адасады…» (Сулайман. нақ. мақ. 29:18 — қа қараң).

Өзиниң келешегин түсиниў дегенде, өмиринде болатуғын ўақыялардың майда-шүйделерин билиў дегени емес. Бул жерде неге арналғаныңды түсиниў ҳәм әжайып келешегиңе исениўиңди түсиниў мүмкин.

Бирақ бундай аянға ҳәмме адамлар да ийе емес. Оған ийе болмағанлар әсте набыт болады деп айтыў мүмкин. Бирақ оған ийе болғанлар да ўақты-ўақты менен оны жойтады. Ҳәтте, қатты руўхый өскен адам да шаршайды, қапа болады, бағытын жойтады, Қудайдан алыслайды, өзин ҳәм келешегин түсиниўди тоқтатады. Ол өмириндеги ҳақыйқый мақсетти жойтыўы мүмкин. Үмитсизликке түсип, өзи ҳаққында ҳақыйқатты умытып ҳәм өзиниң жағдайын дурыс түсиниўди тоқтатып, адам келешегиндеги өтирикке исене баслайды. «Аянның жетиспеўшилигинен мениң халқым жоқ болады…» (Осия 4:6 — қа қараң).

Қудай бизлерге өтирик сөйлейтуғын даўысты тыңламаўымыз керек екенин айтады, себеби олар «өзиниң жүрегиндеги әрманын айтады, ал

Қудай аўзынан емес» (Еремия 23:16 – қа қараң). Келешегинде үмит ҳәм қуўанышы жоқ түрли ойлар, Қудайдан емес (Еремия 29:11 — қа қараң). Бирақ Қудай жоғалған үмитти қайтара алады. Өтирикти, кеўил қалыўды жеңиў ушын Оның күши жетерли. Бул мақсетке жетиў усылы-бул дуўа.

Күйеўим маған, Лос-Анджелестен Нашвиллге көшип өткенимизде мениң дуўаларымның тәсирин анық сезгенин айтты. Сол ўақытта бизлерге, жақын адамларымыздан айырылып, ҳәммесин жаңадан баслаў аўыр еди. Картаға көп нәрсе қойылған еди. Бизлер алдымызда не болатуғынын билмеген едик, бирақ, бизлер Қудайдың ерки менен ҳәрекет етип атырғанымызға ҳәм Қудайдың қол астында қәўипсизликте болатуғынымызға исенетуғын едик. Келешегине үмитин жоғалтпаўы ушын мен Майкл ушын дуўа етер едим. Қолайсыз жағдайларда оны руўхый көриў тәрк еткенде, мениң дуўаларым, оның айтыўы бойынша оған жәрдем беретуғын еди.

Бизлер Қудай Әкениң Өз ўәсиятын дүзгенин ҳәм Өзиниң байлықларын балаларына теңдей бөлгенин есте тутыўымыз керек. Оған тийисли болғанлары бизлерге де тийисли, себеби бизлер «Қудайдың мийрасхорымыз,... Масих пенен бирге мийрасхормыз» (Рим 8:17 — қа қараң). Мен бул ўәсияттың көширмесин оқыдым ҳәм Қудайдың бизлер ушын сақлап қойған нәрселерин көз алдымызға да келтире алмайтуғынымызды билемен, себеби оны: «…көз көрип, қулақ еситпеген, адам ойына кирип те шықпаған нәрселерди, Қудай Өзин сүйетуғынлар ушын таярлап қойыпты» (Коринф 1-х 2:9 — қа қараң). Ол «гүнасызлар жақсылықты мийрас етеди» деп ўәде етеди (Сулайман. нақ. мақ. 28:10 — қа қараң). Ол бизлерге бул дүньяда керекли нәрселерди ўәде етип қоймастан, өлимнен кейин аспанда бизлерди не күтип турғанын айтады. Бизлер Қудай менен бирге болған жерде, бизлерде мүтәжлик болмайды.

Егер күйеўиңниң дыққаты күнделикли асығыўшылықлардың ғамы менен толы болса, егер ол өзиниң келешегин көрмесе, сениң дуўаларың оның көзлерин аспанға көтериўге жәрдем береди. Олар оған келешегиниң Қудайда екенин, ал оның өмири бул-усы келешекке

жол екенин ашады (Коринф 1-х 9:24 — қа қараң). Күйеўиң өмиринде өзиниң басшылығы менен жүрип, ақыбетинде жолдың ақырында сыйсыз қалыўын қәлейсең бе? Яқ, сен оның затларға Қудайдың көзи менен қараўын қәлейсең.

Қудай бизлердиң келешегимизди билгенимизди қәлемейди, бирақ Ол бизлердиң Өзин билиўимизди қәлейди. Ол келешегимизди Өзине исенип тапсырыўымызды қәлейди. Қудайдың қолын көриўимиз ушын бизлер, жаңа адым атпастан алдын Қудайдың барлығын излеўимиз керек. «Қудайды излегенлер ҳәммесин көреди» (Сулайман. нақ. мақ. 28:5 — қа қараң). Оның жуўапларын еситиў ушын бизлер Оған жақын болыўымыз керек. Қудай бизге түсиник береди, соның ушын күйеўиң Оған қараўы ушын ҳәм Оның жуўабын күтиўи ушын дуўа ет, себеби оның келешектеги бахты тек Қудайдан болады.

## *Дуўа*

Қудайым, Сеннен өтинемен: өзиниң неге арналғанын түсиниўи ушын оған (күйеўиңниң аты) жәрдем бер. Сен оған тек жақсылық тилеп, келешек ҳәм үмит бериўиңди көриўи ушын жәрдем бер (Еремия 29:11 — қа қараң). Оған Өзиңниң нийетиңди аш ҳәм даналық, руўхый аян бер. Ол өмиринде Сениң менен бирге жүриўге ылайықлы болып, жақсы ислеринде жақсы жемис алып келсин ҳәм Сени билиўде өссин (Колоса 1:9-10 — қа қараң). Мухаддес Руўх оған жол көрсетсин ҳәм оны түрли гүман ҳәм қорқынышлардан азат етсин. Күнде Сенде беккемленип барыўына, Сенде өзиниң әрманларын ашыўына ҳәм адамлардың қолынан келмейтуғын Қудайдың қолынан келетуғынын билсин (Лука 18:27 — қа қараң). Оған Өзиңниң мақсетлериңди аш ҳәм оның өмири келешекке жол болатуғындай етип жасаўға үйрет.

Өмириниң ақырына дейин ол Саған хызмет етиўи ушын дуўа етемен. Өмириниң мақсетин көриўге жәрдем бер ҳәм келешегине «жаны ушын кемениң көшкиси сыяқлы исенимли ҳәм беккем» үмит бер (Еврей 6:19 — қа қараң). Оған «жүрегиниң қәлеўин» бер (Забур 20:3 — қа көриң) ҳәм «Сениң атыңнан қорқатуғынлар мийрасын» бер (Забур 60:6 — қа көриң). Оны қартайғанда да жақсы жемис алып келиўи ушын үйиңе отырғыз (Забур 91:14-15 — қа қараң). Оның Сениң менен бирлесиўи ушын бул жерди таслап кететуғын ўақты келгенде, оның беккем исеними мәңгилик өмирге өтиўде жеңил ҳәм аўырыўсыз, тынышлық ҳәм қуўаныш пенен болсын. Сол күнге дейин ол Сенде ийе болған бузылмайтуғын келешегин сақлап қалсын.

Сениң дууаңды ҳәрекетке келтириуге жәрдем беретуғын
МУХАДДЕС КИТАПЛЫҚ АЯТЛАР

Себеби, тек Мен сизлерге деген нийетимди билемен,
бул келешек ҳәм үмиттен ибарат болған жақсылық,
ал жаманлық емес, — деди Қудай.

*Еремия 29:11*

Жүреги пәк адамға қара, туўры адамды гүзет. Бундай адамның келешеги жақсы. Бирақ, әдалатсызлар набыт болады, гүнакарлардың урпағы қырып тасланады.

*Забур 36:37-38*

Қудайдың үйинде отырғанлар, Қудайдың үйиниң алдында жайнап-жаснайды. Қудайдың әдиллигин айтады, панам Ол, Онда әдалатсызлық жоқ, дейди.

*Забур 91:14-16*

Қудайдан бир тилегим бар, тек соны излеймен:
Қудайдың үйинде мәңги турайын, Қудайдың жамалын көрип, Оның ибадатханасын зыярат қылайын.

*Забур 26:4*

Сениң келешегиңе үмит бар…

*Еремия 31:17 — қа қараң*